ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASI JOQARI HÁM ORTA ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

ÁJINIYAZ ATINDAǴI NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI

Qol jazba huqıqında

MAKSETOVA AYGUL QUATOVNA

# «BASLAWISH KLASS OQIWSHILARIN ÁDEP-IKRAMLIQQA TÁRBIYALAWDA XALIQ AWIZEKI DÓRETPELERINIŃ TUTQAN ORNI»

Magistr akademiyalıq dárejesin alıw ushın jazılǵan

# DISSERTATSIYA

**5A111701 - «Tálim hám tárbiya teoriyası hám metodikası»**
**(Baslawısh tálim)**

**Ilimiy basshı:** **P.i.d.,doc.________ T.Utebaev**

**Nókis – 2019**

## MAZMUNI


**KIRISIW** ………………………………………………………………… 3

**I-BAP. BACLAWISH KLASS OQIWSHILARIN ÁDEP-IKRAMLIQ JAQTAN TÁRBIYALAWDIŃ PEDAGOGIKALIQ TIYKARI**

§1.1. Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawda xalıq awız-eki dóretpelirin oqıw processinde paydalanıw jolları…………………………………………………………..........................

§1.2. Baslawısh klass oqıwshıların milliy dástúrler, úrp-ádetler tiykarında ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalaw ……….................................

**II-BAP. BASLAWISH KLASS OQIWSHILARIN RUWXIY HÁM ÁDEP-IKRAMLIQ JAQTAN TÁRBIYALAWDA XALIQ ERTEKLERINIŃ HÁM ŃAQIL-MAQALALARDIŃ TÁSIRI**

§2.1. Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawda xalıq erteklerinen paydalanıw …...

§2.2. Baslawısh klass oqıwshılarına naqıl-maqallardıń tálim-tárbiyalıq áhmiEti.

**III-BAP. BASLAWISH KLASS OQIWSHILARIN ÁDEP-IKRAMLIQQA TÁRBIYALAWDA BAQSI-JIRAWLARDAN PAYDALANIW**

§3.1. Baslawısh klass oqıwshılarına baqsılar atqargan qosıqları arqalı ádep-ikramlıqqa tárbiyalaw

§3.2.Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawda jırawlar arqalı tásir jasaw

**JUWMAQLAW**

**PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR DIZIMI**

# KIRISIW

**Dissertatsiya temasınıń aktuallı□ı hám zárúrligi:** Hár qanday milliy dástúr kóp ǵana tariyxıy dáwirler tiykarında qáliplesip, belgili bir xalıqtıń salt-dástúrlerin payda etedi. Dástúr hár xalıqtıń sana-sezimleri hám mádeniyatı menen baylanıslı bolǵanı ushın da bir xalıq penen ekinshi xalıqqa ádewir uqsas, al, geyde pútkilley bir-birine usamaytuǵın ózgesheliklerdi payda etedi. Qaraqalpaqstanda qaraqalpaqlar menen bir qatarda ózbek, qazaq hám turkmenlerdiń aralas jaylasıwına baylanıslı bir-birine uqsap ketetuǵın dástúrler de kóp ushırasadı. Degen menen, xalıqtıń atı - xalıq, hár eldiń ózine tán dástúrleri boladı. Qaraqalpaqlardıń hátte basqa tuwısqan xalıqlarda da ushıraspaytuǵın ayırım dástúrleri bar. Demek, hár qanday dástúrde de hár bir xalıqtıń milliy ózgesheliklериniń negizin quraydı. «Dástúr hár bir xalıqtıń júrip ótken jolı»- deydi Mixluko-Maklay. Adamzat óz tariyxında jaqsı hám jaman hádiyselerdi basınan keshirgen. Sonıń ushın da jaqsı hádiyselerdi basınan keshirgen. Sonıń ushında jaqsı hádiyselerdi ózine dástúr sıpatında qabıl etken. Jaman hádiyselerden qashqan. Máselen, hár bir xalıqtıń ózine qonımlı kiyimlerdi kiyiwi dástúrge aylanǵan. Óli jayǵastırıw, toy baslaw hám basqada ózlerine zárúr bolǵan jıyın, saltanatlardıń rejelerin dúzip shıqqan. Bunday rejeler hár bir xalıqta bar. Lekin bular hár bir xalıqtıń saltına qaray ajıraladı. Sonıń ushın da dástúr adam balası tuwılǵan kúnnen baslanadı.

Qaraqalpaqlardıń dástúrinde jańa tuwılǵan balaǵa besik hám átkónshek sazlanadı. Erte dáwirdegi dástúr boyınsha jańa tuwılǵan balǵa besikti ana (yaǵnıy kelinshektiń tórkini), nárosteniń dayı jurtı alıp keletuǵın bolǵan. Házir bul dástúr tolıq saqlanǵan dep aytıp bolmaydı. Geyde bir tárep, geyde ekinshi tárep tayarlaydı. Náreste tuwılǵannan keyin kindigin kesken adam (kempir yaki kelinshek) kindik sheshe esaplanadı. Burın kindik sheshelerde ádewir húrmetlengen. Qoy, ılaq, kiyim inam etilgen. Sol balaǵa baylanıslı jıyınlarda áke-

sheshesinen keyingi úshinshi orındı iyelegen. Bunnan keyin bala besikke bólenip, shashıw toy berilgen. Besik házir de bar. Biraq onıń ornın ayırım jerlerde kolyaska iyeleydi. Besik-aǵashtan jonıp islenedi, balanı ishine bólep, terbetip uyqlatatuǵın dáske. Onıń úlgileri házir de kóp. Besiktiń bala tárbiyalaw ushın bir neshe paydalı tárepleri bar. Burın qaraqalpaqlar yarım otırıqshı bolǵanı ushın da kóbirek qara úylerde jasaǵan. Qara úy qıs kúnleri suwıq boladı. Sonıń ushın da jas balanı awırıwdan aman alıp qalıw ushın ıssı saqlaw qıyın. Eger besikke bólense bala tońbaydı. Bunnan tısqarı nárestelik gezlerdiń kópshiligi uyqıda ótedi. Besik uyqılaw ushın qolaylı. Ekinshiden, náreste úlken yáki kishi dáretlerge shıǵıw uqıbına iye emes. Tósekke jatqızǵanda pataslap taslaydı. Onı juwaman dep júrgende ayazlatıp alasań. Sonıń ushın besikte qolaylastırǵan túbek penen súmekler bul máselege de járdem beredi. Úshinshiden, besikte jatqan balanıń ayaqları dúziw, tegis bolıp ósedi. Sol jaǵınan qaralǵanda besik náresteler ushın qolaylı. Bala besikke salınǵannan keyin «besik toy» berilgen. Bul «shashıw toy» dep te atalǵan. Bunday toydı hár kim óz halına qarap bergen. Ayrım bay adamlar úlken saltanat qurǵan. Kópshiligi awıldıń bala-shaǵalarına ǵana zıyapat bergen. Bunıń negizi qayaqtan kelip shıqqanlıǵın bilmeydi. Biraq shashıw toydı negizgi awqatı sarı mayǵa uwılǵan maysók bolǵan. Qaraqalpaqlar maysókti ırım sıpatında qollanadı. Jas bala tuwılǵanda, uzaq jarıslarǵa shabatuǵın bedew atlarǵa, palwanlarǵa beriledi. Bul ırımnıń da bir-biri menen baylanısı bar sıyaqlı. Jas balanı da uzaqqa shabatuǵın tulpar sıyaqlı seyislep atırmız dep oylasa kerek.

Bala eki jasqa shıqqanda apıl-tapıl júre baslaydı. Mine usı payıtta balanıń ayaǵın jip penen tusawlap jip penen kesedi. Sóytip: «seniń tusawıń kesildi, endi jıǵılmay júretuǵın bolasań»-degen sózdi aytadı. Usıǵan baylanıslı jas balanı tárbiyalawǵa baǵıshlanǵan basqa da ırımlar bar. Máselen, náreste ushın «iyt kóylekti» kóp jasaǵan kempirlerge tikkiziw, balanıń tusawın shabandoz hám

palwan adamlarǵa kestiriw hám basqa da itibarlı dástúrlerdi atap ótiwge boladı. Eger ayırım sebepler menen balanıń anasınan sút shıqpay qalǵanda júdá itibarlı emiziwli hayallardan ekinshi ana tayınlanǵan. Bul hayal da balanıń ekinshi anası esaplanǵan. Ekinshi ana tek súti ǵana emes, al onıń haslı zatına da ádewir itibar berilgen. Er balalar bes jas penen jeti jas aralıǵında súnnentlengen. Bul saltanatqa arnalıp «súnnet toy» berilgen. Solay etip, dástúrge sadıq bolıw jaslıq tárbiyadan baslanadı. Bul tárbiyalıq dástúr qádeleri bolıp, ol eń dáslep jası úlken adamǵa jas kishi birinshi bolıp sálem beriwden baslanadı. Xalıq arasında jas úlken qolın sozbasa da oǵan qol alıp juwırıw jaǵdayları bar. Biraq bul durıs emes. Jas úlkenge eń birinshi sóz arqalı «Assalawma aleykum»-dep sálem beriwi, jas úlkenniń buǵan juwap qaytarıwı lazım. Eger ol qolın sozǵan jaǵdayda ǵana qolınan alıw kerek. Jas úlken sóz sóylep atırǵanda onıń sózin qaytarıwǵa yáki toqtatıwǵa bolmaydı. Eger onıń sóziniń qáte ekenligine kóziń jetse, sońınan ruxsat sorap tolıqtırıw múmkin. Onıń pikirleriniń hámmesine qosılıw shárt emes. Biraq orınsız onıń zeynine tiyiwge bolmaydı. Alımlar arasında jas úlken hám jas kishiniń talasları bolıwı múmkin. Bul jaǵday ayıpqa sanalmaydı. Geybir jas kishiler bilimine, atasınıń ulamalıq jolına qarap ta jas úlken sıpatında sıylanadı. Tórden orın beriliwi de múmkin. Bul jaǵday úlken ulama adamlardıń perzentleri yáki joqarı mánsaptaǵı jas kishiler de bolıwı múmkin. Ulıwma xalıq jas úlkennen joqarı shıǵıp ketken adamlardı ayıp sanaydı. «Otırar ornıńdı bil»-degen naqıl sonnan qalǵan.

Qaraqalpaq dástúrinde qonaqtı qattı sıylaydı. «Qonaq qudaydan bir jas kishi» - degen sóz sonnan qalǵan. Jeti jasar qonaq kelgende jetpis jasar ǵarrı ornınan turıp sálemlesip, janınan jay beriwi múmkin. İlajı bolsa qonaqtıń qonaq asına mal soyıp aldına bas qoyıw dástúri saqlanǵan. Bas penen jambas sol qutlı qonaqtıń aldına qoyıladı. Qonaq bastan dám tatıp, basqa ózinen úlken adam bolsa soǵan qaytaradı. Geyde jas úlken awız tiygennen keyin qonaqqa beriledi. Bul

jaǵday kelgen qonaq arasındaǵı qarım-qatnaslarǵa baylanıslı. Egerde jas úlken jezdey bolsa oyın-dálkekke alıp, oǵan bas berilmewi de múmkin. Dástúr boyınsha jas úlken jolda kiyatırǵanda onıń aldınan kesip ótiwge bolmaydı. Bul, ásirese, hayal-qızlar ushın úlken ayıp esaplanǵan. Sebebi, jas úlken joldan ótip ketkennen keyin, izinen ótiw kerek. Eger birew menen keyisip qalsań, jas úlken araǵa tússe onıń sózlerine qulaq salıw lazım. Óytkeni, «ǵarrı bilgenin peri bilmes» - dep aytıladı. Olar aqıl-parasat iyeleri bolıp esaplanadı.

Sol tiykarda dástúr rawajlanıp baradı. Lekin dástúrdin eń joqarı túri, aǵayinshilik, quda-qudaǵayshılıq tiykarında payda bolǵan.

A1 aǵayinshilik-uruwshılıq tiykarında kelip shıqqan. Solay bolsa da bul etnografiya ilimi ushın zárúr bolǵan aǵayinlik qarım-qatnas dástúrlerin payda etken. Aǵayinshilik qarım-qatnas bir uruw átirapında bolıp, sońınan qız alısıw, qız berisiw tiykarında basqa urıwlardı da átirapına tartadı. Máselen, xojalıq baslıǵı áke. Onıń ájaǵası bul xojalıqtıń balaları ushın ata, inisi aǵa (ájaǵa), apa-qarındasları apa (ájapa) esaplanadı. Al, sol kisiniń tuńǵısh balası, basqa balaları ushın ájaǵa, yáki tuńǵısh qızı bolsa ajapa-dep aytıladı. Al, onnan keyingi balalar tuńǵısh balaǵa ini, júdá kishkene balalar bolsa úke, qızları qarındas esaplanadı. Úlken qızı ushın kishkene qızları sińlisi hám úkesi bolıp esaplanadı. Eger bul shańaraqqa kelinshek kelip túsken bolsa, kúyewiniń ákesi ata, anası ene - dep ataladı. Al, kúyewdiń inileri mırzaǵa, kishkene, qızlardıń úlkeni apa, kishkeneleri biykesh boladı. Eger bunnan keyingi bala kelinshek alıp kelse, tuńǵısh bala qaynaǵa, onıń hayalı abısın, úlken qız apa bolıp qaladı.

Kelinshek hámme waqıt basqa urıwdan alınadı. Sonıń ushın da jańa túsken kelinshek kelin atanıp, ol ushın sol awıldıń jas úlkenleriniń bári qaynaǵa hayallarınıń bári abısın, jas kishileri qáyin, qızları biykesh esaplanadı. Kelinshekler qaynaǵalarınıń atın ayta almay, bir-birinen ajıratıp aytıwǵa qıynalıp, atı Korazbek

bolsa «tawıq qaynaǵa», Baltabay bolsa «Keskir qaynaǵa» dep at qoyǵan. Al, kúyewdiń ini, qarındasları kóp bolsa «aq jigit», «bek jigit», «appaq», «gúl sheshek», dep áytewir ózinshe at qoyıwǵa májbúr boladı. Máselen, biziń kishem Atash jezdeydiń esigine kelinshek bolıp túskende, qolında kepshigi bolǵanı ushın esikti asha almay:

-Ata, ash! Ata, ash!-dep bir-eki dawıslaǵan eken, bul dawıs Atash bolıp esitilip, jezdem soǵan ádewir qapa bolıp ta júrdi. Soǵan qaraǵanda qaraqalpaqlarda kelinlik dástúrlerge qoyılǵan talaplar da kúshli bolǵan.

Bunnan tısqarı xalıq arasında bir urıw menen ekinshi urıw, yáki bir xalıq penen ekinshi xalıq arasında da aǵayinlik qarım-qatnaslar payda bolǵan. Máselen, bir xalıq penen ekinshi xalıq qız alısqanda da quda-qudaǵay atanǵan. Bunda eki shańaraq baslıǵı quda, úy biykeleri qudaǵay atanǵan, qız alǵan jigit sol qızdı qáwiminiń jas úlkenleri ushın kúyew bala, jas kishileri ushın jezdey esaplanǵan. Al, kúyew tárepi ushın qızdıń qız apaları qudasha, sińlileri baldız-dep atalǵan. Baldızları jezdeleri menen qattı házillesetuǵın bolǵan. Uzatılǵan qızlardan dóregen perzentler sol qızdıń aǵayinleri ushın jiyen, al, ózleri dayı esaplanǵan. Solay etip, qız balalar basqa da qáwim hám xalıqlar arasında tuwısqanshılıqtı payda etken.

Bunnan tısqarı bir adamnıń birneshe qızlarınıń bir neshe urıw hám xalıqlar arasına taralǵan áwladlarınan payda bolǵan áwladlar bóle-dep atalǵan. Aǵayinshilik qarım-qatnaslar dúzgen. Sol ushın da xalıq arasında «tórt ayaqlıda bota tatıw, eki ayaqlıda bóle tatıw»—dep aytılǵan sózler bar.

Qaraqalpaqlardıń bulardan tısqarı oyın-zawıq dástúrleri de bar. Tapqırlıqqa úyretetuǵın «Qus balası», «Hákke qayda?», «Áwelemen-dáwelemen», shaqqanlıq hám epshillikke úyretetuǵın «Qasharman top», «Aq súyek», mergenlikke úyretetuǵın «Asıq-oyın», «Doridiyan», sezgirlikke úyretetuǵın «Soqır teke, baq-

baq!» hám basqa da dástúrli oyınlardıń túrleri gezlesedi. Bular balalardıń epshil, tapqır hám kúshli bolıp ósiwine járdemlesedi.

Bulardan tısqarı qız-jigitlerdi sınaw dásturleri de bar. Jaslardı milliy dásturler tiykarında tárbiyalaw balalıq dáwirlerden baslanadı. Bul baǵdarda qız jeńgeleri menen jigit aǵaları úlken xızmetler atqarǵan. Balalar bes jaslarınan baslap jıyınlarda otırıw, ózin aqıllı hám parasatlı tutıw ónerlerin úyrengen. Bul ushın awıllarda geshtekler (yaǵnıy hár kim tapqanın ortaǵa salatuǵın zıyapat) shólkemlestirilgen. Bunday zıyapatlar tek awqat jew ushın emes, bálki otırıspalarda adamnıń ózin qalay tutatuǵının úyreniw, qızlar menen tanısıp shay ishiw, oyın-zawıqlarda ózin kórsete biliw ushın uyımlastırılǵan. Jeńgeler qızlar ushın qazılıq xızmetin atqarǵan. Olar hár bir qız hám jigittiń júris-turısın, háreketlerin bayqap barǵan.

Qızlardıń, jigitler menen jaqınnan qarım-qatnas jasawları pútkilley qadaǵan etilgen. Jigitler hátte úylengenge shekem qızlardıń qolın uslap kóriw múmkinshnligine iye bolmaǵan. Birin-biri jaqsı kórip qalǵan jaslar tek qız jeńgesi arqalı ǵana bir-biri menen pikir alısıw múmkinshiligine iye bolǵan. Qızlar joldan adasqanda jeńgeyler qatań jazaǵa giriptar bolǵan. Sol ushın da qızlar óz jeńgelerine pútkilley isengen. Olar qaysı jigittiń, qaysı qızǵa múnásip ekenligin de sezgen. Geypara qızlar tuwılǵan kúninen baslap-aq atastırılǵan. Ol qızlardı sol atastırılǵan jigitke sadıq etip tayarlaw jeńgelerdiń, eń baslı maqsetleriniń biri bolǵan.

Qız-jigitler otırıspalarda ózin qalay tutıw, bir-biri menen shay alısıw, juwap aytısıw sırların úyrengen. Otırıspada qızlar hám jigitler bir dizerlep otırıp, otırıspa tarqaǵansha qáddin buzbay otırıw dástúr bolǵan. Otırıw dástúrin buzıwdıń ózi de ayıp sanalǵan. Geyde jeńgeleri qız-jigitlerdi sınaw ushın olar otırǵan kórpesheniń astına qayraq taslaw, tas salıw jaǵdayları da bolǵan. Bul tas, qayraqlar geyde ayaqlarǵa batıp, ádewir shikas keltirgen. Parasatlı jigit-qızlar bunday

sınawlardı da mártlik penen jeńgen. Degen menen bunday zatlar adamlarǵa shikas keltiriw ushın qollanbaǵan. Otırıspadaǵı qız-jigitler bul zatlardı qolına alıp, ılaqtırıp taslaw huqıqına iye bolmasa da, bul jaǵdaydı juwap aytısıw barısında bildiriw dástúr bolǵan. Bul jaǵdaylardı juwap aytıslar tiykarında bildirip, jeńiske erise almaǵanlar ayaǵı awırıp baratırsa da bildirmewge tırısqan.

Adamlar erteden-aq óz-ara qatnasında ádeplilik penen kórkemliliktiń principial birligin xalıqtıń naqıl sózlerine aylandırıp, poeziya hám awız ádebiyatı arqalı urpaqtan-urpaqqa jetkerip otırǵan. Mısalı «Sırtı jıltıraq, ishi qaltıraq» degen sózde tek ǵana sırtqı forması sulıw, biraq bunıń hesh qanday paydası joq, sebebi onıń mánisi joq degendi ańlatadı. Sulıw nárseniń yamasa sırtqı kórinisi sulıw adamnıń bárin gózzal dep ayta almaymız. Óytkeni, gózzallıq degen túsinik óz ishine hám kórkemlilikti hám ádeplilikti, hám bilimlilikti aladı, yaǵnıy insanıy páziyletler yamasa adamzatqa paydası bar, onıń ómirine mazmun baǵıshlaytuǵın sıpatlardıń sulıwlıq penen birlespesi túsiniledi.

Mektep baǵdarlamasında (baslawısh klasslarda) arnawlı estetika páni kiritilmegen. Degen menen estetikalıqqa tárbiyalawdıń bir qansha imkániyatları bar. Máselen, mektepte qosıq sabaǵında muǵallim balaǵa muzıkanı tıńlaw ádebin, qosıqlardan tek ǵana namasna emes, al sózlerine de dıqqat awdarıwdı, muzıka ásbapların shertiwge úyretiw, olarǵa degen qızıǵıwshılıqtı oyatıw arqalı baladaǵı bar bolǵan talanttı rawajlandırıp, onıń keleshekte talantlı, xalıq húrmetine ılayıq bolatuǵın kompozitor, iskusstvo xızmetkeri etip tárbiyalawǵa boladı. Mánili, tárbiyalıq xarakterge iye bolǵan balalar qosıqlarınan «Shójelerim», «Aq qoyan», «Awılım», «Úyregim», «Biziń mektep baǵında» sıyaqlı qosıqlar balada tábiyat gózzalıǵına kóz-qarasın, al «Qaraqalpaǵım», «Anamnıń anası bar», «Meniń elim», «Ana mektebim» sıyaqlı qosıqlar watansúygishilikke tárbiyalap, olardı gózzal qıyallar súriwge úyretedi, balanıń muzıka álemindegi fantazitsiyasın rawajlandıradı.

Súwret sabaǵında tańlap alınǵan tema boyınsha muǵállim balalarǵa belgili bir obiektke qarap yamasa ózleri yadınan súwret salıwdı tapsıradı. Eń jaqsı salınǵan súwretlerdi balalarǵa kórsetip, onı salǵan oqıwshılardı marapatlap,

ruwxıy kóterińkilik payda etedi. Sonıń nátiyjesinde balada súwretlew ónerine bolǵan qızıǵıwshılıq artadı, iskusstvo tarawınıń keńeyiwine úles qosıladı.

Miynet sabaǵın alıp qaraytuǵın bolsaq, muǵallim balalarǵa milliy ónermentshilik, ustashılıq gúlalshılıqlardıń, al qızlarǵa bolsa pishiw-tigiw, hár túrli taǵamlar tayarlawdı úyretip bulardıń sapasına hám sırtqı kórinisine óz fantazitsiyaları, talǵamları arqalı sulıwlıq , bezew beriw sırları menen tanıstırıp baradı. Bunday isler oqıwshılarda miynetke bolǵan intanı, uqıbın, tájiriybesin arttırıp baradı.

Muǵallim óziniń hár bir is-háreketinde balalarǵa órnek kórsetip olardı ruwxıy gózzallıqqa tárbiyalap barıwı kerek. Al ruwxıy gózzallıqtıń tiykarǵı kórsetkishlerine insap, hadallıq, ádillik, iyman, kishipeyillik, sabırlılıq, qanaat, miynetsúygishlik, sadıqlıq sıyaqlı insaniylıq páziyletler kiredi. Bul ruwxıy gózzalıq normaların tárbiyalaw tek arnawlı saatlarda ǵana emes, al mudamı úzliksiz túrde alıp barılıwı kerek bolǵan talaplardıń biri.

Bul talaplardı orınlawdıń tómendegi usılları usınıs etiledi :

– balalarǵa ruwxıy gózzallıq haqqında ápiwayı mısallar menen túsindiriw ;

– balalardıń unamlı hám unamsız háreketlerin óz-ara baqlap, tárbiya saatlarında birgelikte talıqlaw ;

–eń úlgili oqıwshınıń súwretin klass diywalı gazetasına qıstırıp qoyıw ;

– tártibi, oqıwı tómen, qızıǵıwshılıǵı pás balalardıń ata-anaları menen birgelikte is alıp barıw.

Tárbiyanıń bunday ámeliy túrleri balaǵa kúshlirek tásir etedi.

Baslawısh klass balaların jas tamashagóy teatlarına, muzeylerge, tábiyatqa, tariyxıy orınlarǵa sayaxatqa shıǵarıp, soń óz tásirleri jónindi sóylep beriw tapsırıladı. Bunda balanıń til baylıǵınıńjaqsı rawajlanıwına járdem berilgen boladı.

Klasstan tıs sabaqlarında baslawısh klass oqıwshılarına xalıq erteklerinen, ápsanalarınan obrazlı, tásirli sóylep beriw barısında usı ertek, ápsanalardaǵı waqıyalar, qaharmanlar, qubılıslar balalardıń qıyallarında sáwlelenedi, olar gózzallıq álemine sayaxat etedi hám eń tásirli, unamlı ertek qaharmanların ózlerine ideal etip, olarǵa eliklewge urınadı. Jaqsıǵa eliklew de tárbiyalawdıń jaqsı usıllarınan esaplanadı. Mine usınday jollar menen muǵallim balalarǵa estetikalıq

tárbiya beriwdiń dáslepki basqıshların ámelge asırıwına boladı. Bunday tárbiya balanıń dúńya qarasınıń keńeyiwine , unamsız illetlerden, kórimsiz nárselerden júz burıp, gózzallıqtıń dóretiwshisi bolıwǵa tırısıwǵa jeteleydi. Estetikalıq tárbiyanıń gózlegen maqseti de mine usınnan ibarat.

Bunnan basqa, balanı miynetke tárbiyalawda islegen isiniń nátiyjesinen ózi de basqalar da kewili tolıp, zawıq alatuǵınday dárejede orınlawǵa háreket etiwge úyretiw zárúr. Bul bosa, óz gezeginde, balanıń puxta, itibarlı, uqıplı bolıp ósiwine tiykar boladı.

Estetikalıq kategoriyalardıń ishindegi eń bir dıqqatlı bolıwımız kerek bolǵanı–bul estetikalıq talǵam. Ádette adam óz talǵamın unaydı, unamaydı degen sózler arqalı bildiredi. Bala tárbiyasında da unamlı nátiyjelerge erisiw ushın usı táreplerin esapqa alıw kerek boladı.

Baslawısh klass oqıwshılarına jeterli dárejede berilgen estetikalıq tárbiya, erteńgi kúnimizdegi turmıs tarawlarınıń gúllep rawajlanıwına tiykar bola aladı.

Bala tárbiyasında biziń xalqımız ázel-ázelden tábiyat gózzallıqlarınan zawıqlanıp, tábiyattı qorǵap, onıń gúlzarǵa aylanıwına xızmet etip jasawdı úyretip kelgen. Al házirgi ayırım ekologiyalıq mashqalalar payda bolıp atırǵan bir dáwirde balalarǵa ekologiyalıq tárbiya beriw, olardaǵı gózzallıqqa bolǵan umtılıwdı kúsheytip estetikalıq talǵamın bayıtıp baratuǵınlıǵı sózsiz.

Balalar tábiyat gózzallıǵına qaray otırıp oǵan ózinshe baha beredi, al baha beriw bolsa adamnıń estetikalıq talǵamınıń rawajlanǵanlıǵı dárejesine baylanıslı. Sonlıqtan da baslawısh klasslarda gózzallıqtı seziniw qábiletin tárbiyalap barıw júdá úlken áhmiyetke iye. Tábiyattıń kórkemligi tek ǵana kózdi quwandırıp qoymastan, adamǵa estetikalıq zawıq ta baǵıshlaydı. Bul gózzallıq áleminiń adamnıń ruwxıy talapların qanaatlandırıwǵa xızmet etetuǵınlıǵın kórsetedi. Ekologiyalıq tárbiya adamǵa dúńyaǵa kelgen dáwirinen baslap-aq beriledi, biraq mektepke kelgennen soń balanı tek ǵana teoriyalıq jaqtan emes, al ámeliy jaqtan da tárbiyalap, tábiyat gózzallıǵın bayıtıwǵa úles qosıwǵa talpınıwın tárbiyalap barıw maqsetke muwapıq boladı. Estetikalıq sezim, qabıllaw, zawıq adamda

ruwxıy kóterinkilikti payda etedi, al bul bolsa óz gezeginde adamda gózzallıq ólshemlerin keńeytip hám tereńlestirip baradı.

**Izertlewdiń ilimiy hám ámeliy áhmiyeti:** Izertlewdiń ilimiyligi baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawda xalıq awızeki dóretpelerin bilıw arqalı baslawısh klasslarda ótiletu□ın pánlerdiń mazmunın bayıtıwǵa xızmet qıladı.

Izertlewdiń ámeliy áhmiyeti sonda izertlewdiń materialları hám nátiyjeleri tiykarında baslawısh klasslarda ótiletu□ın pánlerdiń mazmunın bayıtıw menen birge jaslardı márt hám watansúyiwshilik ruwxında tárbiyalawǵa járdem beredi.

**Mashqalanı úyreniw darejesi:** Qaraqalpaqstanda eń qádimgi zamanlardan baslap Orta aziya xalıqlarınıń SHı□ıs oyanıw dáwiri mádeniyatı, milliy qádiriyatları hám danıshpanlarımızdıń ilimiy miyrasları, tárbyalıq áhmiyeti sıyaqlı máselelerin belgili alımlarımızdan: J.Bazarbaev, Ó. Álewov, P.Shılmanov, T.Saparbaev, P.Abdimuratov, S.Qazaqbaev h.t.b alımlarımız tárepinen ilimiy jumıslar alip barıl□an.

**Izertlew obiekti:** Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıqqa tárbiyalawda xalıq awızeki dóretpeleriniń úyreniwde Nókis qalalıq xalıq bilimlendiriw mekemeleri xızmetin metodikalıq támiyinlew hám shólkemlestiriw bólimine qaraslı 8-sanlı, 12-sanlı, 47-qánigelistirilgen ulıwma orta bilim beriw mektepleri.

**Izertlew maqseti:** Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıqqa tárbiyalawda xalıq awızeki dóretpelerin úyreniwde jańa pedagogikalıq texnologiyalar arqalı úzliksiz tálim sistemasında paydalanıwdan ibarat.

**Izertlew wazıypaları:**

1.Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawda xalıq awızeki dóretpelerin oqıw protsessinde paydalanıwdı shólkemlestiriwı.

2. Baslawısh klass oqıwshıların milliy dástúrler, úrp-ádetler tiykarında ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalaw□a úyretiw.

3. Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawda xalıq erteklerinen paydalanıwdı jol□a qoyıw.

4. Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıqqa tárbiyalawda baqsı-jırawlardan paydalanıwdı usınıs beriw.

**Izertlew predmeti:** .Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawda  xalıq awızeki dóretpelerin paydalanıwdıń mazmunı, forması, metodları.

**Izertlew usılları:** - Baqlaw, Sa'wbet, Anketa.

Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawda  xalıq awızeki dóretpelerin bilıw protsessleriniń rawajlanıw dárejesin anıqlaw metodları**.**

**Izertlewdiń jańalı□ı:**

1.Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawdıń pedagogikalıq tiykarı anıqlandı.

2. Baslawısh klass oqıwshıların ruwxıy hám ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawda xalıq ertekleriniń hám ńaqıl-мaqalalardıń тásiri anıqlandı.

3. Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıqqa tárbiyalawda baqsı-jırawlardan arqalı paydalanıw didaktik shárt-sháráyatları islep shı□ıldı.

**Magistrlik dissertatsiya jumısınıń dúzilisi:**

Dissertatsiya-  kirisiw, úsh bap, juwmaqlaw, ádebiyatlar dizimi. Ilimiy izertlew mazmunı – 82 bet jazba tekstte bayan etilgen.

## I-BAP. BASLAWISH KLASS OQIWSHILARIN ÁDEP-IKRAMLIQ JAQTAN TÁRBIYALAWDIŃ PEDAGOGIKALIQ TIYKARI

### §1.1. Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawda xalıq awızeki dóretpelerin oqıw processinde paydalanıw jolları.

Elimizdegi óndiristiń barlıq tarawlarında bolıp atırǵan ózgerisler, talas–tartıslar, hár qıylı pikirler mektep turmısında, sonıń ishinde jaslardı tárbiyalaw jumısında da óz tásirin tiygizbekte.

Házirgi waqıtta mektebimizdiń aldında jaslardı hár tárepleme rawajlandırıw wazıypası tur. Bul talaptı tabıslı iske asırıwda xalıq pedagogikasınıń tutqan ornı girewli. Biziń xalqımız óz ómirinde «úlgili ul, qırmızı qız» ósirgen xalıqpız. Xalqımızdıń óz aldına tarıyxı, mádeniyatı, úrp–ádeti, salt–sanası, qaytalanbaytuǵın milliy dástúri bar. Umıtılıp ketip baratırǵan, biraq tárbiya jumıslarında teńi–tayı joq qaraqlapaq xalıq milliy dástúrlerin biziń jas áwladımızdıń sanasına jetkeriw, mektepte tálim–tárbiya jumısların shólkemlestiriwde sheshiwshi orındı iyelew lazım, yaǵnıy qaraqalpaq xalıq pedagogikasınıń eń jaqsı milliy dástúri mektep turmısınan keń orın alıwı tiyis.

Qaysı xalıq bolmasın, ol óziniń áwladlarınna óz boyındaǵı barlıq eń jaqsı qásiyetlerin tárbiya processleri arqalı jetkiziwge umtıladı, «Óz eliniń milliyligin, kózdiń qarashıǵınday saqlawdı jaslar bilimli, ónerli, mádeniyatlı er júrek adamzat bolıp jetisse eken dep árman etedi».

Jaslardı milliy dástúrler hám úrp – ádetler tiykarında tárbiyalawda, bunda xalqımızdıń miyrim shápáátliligi, keńpeyilligi, sózge berikligi tuwralı aytılıp, usı qásiyetlerdi balalardıń boyına sińdiriw, úlkendi sıylaw, kishkenelerge ǵamxorlıq,

ádep–ikramlılıqtı joqarı kóteriw, qásterlew usaǵan úrp–ádet qaǵıydaların úyreniw kerek.

Jaslardı xalıqtıń milliy salt–dástúri tiykarında tárbiyalawda, bunda oqıwshılarǵa milliy salt–dástúrler tuwralı tolıq túsinik beriledi. Onıń tárbiyalıq áhmiyeti keńnen kórsetiledi. Usı arqalı tárbiya jumıslarınıń aldında turǵan wazıpaların iske asırıwda kózde tutıladı. Bul maqsetti iske asırıw ushın oqıwshılar menen «Óz xalqımızdıń milliy dástúrlerin bileseń be?», «Besik jırı» – bala tárbiyasınıń dáslepki basqıshı» degen temalardı pikir alısıwlar ámeliy jumıslar ótkeriwge boladı.

Qaraqlapaq xalıq milliy dástúrleri menen oqıwshılardı tanıstırıw maqsetinde bala baqshalarda, mekteplerde, tariyxıy etnografiyalıq muzeyler shólkemlestirilse eksponotları tálim–tárbiya jumıslarında orınlı paydalansa, bul úlken jumıs bolar edi.

Dástúrler, úrp – ádetler, salt–sáneler, jámiyettegi sotsiallıq qatnasıqlardıń túrlerin, mádeniyattıń dárejesin kórsetiwi menen birge tárbiyanıń tiykarǵı quralların adamlardı jámiyetlik qadaǵalawdıń hám biriktiriwdiń áhmiyetli formasın kórsetedi.

Dástúr degenimiz – latınsha «jetkeriw» degendi ańlatıp áwladtan–áwladqa jetkeriletuǵın hám tariyxıy tiykarda qáliplesetuǵın úrp–ádet, ulıwmalıq, tártip, ádep–ikramlıq belgisi bolıp esaplanadı.

Jaqsı dástúr ómir jarasıǵı hám sonıń menen birge ulıwma adamzat mádeniyatına hár bir xalıqtıń qosatuǵın úlesinde bolıp tabıladı.

Tariyxtıń hár bir jańa basqıshında jámiyetlik qatnasıqlar, tek saqlanıp ǵana qalmastan, ózgerip jańalanıp ta turadı.

Solay etip, dástúrler arqalı qayta óndiriw payda boladı, eski qatnasıqlardan házirgi hám keleshektegi qatnasıqlar payda bola baslaydı. Usınıń nátiyjesinde hár bir jańa áwlad ótken ásirlerdiń miyrasınan tásir alıp ótkendegige boysınıwǵa májbúr boladı.

Xalqımız hámme waqıt jámiyettegi hám jeke turmıstaǵı áhmiyetli waqıyalardıń saltanatlı túrde belgilewdi úrdis etip, ásirler dawamında óz dástúrlerin, úrp–ádetlerin qáliplestiredi hám onı jámiyetlik turmıs eleginen ótkizedi.

Dástúrler xalıqtıń psixikalıq ózgesheligin mádeniy rawajlanıwın dárejesin kórsetiw arqalı olardı basqa xalıqlardan ayırıp turatuǵın belgilerdiń de túri bolıp esaplanadı. Balalardı qaraqalpaq mádeniyatı menen tanıstırıp, xalqımızdıń milliy dástúrleri, úrp–ádetleri hám oyın zawıqlarında úyretip barǵanımızda maqul boladı.

Ǵárezsizlik bizdi óz ǵárezsizligimizge itibarlı qarawǵa baǵdarlanadı, ol arqalı xalqımızdıń tariyxın qayta úyrenip, ózimizge qaytadan sińdiriw kerekligin túsinip jettik. Ásirler boyına xalqımızdıń tariyxında qáliplesken bayramlar, Oraza, Hayt, Qurban – hayt, Nawrız usaǵan bayramlar jaramsız din menen baylanısqan (insandı din menen baylanısqan) insandı diniy tárbiyalawshı bayramlar dep sanalǵan bul merekelerdi xalqımız bayramlawǵa huqıqlı boldı. Qaraqalpaq xalıq milliy dástúrleri áwladtan–áwladqa jetkeriletuǵın hám tariyxıy tiykarda qáliplesetuǵın úrp–ádet ulıwmalıq tártip hám ádep–ikramlılıq norması bolıp esaplanadı. Sonlıqtan qaraqlapaqlarda: «Ata salǵan jol bar», «Ene pishken ton bar» degen naqıl – maqalda jas áwladlardıń ata–anadan miyras etip alıwınıń óz dástúrlik ekenligin kórsetedi. Usınday dástúrler, bayramlar sol jasap atırǵan ortalıqtaǵı adamlardıń awızbirshiligin, jaslardıń doslıǵın arttıradı, jaslar arasında bir–birine degen sıylasıq, saqıylılıq páziyletlerin payda etedi.

Bir tuwısqan xalıqlar qaraqlapaqlar, ózbekler, turkmenler, qazaqlar hám taǵı basqalar ózleriniń áyyemnen kiyatırǵan miyman doslıǵı menen jas úlkenlerge izzet– húrmeti menen kózge túsken.

Bul shıǵıs xalıqları tuwralı Ózbekistan Respublikasınıń birinshi prizedenti I.A.Karimovtıń mına sózleri mısal bola aladı: «Ózbekstan Shıǵıs mádeniyatınıń eń jaqsı dástúrler jolınan barıp, miyman doslıq hám tatıwshılıq esigin keń ashtı,

quwǵınǵa ushıraǵanlar, watannan juda bolǵanlar urıs hám quwdalawdıń qurbanları hár dayım Ózbekistanda baspana taptı, xalqımızdıń mehribanlıǵınan minnetdar boldı».

Hár bir xalıqtıń ózine tán qáliplesken ádep–ikramlılıq normaları bolıp, ol barlıq minnetlerge tuwrı kele bermeydi. Hár bir milliy dástúrler hár qıylı soqpaqlar arqalı bir arnaǵa baǵdaralanadı. Ol adamgershilik, insanıylıq haqqındaǵı baǵdar.

Biz balalardı tárbiyalawda Qaraqlapaq xalıq milliy dástúrleriniń áhmiyeti oǵada ullı ekenligin bilemiz. Balalarǵa tárbiya jumısı protsessinde xalıq awızeki dóretpelerinen, oyın–zawıq qosıqları, xalıqtıń naqıl–maqalları, Besik jırları, jańıltpashları, ayrım dástanlardan úzindiler, salt–dástúrler jańıltpashlar, jumbaqlar, ertekler, aytıslar qollınıladı. Usıllardı úyretiw nátiyjesinde balalarda awızeki xalıq shıǵarmalarına qızıǵıwshılıq payda boladı. Besik jırın úyrengende xalıq namasına salıp atqarǵanı maqul boladı. Máselen :

Háyiw–háyiw appaǵım– aw,
Aq besikte jat bópem–aw,
Apań toydan kelgenshe,
Jılamay sen jat balam–aw,
Qaraǵım men jasında
Jasıldan qalpaq basında,
Áshekóyli aq ataw,
Aǵasınan qasında.

Bunnan balalarǵa besik jırınıń mánisi hám atqaratuǵın xızmeti málim boladı. Bul arqalı tárbiyashı Qaraqalpaq tiliniń ózine tán gózallıqlarına balalardıń háwesin oyatıw menen birge, hár xalıqtıń tek ózine tán tákrarlanbas besik jırlarınıń bar ekenligin aytıp beriw kerek. Balalar besik jırlarınıń hámme xalıqlarda da kishkene jańa tuwılǵan saǵıy nárestelerge arnalatuǵın, olardı uyıqlatıw aldarqatıp,

tınıshlandırıw yamasa olarǵa jaqsı payızlı jaǵday tuwdırıw ushın aytılatuǵınlıǵın bilip aladı.

Balalarǵa arnalǵan awızeki xalıq dóretpeleriniń biybaha bir bólegin jumbaqlar qurap, olar balalardıń tilin ósiriwin keńeytiw, milliy til sheberligin artırıw isinde teńi–tayı joq xızmet atqaradı.

Házirgi waqıtta balalarǵa kóbinese házirgi zaman shayırlarınıń jumbaqlarınan paydalanadı. Biraq biziń tájiriybemizdiń kórsetiwinshe olarǵa xalıq jumbaqları anaǵurlım tásirlirek bolıp kelip, olardı balalar ańsat yadlap aladı. Sebebi, olar ózine tán belgitsin uyqasımlı sózler menen anıq etip júpkerlep táriypleydi.

Tájiriybeniń kórsetiwinshe balalardıń jumbaqlardı qıynalmay ańsat sheshe alatuǵınlıǵına erisiw ushın jumbaqlardı olarǵa tómendegi temalarda bolıp aytısıwǵa jaǵday dúzip bergen maqul:

«Úy haywanları hám jabayı haywanlar», «Quslar», «Miyweler», «Máwsim», «Tábiyat qubılısları», «Adam» hám basqalar.

Balalardıń tildi úyreniwge degen qızıǵıwshılıǵın arttırıwǵa jumbaqlardıń járdemi kóp. Jumbaq aytısıwǵa qatnasıp jeńip shıǵıw ushın bala jan táni menen sheshimi qıyın taza jumbaqlar izleydi. Ol jası úlkenlerden járdem soraydı, onda izleniw qábiletligi qáliplese baslaydı. Balalardı hár bir sózdi shaqmaqtıń tasınday etip anıq hám shaqqan ayta biliwge úyretiwde jańıltpashlar úlken rol atqaradı. Jańıltpash aytıwǵa úyretkende balalardıń dáslep hár bir sózdi salmaqlap, asıqpay, albıramay aytıp tillerin shınıqtırıp alǵannan keyin áste shaqqan aytıwǵa ótiwge itibar beriledi.

Balalar jańıltpashlardı úlken qızıǵıwshılıq penen úyrenedi. Sebebi olar balalar ushın aytıwǵa júdá qolaylı hám qızıqlı. Biraq, onı úyreniw ushın waqıt hám shıdamlılıq kerek. Sebebi, ol tez aytıladı, ol aytqanda da bir sózdi de qaldırıp qoymay anıq, shaqqan aytıw kerek.

Xalıq awızeki dóretpelerinen biri –ertekler. Ol insandı óz kúshine iseniwge óziniń hal–jaǵdayın durıs túsiniwge óz huqıqları menen minnetlerin tán ala biliwge úyretedi.

Ertektiń mazmunın balalarǵa jaqsı túsinikli, kewillerine qońımlı bolıw ushın haywanatlardıń súwretleriniń hár qıylı seriyaların izbe–iz kórsetiw, sonıń menen epizodqa baylanıslı tekst sózlerin bólip – bólip tákirarlap shıǵıw kerek.

Milliylikti qayta tiklewge baylanıslı «Nawrız» bayramı ótkeriledi. Bul bayramlar balalarda milliy dástúrlerge degen qızıǵıwshılıqtı oyatadı.

Mine usınday milliy bayramlarǵa tayarlıq kóriwdiń barısında balalar qaraqlapaqtıń milliy taǵamlarınıń túrlerin hám kempir apalarımızdıń sandıqlarınıń túbinde jatqan yamasa tek ǵana muzeylerde saqlanıp qalǵan Qaraqlapaq milliy kiyimlerin óz kózleri menen kórip, olardıń atların bilip aladı.

Bunday sháwketli bayram saltanatları barısında balalar keste, óńir monshaq, háykel, ataw shash bawshuları sıyaqlı qaraqlapaq milliy kórkemleri óneri úlgileri menen jaqınnan tanısıp olardıń atların, atqaratuǵın xızmetlerin bilip alıp ózleriniń sóz baylıǵın arttıradı. Jas óspirimlerimizdiń sútten taza pák júreklerinde olardıń atqarıw sheberligin qolı gúl Qaraqlapaq ustalarına, zergerlerine, tiginshililerine degen sheksiz muhabbat sezimin oyatadı.

Qaraqalpaq xalqınıń milliy úrp–ádetleri hám dástúrleri, doslıq tuwısqanlıq qarım–qatnasların bekkemleydi. Bunday qatnaslardı payda etiwden dáslep milliyliktiń roli kúshli.

Jaslardıń milliy dástúrge ıqtıyatlıq penen, yaǵnıy onı túsiniwi hám dástúrdi buzıp adamlardıń kewline tiyip almawı aytarlıqtay qádir qımbatlılıqqa iye bolıp, onday jaslardı «Kórgenli» dep bahalap, al dástúrge sıymaytuǵın islerdi islegen adamlardı «Kórgensiz» – dep esaplap topar gruppanıń pikirinshe awır ayıptı taǵadı.

Aytayıq milliy dástúrler adamlardıń keyiplerin kóteredi, quwınıshın asıradı, jekke adamdı jámiyetke, birlespelerge tartadı. Adamlardıń jámiyettegi óz–ara qatnasıqlarınıń xarakterine, dárejesine tásir jasap, ondaǵa sotciallıq, psixologiyalıq halattı jaqsılawǵa múmkinshilik beredi.

Xalqımız hámme waqıt jámiyettegi hám jeke turmıstaǵı áhmiyetli waqıyalardı saltanatlı túrde belgilewdi úrdis etip ásirler dawamında óz dástúrlerin qáliplestirdi. Bul dástúr salt–sanalar, úrp–ádetler óz náwbetinde ol adamlardıń dúńyaǵa kóz– qaraslarına, ádep–ikramlılıqqa, sıpatlarına tásir etip otıradı.

Dástúrsiz jasaw – bul adamdı ádep–ikramlılıq mádeniyatlılıq normalarınan shetletiwge alıp keledi,  hár bir xalıqtıń, millettin ruwxıy baylıǵı bolǵan dástúrlerge, úrip–ádetlerge bolǵan  kóz qarastı taǵı da rawajlandırıw olardı úgit–násiyatlarǵa iykemlestiriw adamlar arasında úlken ózgerisler eńgiziw búgingi kúnniń sheshiwshi máseleleri bolıp tabıladı. Tariyx ilimleriniń kandidatı Sh.Miralimovtıń «Jaqsı dástúr–tárbiyalaw quralı» degen maqalasınıń temasınan belgili tárbiyalıq xarakterde jazılǵan avtor óz maqalasında bayramnıń qayta tikleniwin házirgi jaǵdayda diniy emes, al adamlardıń dóretiwshilik miynetine baylanıslı ótiwin, adamlardıń yáki bolmasa gazeta oqıwshılardı túsindiriwge urınadı.

Sonday–aq bayramlawda jas áwladtı tárbiyalaw kóz– qarasların xalıq tvochrestvosınan tárbiyalaw  úlgiler tiykarında  qáliplestirip qaraw júdá áhmiyetli ekenligin  hám bul jaǵdaydı barlıq waqıtta  jámiyettiń sapalı hám belsendi dóretiwshiliklerin tárbiyalawǵa járdem beretuǵın eń jaqsı dástúrler qatarında esapqa alıw kerek.

Jaslar «Nawrız» bayramınan jaqsı  tárbiya aladı, hár jılı qaytalanıp, jańarıp baradı, adamnıń ruwxıy ósiw processin jedellestiredi.

Avtordıń tárbiyalıq xarakterde jazǵan bul maqalası jaslardı milliy dástúrler arqalı da tárbiyalawǵa baǵdar alıw kerek degen pikirleri bir qansha tásir etedi.

Álbette, tárbiya bul jaslar ushın eń zárúr, al olarǵa ruwxıy dúńya, ruwxıy sezim hawa menen suwday zárúr.

Usınday pikir júrite otırıp Ózbekstan Respublikasınıń birinshi prizedenti I.A.Karimovtıń aytqanınday : «Ruwxıy dúńyanı bekkemlew ushın miynet hám qarjını alıw óz keleshegine balta urıw degen sóz» – dep keltirip ótedi. Rasında da ruwxıy dúńya ushın bir nárseni de ayamawımız kerek. Sonıń ushın da tap sonday etip qarawımız kerek.

Olardı mádeniy hám milliy miyrasımızdı bayıtıwǵa tárbiyalaw kerek.

Oraza zayıtı keń tarqalǵan dástúr bolıp esaplanadı, sebebi bul dástúr adamlardı óz–ara sıylasıq, doslıq, jámleskenlik, miyrimlilik, ǵarrılarǵa úlken itibarda bolıwǵa da shaqıradı, sebebi úlken apaylar yamasa atalarımız oraza tutıwın yáki bolmasa olarǵa awız ashar beretuǵınıń óz kózlerimiz benen kórip júrmiz. Biraq, bul waqıyalar ne ushın bunday ekenligin túsinbeytuǵın edik.

Al, ilimniń rawajlanıwı elimizdiń ǵáresizlik bolǵanınan keyingi izertlenip otırǵan bunday dástúrler jaslar ushın sabaq boladı. Pedagogika ilimleriniń kandidatı Perdebay Shılmanovtıń «Milliy oyınlarımızdı umıtpayıq» atlıq maqalası Qaraqalpaq xalıq milliy dástúrlerinde, milliy úrp – ádetlerinde, toy–merekelerinde seyil etip júriw, hár qıylı oyınlar oynaw tárbiyalıq áhmiyetke iye ekenligi aytıladı.

Qaraqalpaq xalqında xalıq seyili, toy merekelerdi jaqsı kórip, qızıǵıp oynaytuǵın oyınlarınan «Ilaq oyını», «Alaman báygi oyını», «Uzaq aralıqqa atlardı jarıstırıw», «Jorǵa jarıs», «Jayaw jarıs», «Sarı jay atısıw» qaraqlapaqsha belbew bayla bellesiw gúresiw».

«Gúmis alıw», «Jerdegi bahalı zattı attıń ústinde jawıp kiyatırıp e ńkeyip alıw», «At ústinde tartısıw», «Kesek ılaqtırıp jarısıw» sıyaqlı tolıp atırǵan .

Oyınlardı atap ótip tiykarınan at ústinde júrip oynaytuǵın oyınlarǵa kóbirek toqtaldı. Máselen, «Báygi», «Jorǵa jarıs», «Seyil jarısı», «Kók par ılaq» oyını usaǵan milliy oyınlardıń oynawı tártibin hám oynalıwın kórsetip bergen.

## §1.2. Baslawısh klass oqıwshıların milliy dástúrler, úrp-ádetler tiykarında ádep-ikramlılıq jaqtan tárbiyalaw.

Jámiyettiń rawajlanıw barısında xalıqtıń kóp ásirlik baylıǵı bolǵan úrp-ádet, dástúrler, diniy, ilimiy kóz-qaraslardıń tiykarında qáliplesip, tárbiyanıń qudiretli quralına aylandı. Xalıqtıń diniy tárbiyalıq dástúrleri erte dáwirden-aq adamlardıń sanasına, turmısına hám minez-qulqına kúshli tásir etip, turmısta úlken orın iyeleydi. Mısalı, barlıq dinlerde perzent tuwılǵanda onı quday tala óz ırısqı nesiybesi menen jaratatuǵınlıǵı aytıladı hám qanday da iláhida kúsh bar ekenligi, adam onıń aldında ázziligi, insannıń eki iyninde eki perishte bolıp, biri jaqsılıǵıńdı, ekinshisi jaman tárepińdi jazıp otıratuǵınlıǵı hám basqa da isenim, túsinikler áwladtan-áwladqa ótip hár qıylı dástúrlerdi payda etken. Haqıyqatında da adam ushın isenimniń zárúrligi ilimde, dinde de maqullanadı. Isenim insanǵa úlken kúsh-quwat, dóretiwshilik ruwx baǵıshlap keleshekke keń jol ashadı. Sonlıqtan adamzat tarıyxında kóp nárseler bolıp olardıń geyparaları jámiyetlik turmıstan belgili waqıt ishinde joǵalıp ketse de, isenim insan menen barqulla birge jasawı uqıbı iyelegen. Danıshpan babalarımız benen aqıllı analarımız ómir boyı ózleriniń kórgen, bilgenlerin perzentleriniń qálbine sińdiriwge, xalqınıń úrip-ádetlerin qásterlep, bularǵa ul-qızların sadıq hám qıraǵı bolıwga úyretip otıradı. Bul jaslardı jası úlkenge xızmet etiw, jası úlkennen pátiya alıw qusaǵan húrmet-izzet, sıylasıq, joqarı adamgershilik qásiyetlerdi payda etip olardı dástúrge aylandırıp otırǵan.

«Jawın menen jer kógerer, pátiya menen el kógerer»- dep ata-babalarımızdıń aytqanınday, pátiya beriw hadal niyet, jaqsı tilek bildiriw dásturi. Dasturxan basında, hár turli jıyın, toy merekelerimizde h.t.b. adam ómirinde ushırasatın quwanıshlı kúnlerimizde qol jayıp pátiya beriledi. Pátiyalar (alǵıslar) poeziya túrinde kóbirek ushırasadı. Sonday-aq, uyqaslı proza túrinde de keń taralǵan. Onıń avtorı hár bir pátiya beriwshi adam bola aladı. Sonday-aq alıs jolǵa

saparǵa shıqqanda haq jol tilep pátiya beredi. Pátiyanı kópti kórgen jası úlken atalarımız, analarımız, awıl aqsaqalları, elimizge -xalqımızǵa miyneti sińgen, jolı úlken aǵalarımız beredi.

Pátiya berip atırǵanda jıynalǵanlar eki qoldı jayıp, ishinen «Áwmiyn!», - dep aytıp, tınıshlıqtı saqlap, bir-biri menen sóylespey, ırjańlap kúlmey, basqa da qolaysız islerdi islemew kerek.

«Duwa» sózi arabsha «soraw», «tilew», «jalbarınıw» degendi ańlatadı, yaǵnıy adam duwa oqıw menen joqarı kúshten ózi ushın yamasa basqalar ushın tilek tileydi.

Entsiklopediyalıq sózlerge qaraǵanda, pátiya sózi de arabsha bolıp, «ashıw», «baslaw» degen mánislerge iye. Bul Quranı kárimniń birinshi súresiniń atı. Onda pátiya súresi jeti ayattan turıp, musılmanlar duwa oqıǵanda onıń tekstlerinen keń paydalanadı. Pátiyanı tar mánisinde alıp qaraǵanımızda, ol belgili bir ayattı, «duwa»-tilekti, al, keń mánisinde bolsa ekewi de biri biriniń ornına júrip, hár túrli jaǵıdaylarda qollanıladı.

Sonıń ushın adamlar arasında «pátiya-duwa oqıtıp» degen ekewin birdey qollanılǵan sózler yamasa qosıq qatarları ushırasıp turadı.

Qaraqalpaq tiliniń túsindirme sózliginde «duwa» jaqsılıq tilep bergen pátiya. «Duwa» qaraqalapqlar arasında «duwalaw», «duwaxanlıq» qa paydalanatuǵın qural ǵana emes, al «alǵıs tilek». Sonıń menen qatar, duwa jol kórsetiw retinde, eki jastı bir-birine qosıwda kelisim hám shártlerdiń móri retinde paydalanıladı.

Pátiya qısılǵanda-quwat, qıynalǵanda-mádet berip, hár bir is-háreketimizge keń jol ashıp bále-qaterden asıraydı dep esaplaǵan. Pátiyanıń kóplegen túrleri bar besikke salıw, tusaw keser, qız uzatıw, dasturxanǵa pátiya h.t.b. túrleri kóp.

Besikke salıw pátiyası. Besikke aq jawlıqlı analarımız besikke bóbekti salıp, talaplı, arlı, bilimli, ilimli bolsın degen jaqsı niyet penen pátiya, tilegin aytadı. Mısalı,

Úkili bol, úkili bol,
Úy kúshiktey uyqılı bol,
Túlendey súykimli bol,
Túlkishektey kúlkili bol.

Tusaw keser pátiyası. Bóbektiń tusaw keser pátiyasında til alǵısh, tárbiyalı, kóregenli, adamlarǵa tusawın kestirip, aq jol tilep, qábiletli bolsın degen tilekler aytıladı. Mısalı,

Tawday biyik bol,
Tawshanday júyrik bol,
Áwmiyn, Allahıw ákibar!
Alla alqasın, alqasın,
Alǵı qademin alqasın,
Ala jibi kesilsin,
Ayaqbawı sheshilsin,
Ayaǵı dıynaq bolsın,
Adımı shıyraq bolsın,
Qádemleri oń bolsın,
Qayda júrse jol bolsın,
Áwmiyn, Allahıw ákibar!
Bir úydiń balası bolma,
Kóp úydiń sanası bol!
Bir eldiń atası bolma,
Kóp eldiń danası bol!
Bir tonnıń jaǵası bolma,
Kóp qoldıń aǵası bol!

Áwmiyn, Allahıw ákibar!

Qız uzatıw pátiyası. Qız uzatıw pátiyasın uzatılıp atırǵan qızdıń ákesi qızına aqıl sózin, wásiyatın aytıp jası úlkendi jas kishini sıylawdı, húrmetlew tuwralı aytıladı. Mısalı,

Basıń aman bolsın,
Baq qaraǵan zaman bolsın,
Áwliyeler qorǵasın,
Árwaqlar qollasın,
Elińe elewli bol,
Xalqıńa qálewli bol,
Jaqsını jaqlaǵaysań,
Sırlastı saqlaǵaysań,
Barǵan jerińe sıy bolıp,
Tastay batıp, suwday sińip,
Atańnıń aq pátiyasın,
Anańnıń aq sútin aqlaǵaysań,
Áwmiyn, Allahıw ákibar!
Er adamınıń aldınan kesip ótpe,
Óz bilgeniń menen ketpe,
Ata-eneńdi sıy bil,
Kúyewińdi pir bil,
Kópshilikke keń bol,
Eki jaqqa teń bol,
Baba saltıńdı umıtpa,
Tuwǵan xalqıńdı umıtpa,
Aǵayinge qayrımlı bol,
Aǵa inige miyrimli bol,
Sırlasqa quwanıshlı bol,

Muńlasqa jubanısh bol,
Úlkenge húrmette bol,
Kishige izzette bol,
Ata atandırma,
SúEk sındırma,
Alla jolıńdı ońlasın,
Biybi Patpa qollasın,
Áwmiyn, Allahıw ákibar!

Dasturxan pátiyası. Dasturxan pátiyası pátiya beriwshi, óziniń dasturxanǵa degen ırzashılıǵın, asqa degen tilegin bildiredi. Mısalǵa,

Á, izzeti abıray,
Abıraydan ayırmaǵay,
Áwmiyn, Allahıw ákibar.
Altı arıstıń asın bersin,
Adam atanıń jasın bersin,
Abı-áwladıń ósip-ónsin,
Alla tilegińdi bersin,
Áwmiyn, Allahıw ákibar.
Dástúrxanıń mol bolsın,
Abrayıń zor bolsın,
Mártebeń asa bersin,
Dáwletiń tasa bersin,
Alla ırazı qılsın,
Eldiń sını eriwlik,
Erdiń sını eriwlik,
Eriwlik bola bersin,
El-jurt tola bersin,
Úyińizge baǵ qarap,
Qıdır ata qona bersin,

Áwmiyn, Allahıw ákibar.

Pátiya –kewildiń kózin ashatuǵın, ata-babadan dawam etip kiyatırǵan gawhar tas. «Jaqsı sóz-yarım ırıs» degen xalıq danalıǵınan tálim alǵan babalar miyrası. İnsandı ruwxlandıratuǵın iymanlılıq násiyatı. Sebebi, pátiyanıń bası-duwa, átirapı-ibrat, tiykarı–tilek, qálbi-tárbiya, negizi-isenim. Al isenim bolsa hesh qashan insandı jamanlıqqa jetelemeydi. Pátiya insanǵa ruwxıy kúsh, úmit berip ómirin uzaytadı. Pátiyalar ómirge paydalı hám tárbiyalıq táreplerinen kúndelikli turmısımızda jaman is háreketlerden saqlandırıp, jaqsı islerge, haq jol, sátli sapar tileytin wásiyat sóz esaplanadı.

Elimizdegi óndiristiń barlıq tarawlarında bolıp atırǵan ózgerisler, talas–tartıslar, hár qıylı pikirler mektep turmısında, sonıń ishinde jaslardı tárbiyalaw jumısında da óz tásirin tiygizbekte.

Házirgi waqıtta mektebimizdin aldında jaslardı hár tárepleme rawajlandırıw wazıypası tur. Bul talaptı tabıslı iske asırıwda xalıq pedagogikasınıń tutqan ornı girewli. Biziń xalqımız óz ómirinde «úlgili ul, qırmızı qız» ósirgen xalıqpız. Xalqımızdıń óz aldına tarıyxı, mádeniyatı, úrp–ádeti, salt–sanası, qaytalanbaytuǵın milliy dástúri bar. Umıtılıp ketip baratırǵan, biraq tárbiya jumıslarında teńi–tayı joq qaraqlapaq xalıq milliy dástúrlerin biziń jas áwladımızdıń sanasına jetkeriw, mektepte tálim–tárbiya jumısların shólkemlestiriwde sheshiwshi orındı iyelew lazım, yaǵnıy qaraqalpaq xalıq pedagogikasınıń eń jaqsı milliy dástúri mektep turmısınan keń orın alıwı tiyis.

Qaysı xalıq bolmasın, ol óziniń áwladlarına óz boyındaǵı barlıq eń jaqsı qásiyetlerin tárbiya processleri arqalı jetkiziwge umtıladı, «Óz eliniń milliyligin, kózdiń qarashıǵınday saqlawdı jaslar bilimli, ónerli, mádeniyatlı er júrek adamzat bolıp jetisse eken dep árman etedi».

Jaslardı milliy dástúrler hám úrp – ádetler tiykarında tárbiyalawda, bunda xalqımızdıń miyrim shápáátliligi, keńpeyilligi, sózge berikligi tuwralı aytılıp, usı qásiyetlerdi balalardıń boyına sińdiriw, úlkendi sıylaw, kishkenelerge ǵamxorlıq,

ádep–ikramlılıqtı joqarı kóteriw, qásterlew usaǵan úrp–ádet qaǵıydaların úyreniw kerek.

Jaslardı xalıqtıń milliy salt–dástúri tiykarında tárbiyalawda, bunda oqıwshılarǵa milliy salt–dástúrler tuwralı tolıq túsinik beriledi. Onıń tárbiyalıq áhmiyeti keńnen kórsetiledi. Usı arqalı tárbiya jumıslarınıń aldında turǵan wazıpaların iske asırıwda kózde tutıladı. Bul maqsetti iske asırıw ushın oqıwshılar menen «Óz xalqımızdıń milliy dástúrlerin bilesen be?», «Besik jırı» – bala tárbiyasınıń dáslepki basqıshı» degen temalardı pikir alısıwlar ámeliy jumıslar ótkeriwge boladı.

Qaraqlapaq xalıq milliy dástúrleri menen oqıwshılardı tanıstırıw maqsetinde bala baqshalarda, mekteplerde, tariyxıy etnografiyalıq muzeyler shólkemlestirilse eksponotları tálim–tárbiya jumıslarında orınlı paydalansa, bul úlken jumıs bolar edi.

Dástúrler, úrp – ádetler, salt–sáneler, jámiyettegi sociallıq qatnasıqlardıń túrlerin, mádeniyattıń dárejesin kórsetiwi menen birge tárbiyanıń tiykarǵı quralların adamlardı jámiyetlik qadaǵalawdıń hám biriktiriwdiń áhmiyetli formasın kórsetedi.

Dástúr degenimiz – latınsha jetkeriw degendi ańlatıp áwladtan–áwladqa jetkeriletuǵın hám tariyxıy tiykarda qáliplesetuǵın úrip–ádet, ulıwmalıq, tártip, ádep–ikramlıq belgisi bolıp esaplanadı.

Jaqsı dástúr ómir jarasıǵı hám sonıń menen birge ulıwma adamzat mádeniyatına hár bir xalıqtıń qosatuǵın úlesinde bolıp tabıladı.

Tariyxtıń hár bir jańa basqıshında jámiyetlik qatnasıqlar, tek saqlanıp ǵana qalmastan, ózgerip jańalanıp ta turadı.

Solay etip, dástúrler arqalı qayta óndiriw payda boladı, eski qatnasıqlardan házirgi hám keleshektegi qatnasıqlar payda bola baslaydı. Usınıń nátiyjesinde hár bir jańa áwlad ótken ásirlerdiń miyrasınan tásir alıp ótkendegige boysınıwǵa májbúr boladı.

Xalqımız hámme waqıt jámiyettegi hám jeke turmıstaǵı áhmiyetli waqıyalardıń saltanatlı túrde belgilewdi úrdis etip, ásirler dawamında óz dástúrlerin, úrp–ádetlerin qáliplestiredi hám onı jámiyetlik turmıs eleginen ótkizedi.

Dástúrler xalıqtıń psixikalıq ózgesheligin mádeniy rawajlanıwın dárejesin kórsetiw arqalı olardı basqa xalıqlardan ayırıp turatuǵın belgilerdiń de túri bolıp esaplanadı. Balalardı qaraqalpaq mádeniyatı menen tanıstırıp, xalqımızdıń milliy dástúrleri, úrip–ádetleri hám oyın zawıqlarında úyretip barǵanımızda maqul boladı.

Ǵárezsizlik bizdi óz ǵárezsizligimizge itibarlı qarawǵa baǵdarlanadı, ol arqalı xalqımızdıń tariyxın qayta úyrenip, ózimizge qaytadan sińdiriw kerekligin túsinip jettik. Ásirler boyına xalqımızdıń tariyxında qáliplesken bayramlar. Oraza, Hayt, Qurban – hayt, Nawrız usaǵan bayramlar jaramsız din menen baylanısqan (insandı din menen baylanısqan) insandı diniy tárbiyalawshı bayramlar dep sanalǵan bul merekelerdi xalqımız bayramlawǵa huqıqlı boldı. Qaraqalpaq xalıq milliy dástúrleri áwladtan–áwladqa jetkeriletuǵın hám tariyxıy tiykarda qáliplesetuǵın úrp–ádet ulıwmalıq tártip hám ádep–ikramlılıq norması bolıp esaplanadı. Sonlıqtan qaraqlapaqlarda: «Ata salǵan jol bar», «Ene pishken ton bar» degen naqıl – maqalda jas áwladlardıń ata–anadan miyras etip alıwınıń óz dástúrlik ekenligin kórsetedi. Usınday dástúrler, bayramlar sol jasap atırǵan ortalıqtaǵı adamlardıń awız birshiligin, jaslardıń doslıǵın arttıradı, jaslar arasında bir–birine degen sıylasıq, saqıylılıq páziyletlerin payda etedi.

Bir tuwısqan xalıqlar qaraqlapaqlar, ózbekler, turkmenler, qazaqlar hám taǵı basqalar ózleriniń áyyeminen kiyatırǵan miyman doslıǵı menen jas úlkenlerge izzet– húrmeti menen kózge túsken.

Bul shıǵıs xalıqları tuwralı Ózbekistan Respublikasınıń birinshi prizedenti I.A.Karimovtıń mına sózleri mısal bola aladı: «Ózbekstan Shıǵıs mádeniyatınıń eń

jaqsı dástúrler jolınan barıp, miyman doslıq hám tatıwshılıq esigin keń ashtı, quwǵınǵa ushıraǵanlar, watannan juda bolǵanlar urıs hám quwdalawdıń qurbanları hár dayım Ózbekistanda baspana taptı, xalqımızdıń mehribanlıǵınan minnetdar boldı».

Hár bir xalıqtıń ózine tán qáliplesken ádep–ikramlılıq normaları bolıp, ol barlıq minnetlerge tuwrı kele bermeydi. Hár bir milliy dástúrler hár qıylı soqpaqlar arqalı bir arnaǵa baǵdaralanadı. Ol adamgershilik, insanıylıq haqqındaǵı baǵdar.

Biz balalardı tárbiyalawda Qaraqlapaq xalıq milliy dástúrleriniń áhmiyeti oǵada ullı ekenligi bilemiz. Balalarǵa tárbiya jumısı protsessinde xalıq awızeki dóretpelerinen, oyın–zawıq qosıqları, xalıqtıń naqıl–maqalları, Besik jırları, jańıltpashları, ayrım dástanlardan úzindiler, salt–dástúrler jańıltpashlar, jumbaqlar, ertekler, aytıslar qollınıladı. Usıllardı úyretiw nátiyjesinde balalarda awızeki xalıq shıǵarmalarına qızıǵıwshılıq payda boladı. Besik jırın úyrengende xalıq namasına salıp atqarǵanı maqul boladı. Máselen :

Háyiw–háyiw appaǵım– aw,
Aq besikte jat bópem–aw,
Apan toydan kelgenshe,
Jılamay sen jat balam–aw,
Qaraǵım men jasında
Jasıldan qalpaq basında,
Áshekóyli aq ataw,
Aǵasınıń qasında.

Bunnan balalarǵa besik jırınıń mánisi hám atqaratuǵın xızmeti málim boladı. Bul arqalı tárbiyashı Qaraqalpaq tiliniń ózine tán gózallıqlarına balalardıń háwesin oyatıw menen birge, hár xalıqtıń tek ózine tán tákirarlanbas besik jırlarınıń bar ekenligin aytıp beriw kerek. Balalar besik jırlarınıń hámme xalıqlarda da kishkene jańa tuwılǵan saǵıy nárestelerge arnalatuǵın, olardı

uyıqlatıw aldarqatıp, tınıshlandırıw yamasa olarǵa jaqsı payızlı jaǵday tuwdırıw ushın aytılatuǵınlıǵın bilip aladı.

Balalarǵa arnalǵan awızeki xalıq dóretpeleriniń biybaha bir bólegin jumbaqlar qurap, olar balalardıń tilin ósiriwin keńeytiw, milliy til sheberligin artırıw isinde teńi–tayı joq xızmet atqaradı.

Házirgi waqıtta balalarǵa kóbinese házirgi zaman shayırlarınıń jumbaqlarınan paydalanadı. Biraq biziń tájiriybemizdiń kórsetiwinshe olarǵa xalıq jumbaqları anaǵurlım tásirlirek bolıp kelip, olardı balalar ańsat yadlap aladı. Sebebi, olar ózine tán belgisin uyqasımlı sózler menen anıq etip júpkerlep táriypleydi.

Tájiriybeniń kórsetiwinshe balalardıń jumbaqlardı qıynalmay ańsat sheshe alatuǵınlıǵına erisiw ushın jumbaqlardı olarǵa tómendegi temalarda bolıp aytısıwǵa jaǵday dúzip bergen maqul :

«Úy haywanları hám jabayı haywanlar», «Quslar», «Miyweler», «Máwsim», «Tábiyat qubılısları», «Adam» hám basqalar.

Balalardıń tildi úyreniwge degen qızıǵıwshılıǵın arttırıwǵa jumbaqlardıń járdemi kóp. Jumbaq aytısıwǵa qatnasıp jeńip shıǵıw ushın bala ján táni menen sheshimi qıyın taza jumbaqlar izleydi. Ol jası úlkenlerden járdem soraydı, onda izleniw qábiletligi qáliplese baslaydı. Balalardı hár bir sózdi shaqmaqtıń tasınday etip anıq hám shaqqan ayta biliwge úyretiwde jańıltpashlar úlken rol` atqaradı. Jańıltpash aytıwǵa úyretkende balalardıń dáslep hár bir sózdi salmaqlap, asıqpay, albıramay aytıp tillerin shınıqtırıp alǵannan keyin áste shaqqan aytıwǵa ótiwge itibar beriledi.

Balalar jańıltpashlardı úlken qızıǵıwshılıq penen úyrenedi. Sebebi olar balalar ushın aytıwǵa júdá qolaylı hám qızıqlı. Biraq, onı úyreniw ushın waqıt hám shıdamlılıq kerek. Sebebi, ol tez aytıladı, ol aytqanda da bir sózdi de qaldırıp qoymay anıq, shaqqan aytıw kerek.

Xalıq awızeki dóretpelerinen biri –ertekler. Ol insandı óz kúshine iseniwge óziniń hal–jaǵdayın durıs túsiniwge óz huqıqları menen minnetlerin tán ala biliwge úyretedi.

Ertektiń mazmunın balalarǵa jaqsı túsinikli, kewillerine qonımlı bolıw ushın haywanatlardıń súwretleriniń hár qıylı seriyaların izbe–iz kórsetiw, sonıń menen epizodqa baylanıslı tekst sózlerin bolıp – bolıp tákirarlap shıǵıw kerek.

Milliylikti qayta tiklewge baylanıslı «Nawrız» bayramı ótkeriledi. Bul bayramlar balalarda milliy dástúrlerge degen qızıǵıwshılıqtı oyatadı.

Mine usınday milliy bayramlarǵa tayarlıq kóriwdiń barısında balalar qaraqlapaqtıń milliy taǵamlarınıń túrlerin hám kempir apalarımızdıń sandıqlarınıń túbinde jatqan yamasa tek ǵana muzeylerde saqlanıp qalǵan Qaraqlapaq milliy kiyimlerin óz kózleri menen kórip, olardıń atların bilip aladı.

Bunday sháwketli bayram saltanatları barısında balalar keste, óńir monshaq, háykel, ataw shash bawshuları sıyaqlı qaraqlapaq milliy kórkemleri óneri úlgileri menen jaqınnan tanısıp olardıń atların, atqaratuǵın xızmetlerin bilip alıp ózleriniń sóz baylıǵın arttıradı. Jas óspirimlerimizdiń sutten taza pák júrenklerinde olardıń atqarıw sheberligin qolı gúl Qaraqlapaq ustalarına, zergerlerine, tiginshililerine degen sheksiz muhabbat sezimin oyatadı.

Qaraqalpaq xalqınıń milliy úrip–ádetleri hám dástúrleri, doslıq tuwısqanlıq qarım–qatnasların bekkemleydi. Bunday qatnaslardı payda etiwden dáslep milliyliktiń roli kúshli.

Jaslardıń milliy dástúrge ıqtıyatlıq penen, yaǵnıy onı túsiniwi hám dástúrdi buzıp adamlardıń kewline tiyip almawı aytarlıqtay qádir qımbatlılıqqa iye bolıp, onday jaslardı «Kórgenli» dep bahalap, al dástúrge sıymaytuǵın islerdi islegen adamlardı «Kórgensiz» – dep esaplap topar gruppanıń pikirinshe awır ayıptı taǵadı.

Aytayıq milliy dástúrler adamlardıń keyiplerin kóteredi, quwanıshın asıradı, jeke adamdı jámiyetke, birlespelerge tartadı. Adamlardıń jámiyettegi óz–ara qatnasıqlarınıń xarakterine, dárejesine tásir jasap, ondaǵa sociallıq, psixologiyalıq halattı jaqsılawǵa múmkinshilik beredi.

Xalqımız hámme waqıt jámiyettegi hám jeke turmıstaǵı áhmiEtli waqıyalardı saltanatlı túrde belgilewdi úrdis etip ásirler dawamında óz dástúrlerin qáliplestirdi. Bul dástúr salt–sanalar, úrip–ádetler óz náwbetinde ol adamlardıń dúńyaǵa kóz– qaraslarına, ádep–ikramlılıqqa, sıpatlarına tásir etip otıradı.

Dástúrsiz jasaw – bul adamdı ádep–ikramlılıq mádeniyatlılıq normalarınan shetletiwge alıp keledi, hár bir xalıqtıń, millettin ruwxıy baylıǵı bolǵan dástúrlerge, úrp–ádetlerge bolǵan kóz qarastı taǵıda rawajlandırıw olardı úgit–násiyatlarǵa iykemlestiriw adamlar arasında úlken ózgerisler eńgiziw búgingi kúnniń sheshiwshi máseleleri bolıp tabıladı. Tariyx ilimleriniń kandidatı Sh.Miralimovtıń «Jaqsı dástúr–tárbiyalaw quralı» degen maqalasınıń temasınan belgili tárbiyalıq xarakterde jazılǵan avtor óz maqalasında bayramnıń qayta tikleniwin házirgi jaǵdayda diniy emes, al adamlardıń dóretiwshilik miynetine baylanıslı ótiwin, adamlardıń yaki bolmasa gazeta oqıwshılardı túsindiriwge urınadı.

Sonday–aq bayramlawda jas áwladtı tárbiyalaw kóz– qarasların xalıq tvochrestvosınan tárbiyalaw úlgiler tiykarında qáliplestirip qaraw júdá áhmiyetli ekenligin hám bul jaǵdaydı barlıq waqıtta jámiyettiń sapalı hám belsendi dóretiwshiliklerin tárbiyalawǵa járdem beretuǵın eń jaqsı dástúrler qatarında esapqa alıw kerek.

Jaslar «Nawrız» baryamınan jaqsı tárbiya aladı, hár jılı qaytalanıp, jańarıp baradı, adamnıń ruwxıy ósiw protsessin jedellestiredi.

Avtordıń tárbiyalıq xarakterde jazǵan bul maqalası jaslardı milliy dástúrler arqalıda tárbiyalawǵa baǵdar alıw kerek degen pikirleri bir qansha tásir etedi.

Álbette, tárbiya bul jaslar ushın eń zárúr, al olarǵa ruwxıy dúńya, ruwxıy sezim hawa menen suwday zárúr.

Usınday pikir júrite otırıp Ózbekstan Respublikasını birinshi prizedenti İ.A.Karimovtıń aytqanınday : «Ruwxıy dúńyanı bekkemlew ushın miynet hám qarjını alıw óz keleshegine balta urıw degen sóz» – dep keltirip ótedi. Rasında da ruwxıy dúnya ushın bir nársenide ayamawımız kerek. Sonıń ushın da tap sonday etip qarawımız kerek.

Olardı mádeniy hám milliy miyrasımızdı bayıtıwǵa tárbiyalaw kerek.

Oraza zayıtı keń tarqalǵan dástúr bolıp esaplanadı, sebebi bul dástúr adamlardı óz–ara sıylasıq, doslıq, jámleskenlik, miyrimlilik, ǵarrılarǵa úlken itibarda bolıwǵa da shaqıradı, sebebi úlken apaylar yamasa atalarımız oraza tutıwın yáki bolmasa olarǵa awız ashar beretuǵınıń óz kózlerimiz benen kórip júrmiz. Biraq, bul waqıyalar ne ushın bunday ekenligin túsinbeytuǵın edik.

Al, ilimniń rawajlanıwı elimizdiń ǵáresizlik bolǵanınan keyingi izertlenip otırǵan bunday dástúrler jaslar ushın sabaq boladı. Pedagogika ilimleriniń kandidatı Perdebay Shılmanovtıń «Milliy oyınlarımızdı umıtpayıq» atlıq maqalası Qaraqalpaq xalıq milliy dástúrlerinde, milliy úrp – ádetlerinde, toy–merekelerinde seyil etip júriw, hár qıylı oyınlar oynaw tárbiyalıq áhmiyetke iye ekenligi aytıladı.

Qaraqalpaq xalqında xalıq seyili, toy merekelerdi jaqsı kórip, qızıǵıp oynaytuǵın oyınlarınan

«Ilaq oyını», «Alaman báygi oyını», «Uzaq aralıqqa atlardı jarıstırıw», «Jorǵa jarıs», «Jayaw jarıs», «Sarı jay atısıw» qaraqlapaqsha belbew bayla bellesiw gúresiw».

«Gúmis alıw», «Jerdegi bahalı zattı attıń ústinde jawıp kiyatırıp eńkeyip alıw», «At ústinde tartısıw», «Kesek ılaqtırıp jarısıw» sıyaqlı tolıp atırǵan .

Oyınlardı atap otip tiykarınan at ústinde júrip oynaytuǵın oyınlarǵa kóbirek toqtaldı. Máselen, «Báygi», «Jorǵa jarıs», «Seyil jarısı», «Kók par ılaq» oyını usaǵan milliy oyınlardıń oynawı tártibin hám oynalıwın kórsetip bergen.

Biz kúndelik turmısımızda óz-ara múnásibetlerimiz protsessine kóp itibar bere bermeymiz. Eger orınsız qılǵan qılıqlarımız hám gáplerimizge qanday da bir adam kritikalıq pikir bildirse: «ne bolıptı», «qapa bolsa bolar», «Gápim jaqpasa esitpey-aq qoysın» h.t.b. gápler menen ózimizdiń qopal qatnasımızdı, biyádepliligimizdi aqlamaqshı bolamız. Haslında bul ulıwma ruwxiyatımızdıń bir bólegi bolǵan qatnas dárejesineń pásligi. Biz tek ǵana ózimizdi oylaymız da, dógeregimizdegi adamlardıń keypiyatı menen esaplaspaymız. Kópshilik jaǵdaylarda «Áne ol adamnıń qatnasınıń shiyrinligin kór», «Ádepli adam eken», Kórgenli adam eken, sózleriniń mazmunına qara» h.t.b. maqtawlı gáplerdi kóp esitkenbiz. Endi ózińiz oylap kóriń, arqańızdan sonday maqtaw gáplerin esitkenińiz jaqsı ma yáki «Bunsha qopal adam eken», Júdá biyádep adam eken-adam bolmay qaldı qurısın» hám usıǵan uqsas ashshı gápler esitkenińiz jaqsı ma?.

Ǵáresizlikke erisip aqıl hám ádeplilik máselelerine birinshi dárejeli áhmiyet beriwimiz, ǵáresizlikti bekkemlew wazıypaları, tárbiya tarawında salamat áwlad, ruwxıy jetilisken insan, kámil insan sıyaqlı túsiniklerge tallaw beriwdi, olardıń áhmiyetin ashıp beriwdi talap etpekte. Joqarıda aytqanımızday, olar áhmiyeti jaǵınan birdey túsinikke iye. İnsandı tuwrılıqqa, hadalıqqa, páklikke, miynet súygishlikke, watanparwarlıq hám insanparwalıqqa, joqarı ádeplilikke jollaw bul túsiniklerdiń áhmiyeti hám mazmunın quraydı.

Házirgi kúnde bul máselelerge birinshi dárejeli áhmiyet beriwimizdiń mánisi sol, iyman hám ádeplilik pazıyletleri ruwxiyatı kúshli, milliy juwapkershilik tuyǵısı qálbinde tereń tamır urǵan, ruwxıy jetilisken puxaralarǵa iye mámleket ǵana ǵárezsiz hám hár tárepleme rawajalana aladı. Ullı keleshek ruwxıy jetilisken insanlarǵa tayanǵanda ǵana jaratıladı, qád kóteredi. Basqasha aytqanda, aqıllı hám

ádepli insanlar ǵana ullı keleshekti jarata aladı. Sonıń ushın ádebi jaqsı insandı, salamat áwladtı tárbiyalaw júdá áhmiEtli másele. Bul máselede jurtbasshımızdıń tómendegi sabaǵı ibaratlı: Biz salamat áwladtı  tárbiyalap kamalǵa jetkeriwimiz kerek. Salamat adam degende tek ǵana fizikalıq salamatlıqtı emes, bálki shıǵıs xalıqlarına tán ádep-ikramlılıq ideyaları ruwxında kámal tapqan insandı túsinemiz. Bul pikirlerden kórnip turǵanınday shıǵıs xalıqlarına tán ádep-ikramlılıq ideyalar sanasına sińdirip alǵan adam ruwxıy jetilisken insan esaplanadı.

Ruwxıy jetiliskenlik insannıń dúńyaqarası, ruwxiyatı, minez qulqı normaları, ádeplilikke baylanıslılıǵı menen ajıralıp turadı. Ruwxıy jetilisken adamlar xalıq taǵdiri hám párawanlıǵı, watan táǵdiri hám onıń jetilisiwin oylaydı.

Hár qanday dáwirdiń ózine tán tálim tárbiya formaları hám mazmunı boladı. Dáwir ótiwi menen olar ózgerip baradı. Bul tábiyiy hal.

Jámiyet rawajlanıwınıń málim bir tariyxıy basqıshında tálim tárbiya arnawlı mákemelerde alıp barılmaǵan. Bul process shańaraqta miynette, kóshe hám sotsial turmıstıń basqa da orınlarında úzliksiz alıp barılǵan. Bul dáwirde tálim tárbiya menen derlik barlıq er jetken adamlar shuǵıllanǵan. Bul usıllar tábiyiy ráwishte adamnıń insanıy ózgesheliliklerinen kelip shıǵıp qáliplesken jáne de tiykarınan insanıy hám málim dárejede, demokratiyalıq bolǵan. Tariyxıy dáreklerge qaraǵanda, bul dáwirde social tıs hádiyseler-urlıq, adam óltiriw, jalǵan sóylew, aldaw, jánjel qılıw, sózden qaytıw hám basqa da unamsız háreketler kem ushıraǵan. Sebebi hámme birdey qadaǵalawda bolǵan.

Jámiyet rawajlanıwınıń málim bir tariyxıy basqıshında miynettiń bólistiriliwi tereńlese barıp, tálim tárbiya ózgeshe kásip sıpatında basqa jumıs tarawlarınan ajıralıp shıqtı. Tálim-tárbiya isi menen usı kásipti iyelegen adamlar ǵana shuǵıllana basladı. Tálim tárbiya processi xalıq qadaǵalawınan óte basladı. Júdá oraylasqan adminstrativ-buyrıqpazlıq sharayatında bolsa bul processti tezlestiriw

hám bayıtıw bayraǵı astında bir qatar aǵartıwshılıq metod usıllar buzıldı, tálim-tárbiya beriwdiń unamsız túrleri payda boldı.

Tálim sistemasındaǵı bul qátelikler nátiyjesinde tálim-tárbiya mashqalası payda boldı. Jaqın ótmishtiń aǵartıwshılıq tarawındaǵı qátelerin dúzetiw bolsa biziń juwapkershiligimizge tústi.

Solardan kelip shıǵıp, ǵáresiz mámlektimizdiń keleshektegi aǵartıwshılıǵınıń forma hám mazmunın ilimiy tiykarlap beriwge háreket ettik. Onıń qanshelli turmıs ekenligin tájriybe hám ámeliyat anıqlap berdi.

Tálim-tárbiya beriwdiń jańa formasın analiz qılıw processinde onı oqıw mákemelerinde alıp barıw tártibin saqlap qalıw, forma hám mazmunın zaman hám mákan, yaǵnıy millet rawajlanıwı basqıshınıń ıqtıyajına juwap beretuǵın halǵa keltiriw maqset etip qoyıladı.

Ózbekstannıń búgingi kúndegi tálim-tárbiyaǵa bolǵan sotsial buyırtpası tómendegishe: insandı unamlı pazıyletlerdi qáliplestiriw, bazar ekonomikasın tereń bilgen adamlardı tárbiyalaw. Onnan tısqarı, Ózbekstan jáhándegi rawajlanǵan mámleketler qatarınan orın alıwı ushın xalıq jańa tarmaqlı kompyuter sawatına iye bolıwı hám shet tillerdiń keminde birewin tereń biliwi shárt.

# II-BAP. BACLAWISH KLASS OQIWSHILARIN RUWXIY HÁM ÁDEP-IKRAMLIQ JAQTAN TÁRBIYALAWDA XALIQ ERTEKLERINEN HÁM JIRAWLARDAN PAYDALANIW

## §2.1. Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlılıq jaqtan tárbiyalawda xalıq erteklerinen paydalanıw

Ruwxiyat insan hám jámiyet mádeniyatınıń tiykarı, olar turmısınıń málim baǵdarınıń bas wazıypası esaplanadı. Social ekonomikalıq turmıs sistemasınıń

qáliplesiwinde, ózgeriwinde ruwxiyat kúshli tásir kórsetedi. Eger ruwxiyat rawaj tawıp, bayıp barsa, álbette, jámiyet jetilise beredi, áksinshe ol ázzilenip barsa, onday jaǵıdayda jámiyet kriziske ushraydı. Solay eken, ruwxiyatsız ullı mámleket qurıp bolmaydı. Sonıń ushın ǵáresizlik jıllarında ruwxıylıq máselelerine ruwxıy jetiskenlik, kámil insanlar tárbiyası máselelerine ayrıqsha itibar berilmekte.

Ruwxiyat millet jetilsiwiniń tiykarǵı quralı hám fundamenti bolıp xızmet etedi hám ol qúdretli mámleket ullı social ekonomikalıq reformalar negizinde payda boladı. Hár bir shaxstıń hám pútin millettiń kamolatı arqalı demokratiyalıq huqıqıy mámleket qurıladı hám rawaj tabadı.

Álbette, hár bir xalıqtıń óz ruwxiyatı bar, demek ol milliy hádiyse kórnisine de iye. Elimiz ǵárezsizligi jılları milliy ruwxiyat mámleket áhmiyetindegi máselege aylandı. Jańalanıw hám ruwxiyat bir-birine sheńberles baylanıslı túsinikler bolıp qaldı.

Jámiyette joqarı ruwxıy pazıyletlerdi qáliplestiriw, jaslardı bay mádeniy, ruwxıy miyrasımız, tariyxıy dástúrlerimizge, ulıwma insanıy qádriyatlarǵa húrmet, watanǵa muhabbat jańalanıw ideyalarına sadıqlıq ruwxında tárbiyalaw búgingi kúnde respublikamızda ámelge asırılıp atırǵan barlıq reformalardıń sheshiwshi quralı esaplanadı.

«Jáne bir aktual wazıypa-ósip kiyatırǵan áwladqa, onıń ruwxıy tárbiyasına úlken juwapkershilik sezimi menen jantasıw máselesi. Aqırı jaslar xalıq ruwxıyatınıń hám ónimi, hám keleshegi», dep atap ótedi Ózbekistan Respublikasınıń birinshi Prezident Islam Karimov.

Jaslarımız sanasına ana-Watanǵa, ullı ájdadlarımız miyrasına hám xalqımızdıń búgingi misli kórinbegen arxitekturalıq islerine joqarı húrmet tuyǵıların sińdiriw, olardı ullı dástúrlerimizge, joqarı ruwxıy qádiriyatlarımızǵa sadıqlıq hám jarqın keleshek iyeleri ekenliklerine úlken isenim ruwxında tárbiyalaw júdá áhmiyetli hám quramalı másele bolıp qalmaqta.

Bul máseleni sheshiw júzesinen Respublikamızda ádewir jumıslar islenbekte hám isleniwi kózde tutılmaqta. Sol nárseni atap ótiw kerek, milliy ruwxıy túsinigin tar mánide túsinbew kerek. Bizińshe, onıń tiykarları sıpatında: ulıwma insanıy qádiriyatlar, ullı ájdadlarımız jaratqan bay mádeniy miyraslar, Qaraqalpaq milliy dástúrleri hám úrp-ádetleri túsiniliwi lazım. Álbette, áne usı tiykarlardıń tıǵız birligi milliy ruwxıy miyras túsinigi áhmiyetin kórsetip beredi.

Jaslardı milliy ruwxıy miyraslarǵa sadıqlıq ruwxında tárbiyalawda eń dáslep ata hám analardıń ornı júdá úlken áhmiyetke iye. Ózbekstan Respublikasınıń birinshi prezidentı Islam Karamovtıń : «Ruwxiyat insanǵa ana súti, ata úlgisi, ájdadlar úgiti menen birge sińedi»,- degenindey, milliy tuyǵı insan ushın tábiyiy esaplanadı, sebebi ol ata-analardan miyras etip alınǵan hám bala óz ata-anasına, pútkil dúńyaǵa aytqan birinshi sózinde kórsetedi. Álbette, óz xalqına, onıń dástúrlerine, tili hám mádeniyatına muhabbat hám húrmetti tárbiyalamastan turıp, óz xalqın milletlerdiń pútkil jáhán jámiyetshiligindegi teńlerden biri sıpatında biliwshi haqıyqıy insandı, óz Watanınıń jan kúyerin tárbiyalaw múmkin emes.

Sonıń ushın bul máselede ata-analardıń ulıwma shańaraqtıń tutqan ornı júdá ullı. Sonday-aq bul processti ámelge asırıwda máhálleniń ornı girewli. Máhálle aqsaqalları jaslardı óz milliy dástúrlerine, úrp-ádetlerine sadıq bolıp jasawǵa, óz xalqın milletin hám Watanın súyiwge iytermeleydi.

Jaslardı milliy ruwxıy miyraslar tiykarında milletparvar, xalıqpárwár, Watanparwár hám jańalanıw ideyalarına sadıqlıq ruwxında tárbiyalawda barlıq oqıw orınları áhmiyetli rol oynaydı.

Ózbekstan Respublikasınıń birinshi Prezident Islam Karimov atap ótkenindey: Haqıyqattan da, Ózbekstannıń kúsh qúdireti tiykarı-xalqımızdıń ulıwma insanıylıq qádiriyatlarǵa sadıqlıǵı, ullı ájdadlarımızdan áwladlarǵa ótip atırǵan ruwxıy miyrasınıń kúshliliginde, puqaralarımızdıń el-jurtqa, ana jerge pitpes-tawsılmas mehrinde, milliy maqtanıshımızda (I.Karimov «Istiqlol va mánaviyat» T. «Ózbekiston» 1999-j 28-bet).

Ózbekstan Respublikasınıń birinshi Prezidenti I.Karimov haqlı ráwishte atap ótkenindey, tárbiya tarawı reforması búgingi eń aktual, erteńgi táǵdirimizdi sheshiwshi mashqalaǵa aylanbaqta. («Barkamol avlod-Ózbekiston taraqqiyotining poydevori» T. 1997-j 3-bet ). Haqıyqattan da sonday Biz tariyxta misli kórinbegen jańa jámiEttiń fundament tasın qoyıw biziń juwapkershiligimizge túsken eken onı orınlaw juwapkershiligin durıs tańlaw, hújdan hámiri menen orınlaw júdá bir quramalı hám sharapatlı parız. Intelligenciya bul parızdı qanshalıq hadallıq penen orınlasa ǵárezsizlik imaratınıń fundamenti sonshelli quwatlı boladı.

Tárbiya ásirese, kámil insan tárbiyası búginimiz ushın ǵana emes, bálki keleshegimizdiń de áhmiyetli isi. Házirgi jas áwlad dúrıs tárbiya kórse, ǵárezsizlik keleshegin dúrıs túsinse sóz joq, erisilgen tabıslar keleshekte óz nátiyjesin beredi.

Pikirimizshe, insandı kámillikke jeteklewshi psixologiyalıq sıpatlardıń fundamenti shańaraqtan baslanadı.

Balanı kámillikke jeteklewshi bas tárbiyashı ata bolıp, oǵan tán bolǵan barlıq insanıy páziyletler perzent fiziologiyasına jám bolıp bara beredi.

Tómende balanı kámil insan etip jetilistiriwshi tiykarǵı mákan shańaraq ortalıǵı hám tárbiyasınıń bazı bir tárepleri haqqında ayrım pikirlerdi bayan etemiz.

Hár bir shańaraq onda dúńyaǵa kelgen hám ósip atırǵan hár bir balaǵa ayrıqsha itibar menen múnásibette bolıwı dárkar. Ata-ananıń óz perzentiniń ishki dunyásına kirip barıwı, háreketleriniń sebeplerin túsiniwi, qızıǵıwı, xarakter ózgesheliklerin tereń ańlawı zárúr. Búnın úshın bala mudamı ata-anasınıń gúzetiwinde bolmaǵı lazım. Bala háreketin gúzetiw onıń kewline jol bolıp esaplanadı.

Musılman shańaraǵına tán tárbiyalıq ilajlardıń áhmiyeti sonda, bul shańaraqlardaǵı tárbiyalıq ilajlardıń hámmesi úzliksiz, dawamıylıǵı menen bala sanasına tez jetedi, onıń aqıl-ádebi, ruwxıy dúńyasın ózgertiredi.

Bul jaǵınan hár bir musılman shańaraǵı ózine tán tárbiyalıq usıl hám qurallar menen ózgeshe álem sıpatında kórinedi. Qaysı shańaraqta ata-ana ruwxıy bay, joqarı ádepli, mádeniyatlı bolsa, sol shańaraqta tárbiyalıq ilajlar jaqsı nátiyje beredi. Jáne bir ózgesheligi sonda, shańaraq aǵzalarınıń turmıs tájriybesi, mádeniy dárejesi qansha bay bolsa tárbiyalıq isler dárejesi sonsha joqarı boladı.

Qaraqalpaq awızeki xalıq dóretiwshiligi bay ǵáziyneleriniń ishindegi epikalıq janrlarınıń bir bólegin ertekler quraydı. Ertekler jer sharındaǵı qaysı xalıqtıń bolsa da awız ádebiyatınan belgili orındı iyeleydi. Ertekler bir ǵana dáwirdiń jemisi bolıp qalmastan, ásirler boyı xalıqtıń turmısı menen birge jasap, xalıq awzında úzliksiz aytılıp, birewden-birewge, atadan balaǵa ótiw menen biziń zamanımız□a kelip jetken xalıq dóretpesi.

Erteklerde adamlardıń dúńya tanıw kóz qarasları, isenimleri, mifleri, tirishilik etiwdiń hár qıylı formaları, qıyalları menen oyları, qullası adam ómirinde ushırasatuǵın hádiyseler sáwlelenip otıradı.

Erteklerdi aytıwshılar da hám onı tıńlawshıları da xalıq. Erteklerdegi ólim menen ómir arasındaǵı talas-tartıs, ómirdiń ólimdi moyınlamawı, hár qanday tábiyat hám tábiyattan tıs kúshlerdiń adam ómirine qanshelli qatallıǵın moyınlatqısı kelse de, adam olardan túrli ájayıp kúshleri menen hiyle tawıp qutılıp ketiwi- bular adamlardıń tábiyat ústindegi ústemligin ornatıwdaǵı úmit qıyaları edi.

Ertekler tematikası hám mazmunınıń keńligi jaǵınan bay. Erteklerde hár qanday xalıqtıń qıyalınan tuwǵan jaqsı nárseler, kórkem súwretlew formalar bekkem orın alǵan.

Qaraqalpaq ertekleriniń bayıp, ósip rawajlanıwı tariyxında qońsılas tuwısqan xalıqlar menen qarım-qatnastıń az tásir jasamaǵanın kóriwge boladı. Ásirese qaraqalpaq ertekleri tuwısqan ózbek, qazaq, túrkmen ertekleri menen geypara jaǵdayda mazmun hám syujetlik jaqtan usas bolıp keledi.

Házirgi waqıtta xalıq awzınan jiynalıp baspadan shıqqan ózbek, túrkmen, qazaq, qırǵız, ósetin, tatar, rus hám basqa xalıqları ertekleriniń ishinde geypara syujetlik jaqtan qaraqalpaq ertekleri menen uqsasıp keletuǵın erteklerdiń bar ekenligin bayqawǵa boladı. Mısalı : «Túlki hám bódene» ertegi ósetin ertegi «Túlki menen bódene» ertegi menen «Eki dos» ertegi Persiya ertegi «Márt» ertegi menen; «Tún urısı menen kún urısı » ertegi túrk ertegi «Urı menen qaltaman» ertegi menen, «Músápir menen jalatay» ertegi ózbek ertegi «Ádil hám ádilsiz», awǵan ertegi «Márt hám námárt», gruzin ertegi «Eki aǵayinli jigit», armiyan ertegi «Eki joldas», tatar ertegi «Sarańmenen jomart» ertekleri menen mazmun hám syujetlik jaqtan kútá uqsas.

Ertekler arasındaǵı bunday uqsaslıq baylanıslardı hár bir xalıq sol kúyinde ózgerissiz qabıl etpesten, al ózlerinińm turmıs ózgesheliklerine baylanıslı tvorchestvolıq qayta islewleri menen milliy boyawlar berip paydalanıp otıradı.

Beyalev tárepinen jazıp alınǵan tórt ertek «Qırǵız ertekleri» degen at penen saqlanıwdı tur.

Qaraqalpaq erteklerin jıynawda Qaraqalpaqstanǵa miyneti sińgen ilim ǵayratkeri prof. N.A.Baskakovtıń etken miynetleri kútá ulgılı respublikanıń barlıq rayonlarında lingvistikalıq ekspeditsiyada bolıp, qaraqalpaq xalıq ertekleri menen legendaların jiynap, russha awdarması menen «Karakalpakskiy yazık» degen kitabında bastırıp shıǵaradı. N.A.Baskakovtıń bul miyneti qaraqalpaq folkloristika ilimi tarawında birinshi ret akademiyalıq baspa principinde shıqqan miynet dewge bolar edi.

Shımbaydaǵı pedtexnikumnıń studentleri: K.Baymuratov, R.Babanazarov, B.Ǵayıpov, Q.Tájimuraov; Tórtkúl muzıkalıq uchelishesiniń oqıwshısı Q.Palımbetov, Shoraxan awılxojalıq texnikumınıń studentleri: O.Aytmaǵanbetov, M.Nurmanov, B.Biydashov, sonday-aq shayır hám ádebiyatshılar: Q.Ayımbetov, O.Kojurov, S.Beknazarovlar, Shımbay hám Tórtkul rayonlarınıń territoriyalarınan 150 den aslam xalıq erteklerin jazıp aladı.

1945-50-jılları Q.Berdimuratov, jazıwshılar T.Seytmuratov, S.Beknazarov, Shımbay, Qońırat, Taxtakópir, Kegeyli, Qaraózek rayonlarınıń territoriyasınan 100 ge jaqın qaraqalpaq ańız ańgimeleri menen erteklerin jiynaydı.

Erteklerdi jıynawda ilimiy xızmetkerler: A.Karimov, T.Nietullaev, Ó.Erpolatov, Á.Alimov, A.Tóreevlerdiń islegen jumısları az emes. Olar Qońırat, Xojeli, Moynaq, Shımbay, Taxtakópir, Kegeyli rayonlarında bolǵan ekspeditsiya waqıtlarında 600 ge shamalas xalıq ertekleri menen legendaların jazıp aladı.

Qaraqalpaq folklor sektorınıń ashılıwı, awız ádebiyatı menen tikkeley shuǵıllanıp, jiynaw jumıslarınıń tez pát penen júrgiziliwine tiykar boldı. 20 jılǵa jaqın respublikanıń arqa hám túslik batıs rayonlarında bir neshe ret folklorlıq ekspeditsiyada bolıp, qatı qulaq adamlardan hám ertekshilerden bir neshe júzlegen ertek hám ańız áńǵilerin jiynadı. Házir institnttıń qol jazba fondında 2000 ǵa jaqın ertek jazıwları saqlanıwda.

Hayal-qızlardıń shańaraqtaǵı tutqan ornınıń ullılıǵın súwretleytuǵın ertekler qaraqalpaq erteleriniń ishinde az emes. Ertekte hayal-qızlar obrazı ózlerinińeń jaqsı qásiyetleri menen kózge túsedi. Olardıń geyparaları semyanıń baxıtlı bolıwında belgili bir figuranı iyelese, bazı birewleri adamda tárbiyalap shıǵarıwdıń sheber ustası boladı, al geypara hayal-qızlar semya aǵzasına tuwıp qalǵan baxıtsızlıqtıń qutqarıwshı, aqıl-parasatlı, tapqır adam obrazında súwretlenedi. «Altın baslı hayaldan, baqa baslı erkek artıq» dep hayallardı adam sanına almaytuǵın eziwshi klasslardıń ideologiyasın biykarlap, xalıq hayallardı ózlerinin eń qádirli joldası, ǵamxorshısı sanap, progressivlik ideyalardı ortaǵa qoyadı.

Xalıq óz dóretpelerinde hayal-qızlardı ózleriniń hadal perzenti ekenligin hár tárepleme dáliyllewden ájayıp gózzal shıǵarmaların payda etti. «Qırq qız» dástanında Gúlayım obrazı arqalı shıdamlılıqtıń, mártliktiń, batırlıqtıń eń jaqsı úlgilerin súwretlese, «Alpamıs» ta Gúlparshınnıń, «Qoblan» da Qurt qanıń obrazı arqalı er jigittiń jeńilletetuǵın qolqanat járdemshisi, al «Máspatsha» dástanındaǵı

Ayparsha hadal súyiwshiliktiń, turaqlı muhabbattıń, hújdanlı, aqıl-parasatlı, jawıngerlik jigerdiń de iyesi bolıp súwretlenedi.

Qaraqalpaq turmıs erteklerindegi hayal-qızlardıń obrazın jasaǵanda olardıń semyadaǵı tutqan ornına kóbirek kewil bólinedi. Olar semya qurıwda, jámiyettiń aǵzasın tárbiyalawda áhmiyetli orındı iyeleydi. Solay etip hayal-qızlar semyadaǵı teńi joq tárbiyashınıń eń joqarǵı úlgisi dep xalıqlıq kózqaras joqarı qoyıladı.

«Aqıl jastan, hasıl tastan» degen xalıq naqılı bar. Erteklerde tapqırlılıq, aqıllılıq jaslardıń obrazında jiyi kórinip otıradı. Onıń ústine xalıq danalıǵın geroyı jarlı kámbaǵallardan bolıp keledi. «Jarlınıń qızı» degen ertektegi bas geroinya otın satıp óz kúnin zorǵa korip otırǵan jarlınıń qızı. Jarlınıń qızı óziniń aqılı parasatlılıǵı menen ǵarrı patshadan qutılıp, óz teńine qosıladı.

Qaraqalpaq turmıs erteklerinde hayal-qızlar eski patriarxallıq-feodallıq dástúrlerdiń shirik batpaǵına batıp kelgenligi, mal ornına satılıp, jası jetpey turmısqa shıǵarılıw sıyaqlı eski tutımlardıń jaman aqibetleri sáwlelenip otıradı. Buǵan joqarıdaǵı ertektegi patshanıń jeti jasar jarlınıń qızına kóz salıp on tórtinde ayttırıwı dálil bolarlıq.

Xalıqtı karańǵılıqta sazıwar etken eski náletiy musılman dininiń sháriyatı «on jasta otaw iyesi» dep jas qızlardın moynına xojalıqtıń awır musallatın artıp keldi. Qaraqalpaq hayal-qızlarınıń ertedegi dástúrinen orın alıp kelgen musılman dininiń adam shıdamaslıq usınday jabayılıǵın tariyxıy maǵlıwmatlar da tastıyıqlaydı.

Elimiz ǵárezsiz mámleket sıpatında rawajlanıp baratırǵan bir waqıtta milliy qádiriyatlardıń jas áwlad tárbiyasındaǵı roli joqarı dárejede artıp barmaqta. Sol sebepli ádeplilik tárbiyanıń teoriyalıq tiykarı sıpatında adamlardıń ádeplilikke hám óz ara múnásibetlerge kóz qarası hám adamlar mádeniy-ruwxıy qıyapasına bolǵan múnásebetlerin izertlew búgingi kúnniń global máselelerinen birine aylanıp barmaqta.

Shaxs jetilisiwi haqqında, ulıwma tárbiyada xalıqtıń ótmishi ruwxıy miyrasınan paydalanıw máselesine Shıǵıs alım hám filosofları, shet el hám rus pedagogları ózleriniń dóretiwshilik táliymatlarında, ádebiy shıǵarmalarında ayrıqsha itibar bergen. Bul haqqında ózleriniń ájayıp pikirlerin bizge miyras etip qaldırǵan. Bul ilimiy ideyalar ásirler boyı turmıs sınawlarınan ótip, jáhánde insanparwarlıǵı menen ajıralıp turatuǵının Shıǵıs xalıqları pedagogikasınıń ólmes tiykarı bolıp qaldı.

Adamnıń ózi ádeplilik kelbetin basqa  adamlar menen bolǵan múnásebeti arqalı kórsetedi. Bul múnásebeti onıń keshirmelerine, ıqtiyajlarında, ámel qılatuǵın qádiriyatlarında, ádeplilik kóz-qaraslarında sáwlelenedi.

Insan ádebi, múnásebetleri, keshirmeleri, qızıǵıw hám umtılıwları jaqsılıq kategoriyaları menen ólshenedi. Adam hár qıylı jaǵdaylarǵa túsip qalıwı múmkin. Ayrım halatlarda kimgedur járdem qolın sozıw, onı awır jaǵıdaylardan qutılıwǵa kómeklesiw kerek boladı. Birew bunı óziniń ádeti, ádeptiń talabı bolǵanlıǵı ushın sanalı orınlaydı, basqa birew bunı túsinedi, biraq basqalarǵa járdem bermesem ne bolıptı degen pikirge baradı. Basqa birewler bolsa maqtaw, alǵıs esitiw ushın bul isti orınlaydı. Aqılı qálb hámirine muwapıq keliwshi jaqsılıq qılıw ádeti tek ǵana ádepli jetilisiw menen payda boladı. Biraq buǵan júdá jaslıqtan úyretiw, ádetlendirip barıw menen erisiledi.

Insanıylıq, watanparwarlıq, doslıq hám parız múnásebetleriniń qáliplesiwi ushın olar adam sapasında emocional tuyǵı formasında óz sáwleleniwin tabıwı kerek. Sonday-aq ádeplilik norma, baha, ádalat hám ádalatsızlıǵı haqqında túsinikler adam tárepinen áweli seziw jolı menen ózlestiriledi. Adamnıń ádeplilik sanasın kórsetiwshi parız, hújdan, juwapkershilik, jaqsılıq etiw, qádir-qımbat hám sol sıyaqlılar insan ishki keshirimlerinde óz sáwleleniwin tabadı hám adamnıń basqa  adamlarǵa, óz-ózine bolǵan múnásebetlerinde kórinedi.

Baslawısh klass oqıwshılarında ádeplilik sezim-tuyǵıları hám olar haqqındaǵı túsiniklerdi qáliplestiriwde xalıq awızeki dóretpesi, atap aytqanda, qaraqalpaq xalıq ertekleri tiykarǵı qurallardan biri bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaq xalıq ertekleri balalarda úlkenlerdi húrmet etiw, adamlar aldındaǵı parızın ańlaw qaǵıydaların qáliplestiredi. Erteklerde berilgen mazmun, ideya hám ádeplilik motivi kishkene oqıwshı ushın túsinikli bolıp, olarda mádeniy turmıs hádiyseleri adamlar múnásebetiniń túrli tárepi menen baylanısqan halda ashıp beriledi. Ertekler balalar sanasında jaqsılıq hám jamanlıq haqqında tásirlerdi qáliplestiredi. Ertekte qatnasıp atırǵan qaharmanlardıń qulqı, múnásebetleri, jaqsı hám jaman is háreketleriniń motivlerin ashıp beredi.

Bala ertektegi qaharmanlardıń ornına ózlerin qoyıp kóredi hám ózi ushın málim bir sawallarǵa juwap aladı. Ertek qaharmanlarınıń táshwishine sherik boladı, olar menen birge ǵam shegedi hám shadlanadı. Sebebi, ertek syujeti bala tárepinen real waqıya sıpatında qabıl etiledi. Sol sebepli ertek ideyası, onıń qaharmanları is-háreketleri balalarǵa táshwishli tásir etedi.

Ertekler arqalı balalarda hadallıq hám tuwrılıq, jaqsılıq hám jamanlıq, dosqa opa, sadıqlıq, mehir-aqıbet, pidayılıq, dos aldındaǵı parızdı, ańlaw sıyaqlı pikirler qáliplesedi. Bala ádalat hám ádalatsızlıqtı parıqlawdı úyrenedi. Ertekler balanıń dúńyaqarasınıń, iymanınıń rawajlanıwına tiykar saladı. Sonıń ushın baslawısh klasslarda ótilip atırǵan hár bir sabaqtı ertekler tiykarında, olarǵa baylanǵan halda ótiwge erisiwge háreket etiw kerek.

Joqarıdaǵı pikirlerden kelip shıǵıp, baslawısh klass oqıwshılarında ádeplilik pazıyletlerin qáliplestiriwde tómendegilerdi esapqa alıw maqsetke muwapıq boladı

-balalarda erteklerdegi obrazlardı bir-birinen parıqlay biliw, jaqsılıq, sadıqlıq, birge islesiw, mehribanlıq, hújdanlılıq, parızǵa sadıqlıq pazıyletleri haqqındaǵı kónlikpelerdi qáliplestiriw.

-oqıwshılardıń ádeplilik is-háreketlerin bahalawǵa úyretiw.

Xalıq awızeki dóretpeleri bala tárbiyasın shólkemlestiriwde bahalı ǵáziyne sıpatında xızmet etetuǵın bahası joq xalıq pedagogikası úlgileri bolıp tabıladı. Xalıq awızeki shıǵarmaları jaslardı ruwxıylıqqa hám ádep-ikramlılıqqa tárbiyalaytuǵın eń áhmiEtli qural esaplanadı. Sol sebepli rus xalqınıń ullı jazıwshısı M.Gorkiy xalıq awızeki dóretiwshisine úlken baha berip onı tawsılmaytuǵın bir bulaq, xalıqtıń kóz-qarası, dúńyanı qabıllawı adamlarda jaqsı hám jek kóriw sezimlerin payda etiwge umtıldıratuǵın hám isendiretuǵın qural dep kórsetken edi. Haqıyqatında da xalıqtıń awızeki dóretpesin bilmey turıp onıń mádeniyatın, ádebiyatın, tariyxın bilmeyseń. Xalıq awızeki dóretpeleri jas óspirimlerge túsinikli hám qonımlı bolıp, balalar onı tez ózlestirip, úyrenip hám túsinip aladı. Sebebi olarda xalıqtıń ármanları, úmit hám tilekleri, turmıs hám tirishiligi ápiwayı qızıqlı etip súwretlenedi. Olarda súwretlengen waqıyalar menen hádiyseler kúndelik turmısta da jiyi ushrasadı.

Qaraqalpaq awızeki dóretpesi óziniń ádebiy dóretiwshiligi nızamlılıǵı menen ajıralatuǵın kórkem ádebiyat penen bir qansha ulıwmalılıqqa iye.

Kadrlardı tayarlawdıń milliy baǵdarlamasında baslawısh klass oqıwshılarınıń oqıw kitaplarında xalıq awızeki dóretpesin úyreniwge ayrıqsha orın ajıratılǵan.

Máselen, ertekler, jumbaqlar, naqıl-maqallar, jańılt-pashlar oqıp úyrenip túsiniwi arqalı balalardıń ózin qorshaǵan ortalıǵın tereń túsine biliwinde hám oy órisin rawajlandırıwında salmaqlı orın tutadı, balanıń intellektual dárejesin kóterip, qıyalın rawajlandıradı. Insnǵa, tábiyatqa degen muxabbat haq niEtli, keń sezimler menen suwǵarıladı. Usı dóretpelerdi úyreniw arqalı bala tuwǵan jerge bolǵan sezimin, watan ushın janın ayamaytuǵın perzent bolıw kerekligin bekkemleydi. Ertek qaharmanlarınıń is háreketinen jaqsılıq penen jamanlıq, álpayımlıq penen ashıq kewillilik, hiylekerlilik, ashkózlik, tuwrılıq hám ótirik haqıyqatlıqtı belgili bir túrleri menen tanısadı. Qaharmannıń unamlı táreplerin bala iyelep alıwǵa umtıladı.

Sonlıqtan bolsa kerek ilimpaz A.Izmailov xalıq awızeki dóretpesin shańaraq ómirin súwretlegen birinshi kitaplar qatarına kirgizedi.

Biz balalarǵa erteklerdi tek ǵana aytıp bermesten, onı oyın arqalı kórsetip, hár bir qaharmannıń is háreketine baha beriw arqalı olardıń oy órisin rawajlandıramız. Balalardıń sana sezimin rawajlandırıwǵa tásir jasaytuǵın xalıq awızeki dóretpesiniń bir túri naqıl-maqallar. Baslawısh klass oqıwshılarına naqıl-maqallardıń ápiwayı tárbiyalıq áhmiyetke iye túrlerinen mısallar keltiriledi. Kórnekli ilimpaz A.Izmailov naqıl-maqallardı xalıq pedagogikasınıń miniyatyuraları dep durıs ataǵan. Bunda xalıq óziniń kóp jıllıq jámiyetlik tariyxıy tájriybesin sáwlelendirgen. Naqıl maqallar xalıqtıń turmısın baqlawı tiykarında dórgen bolıp olarda tek ǵana áwlad tárbiyalanıp qoymaydı.

Olar atadan balaǵa, áwladtan áwladqa ótip dawam etip kelmekte. Hátteki olardaǵı ushırma sózler, qanatlı sózler ullı danıshpan adamlardıń da, shayırlarımızdıń da ruwxıy azıǵı, yosh deregi bolıp xızmet etedi. Onnan biz qaraqalpaq xalqınıń turmısın, úrp-ádetlerin, dástúrlerin, miynet súygishligin baslawısh klass oqıwshılarına úyretiw arqalı ruwxıylıqqa tárbiyalaymız.

Qaraqalpaq xalqında aqıllı adam sózin naqılsız sóylemeydi degen danalıq sóz bar. Xalqımız naqıl tildiń kórki sózdiń duzı dep onı joqarı bahalaǵan. Naqıl maqallardı xalqımız óziniń ustazı hám keńesgóyi, órnekli miyras, obrazlı durıs oy juwırtıw úlgisi dep esaplaǵan. Jumbaqlar balalardıń oyına say qosıp, sóylegende mádeniyatlılıqtıń belgilerin túsinip alıwda áhmiyetli orın tutadı hám jas óspirimlerdi, tapqırlıqqa, oyshılıqqa alıp keledi. Jumbaq xalıq kórkem dóretpeleriniń eń áyyemnen kiyatırǵan hám oǵada keń taralǵan túri. Jumbaq balanı shaqqan, durıs juwmaq shıǵarıwǵa ádetlendiredi.

Balalar jumbaqtı tez qabıl alıwı. Olardıń quwanıw, lazzetleniw sezimlerin oyatadı. Bala jumbaqtı aytıw, esitiw arqalı onı juwabın izlese, al jańılpashlar bolsa sózlerden tez aljaspay durıs ayta biliwge úyretedi.

## §2.2. Baslawısh klass oqıwshılarına naqıl-maqallardıń tálim-tárbiyalıq áhmiEti

Xalqımızdıń awızeki ádebiyatında áyyem zamanlardan berli ómir súrip kiyatırǵan naqıl menen maqallarda xalqımızdıń danıshpanlıq oyları, tapqır uǵımları hám kútá durıs aytatuǵın naqıl-násiyatları menen parasatları, tek jası kishi emes, al jası úlken adamlar ushın da berejaq aqılları biriktirilgen, kópshilik jaǵdayda ómirge durıs sheshimli juwmaqlar berilgen[1]. «Naqıllar dara adamnıń emes, jámáátlik pikirdi bildirip, túrli sıpatlardı social baylanıstı, jámiyetlik moral normalar hám shártlerdi jiynaqlap toplaydı. Naqıllar tolıq pikirdi mısal retinde bildirip, aqıl aytıw menen pitedi» [2]

N. Dáwqaraevtıń bergen anıqlaması qaraqalpaq naqıl-maqallarına bergen birinshi ilimiy anıqlama boldı. Sonıń menen birge ol qaraqalpaq naqıl-maqallarınıń ózine tán kórkem dúzilisin ashıwdı da alǵa qoydı. Ol birinshilerden bolıp feyil formalarınıń kóp isletiliwi, ásirese bayanlawısh buyrıq feyildiń 2-beti, bayanlawısh feyildiń 1-beti, bayanlawshı feyildiń belgisiz túrinen yamasa ataw gáp, bayanlawıshı belgisiz gáp jasalatuǵın formaların anıqlaydı. *Mısalı:*

1. Awızıń qanǵa tolsa da,
   Dushpanıńnıń aldında tókpe.
2. Aspannan ne túspeydi
   Jer neni kótermeydi.
3. Ashıw dushpan, aqıl dos t.b.

Naqıl-maqallar xalıqtıń ásirler boyı bay tájiriybesi tiykarında payda bolǵan, adam ómiri haqqında xalıq arasınan shıqqan sheberler tárepinen oǵada qısqa hám

---

[1] I.Qurbanbaev, Qaraqalpaq balalar ádebiyatı . Nókis 1992. 68-bet

[2] N.Dáwqaraev shıǵarmalarınıń tolıq jiynaǵı. 2-tom. «Qaraqalpaqstan» baspası. Nókis. 1933. 156-bet.

kórkem etip dóretilgen sheshimler. Naqıl-maqallardı adamlar ushın aqıl-násiyattıń kodeksi dep atasa bolar edi[3].

Ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde jas áwladtı ádep-ikramlılıqqa tárbiyalawda, áwladtan-áwladqa ótip kiyatırǵan úrp-ádet dástúrlerimizdi úyretiwde naqıl-maqallardıń tutatuǵın ornı ayırıqsha.

Naqıl-maqallar xalıqtıń ásirler boyı puxtalap, kir juqtırmay, atadan balaǵa, góneden-jańaǵa ótkerip saqlap kelgen hasıl ǵáziynesi. Naqıl-maqallar miynetti súyiw, awızbirshilik, doslıq haqqında úrp-ádet dástúrler, til hám sóz óneri haqqında tolıp atırǵan aqıl-násiyat sózleri qısqa, ıqsham túrde beriledi.

Ásirese, ádep-ikramlılıq, aqıl-násiyat xarakterindegi naqıl-maqallarda keleshek áwladqa tárbiya beriwge birge tayar túrde jetip kelgen sóz óneri. Bunday naqıl-maqallar ulıwma bilim beriw mekteplerinde oqıwshılarǵa tálim-tárbiya beriwde áhmiyetli ekenligin hár bir oqıtıwshı biliwi zárúr.

Ádeplilik penen kishipeyillilik xalqımızǵa  tán sanalılıqtıń bir túri. Bul haqqında sóz etkenimizde :

Bolayın deseń ádepli
Xosh qılıq penen ádetlen.
Dáwletiń taymas hárgizden
Ádet penen ziynetten.

Sıyaqlı hasıl sózlerine itibar bermey óte almaymız. Yamasa:

Óspeytuǵın bala
Ónbeytuǵın dawdı dawlaydı.

Ádep-ikramlılıq, aqıl-násiyat xarakterindegi naqıl-maqallardıń bala tárbiyasındaǵı roli:

Basqa xalıqlar sıyaqlı qaraqalpaq xalqında da bir-birine qarama-qarsı eki túrli minez-qulıq, ádep-ikramlılıq qaǵıydaları bolǵanlıǵı belgili. Hár adamda hár túrli

[3] Q.Maqsetov Qaraqalpaq xalqınıń kórkem awizeki , Bilim 1996. 152-bet.

minez-qulıq boladı. Minez-qulıqtıń rawajlanıwı hámme adamda birdey bola bermeydi, birewler aqıllı, álpayım, xosh qılıqlı bolsa, ekinshisi kerisinshe awırdıń ústi, jeńildiń astı menen júriwdi qáleytuǵınlar boladı. Qaraqalpaq naqıl-maqalları balanı jaqsılıqqa, tuwrılıqqa jetelewshi atalar sózi.

Jaqsı menen júrdim, jettim muratqa
Jaman menen júrdim, qaldım uyatqa.
Jaman jegenin aytar
Jaqsı bilgenin aytar.
Haq joldı tapta ayırılma
Hadallıq qalar máńgige.
Birewge etseń jamanlıq
Bolmaydı keyni amanlıq.

Ádebiyat pániniń basqa pánlerden ayırıqshalıqlarınıń biri mektep tálim-tárbiya oshaǵı bolsa, ádebiyat bolsa oshaqtaǵı tayar as. Sol tayar astan (bul jerdegi as xalıqtıń awızeki hám jazba dóretpeleri) qalayınsha oqıwshınıń «tamaǵın» talap etken dárejede toydırıw ádebiyat muǵalliminiń eń baslı minneti hám wazıypası esaplanadı[4]. Sol sıyaqlı naqıl-maqallarda da neshe jıllardan berli xalqımızdıń tárbiya oshaǵında qaynap, pisip jetilisken tayar túrindegi aslarınıń bir turi. Biziń aldımızda tek solardan qalay paydalanıp erteńgi orınbasarlarımızdı tayarlap jetilistirip qaldırıw sıyaqlı wazıypa qoyılǵan. Bul ushın xalqımızda «Jaman adam bolmaydı, jaman tárbiya boladı» degen danalıq sózge ámel qılıwımız kerek.

Adamnıń jaqsı sıpatlardı qabıllawı, kónligiwi, tálim-tárbiyaǵa, jasaǵan ortalıǵına qaray rawajlanadı. Xalıq naqıl-maqallarında hár bir adamnıń jeke basınıń tártipli bolıwı, hár bir nársege durıs túsinip, keleshegine qızıǵıwına baylanıslı, ómirdiń ózi mektep, hár kúngi ótken ómirden juwmaq shıǵarıp, minez-

[4] Ulıwma orta bilim beretuǵin mekteplerde naqil-maqallardiń tálim-tárbiyaliq áhmiyeti (metodikaliq qollanba) Nókis.2000. 5-bet.

qulqın qáliplestiriwine qosımsha kúsh boladı. «Aqıl boy menen ólshenbeydi» «pitken aqıl bolmasa, súrtken aqıl ne bolsın» h.t.b.

Sonıń menen qatar balanıń jaqsı sıpatlardı, qásiyetlerdi qabıllawı ápiwayı nárselerden baslanadı.

Bolar bala bes jasınan belgili
Bolar bala on bes jasta baspan der,
Bolmas bala otızında jaspan der.

Sıyaqlı naqıl-maqallar mektep balasınıń dúńyaǵa kóz-qarasına qorshaǵan ortalıqta óziniń ornın taba biliwine, keleshekte ózin tanıtıwǵa umtıldırıwshı naqıl-maqallardan esaplanadı.

Jaqsı sıpatlardı boyına sińirgen adamnıń dúńya tanıwı, estetikalıq sezimleri tereń hám hár tárepleme rawajlanadı. «Jaqsı qásiyetlerdi iyelew adamnıń kóp jasawına baylanıslı emes, jaqsılıqqa qushtarlıq, talapshańlıq-ziyreklikke baylanıslı»-deydi xalqımız.

Kóp jasaǵan bilmeydi
Kópti kórgen biledi.
Kórgen biler kóp óner.

Xalıq unatqan jaqsı qásiyetleriniń biri sóylew mádeniyatı. Sıpayıgershilik xalıq túsiniginde de az sóylep, kóp tıńlaw, yaǵnıy sózdi mánili, utımlı etip aytıw menen ólshenedi.

Kóp sóz kómir, az sóz altın.
Adamnıń parqın bilmeseń
Sóyletip kór sınap kór
Parqı sonda biliner
Sózine qarap baha ber.

Xalıq sózge zor máni berip, adamnıń parqın ayrıwda ólshew bas retinde paydalanǵan. óz oyın anıq hám qısqa beriwde óz aldına usıl hám talant, ótirik aytıw óristi tarıltıp, ómirdi qısqartadı. Onıń kesapatı ózi menen ketpey átirapındaǵılarǵa tiyedi. «ótirikshiniń ózi qaralı bolsa, úyi jaralı boladı» sonıń

ushın oqıwshılardı bunday jaman illetlerden asırap tuwrı jol beriwde naqıl-maqallardıń roli kútá ayırıqsha.

Aytsań sózdi durıs ayt
Sózine adam inanǵanday
Ótiriktiń ornına ras ayt
Esitken adam quwanǵanday.

Ózin basqalardan joqarı maqtanıw yamasa basqaǵa jaranıw ushın kózinshe maqtawda jaqsı qásiyet sıpatında qaralmaydı. «ózin-ózi maqtaǵan ógiz», «kózinshe maqtanǵansha, kóterip otqa sal» t.b. Sonday-aq unamsız qásiyetlerdiń biri sorawsız kiriw, juwapsız shıǵıw, berse ala beriw, kel dese bara beriw, ata-anaǵa, tuwısqan-tuwǵanlarǵa miyrimsizlik, amanatqa qıyanet etiw.

Táme qılma birewden
Jasayın deseń azapsız
Shaqırmay barǵan jerińnen
Qaytıwıń kerek juwapsız.
Beredi eken dep ala berme
Jaqsı kóredi eken dep bara berme.
Sorawsız kirgen ayıp
Sorawsız shıqqan ayıp.
Esik ashıq bolsa da sorap kir,-

Degen xalıq dástúrine sadıq bolıw hár adamnan qatań talap etiledi. Naqıl-maqallarda ata-ana, tuwısqanlar arasındaǵı qarım-qatnaslar adamnıń minez-qulqınıń qálıplesiwindegi tiykarǵı derekler retinde qaraladı. Jaqsı zat úlgili istiń kúshi úlken tárbiyalıq harakterge iye bolıp, durıs kóz-qaras payda etedi. Mısalı:

Ata dańqı menen ul ósedi
Ene dańqı menen qız ósedi.
Ata kórgen oq jonar
Ene kórgen ton pisher

## Miynet etiw, óner, bilim iyelew qábiletin rawajlandırıwda naqıl-maqallardıń áhmiyeti.

Xalqımız óziniń bala tárbiyasında paydalanıp kelgen naqıl-maqallarında adamnıń unamlı hám unamsız sıpatların belgilewde birinshi ret miynetke bolǵan kóz-qarastan izleydi. Miynetten qashıp tábiyat ǵáziynesine qol sozıp, jumıs izlewge eringenlerden jawızlıqqa jatatuǵın ne túrli jaman, zıyanlı háreketlerdi kóriwge boladı dep juwmaq shıǵaradı. Mısalı:

Jigitti erinshek basqanı
Biydáwlet penen doslasqanı.
Abaysız súrinedi, aqılsız erinedi.

Miynet etiw, miynetten qashpaw, miynetti ulıǵlaw insan sanasında bolıwı kerek bolǵan baslı dereklerdiń biri. Ata-babalarımız miynettiń ulıǵlıǵın joqarı kóterińkilik dárejede jırlaǵan. Sol sıyaqlı naqıl-maqallarda miynetti súyiw, miynetten qashpaw sıyaqlı ideyalardı jetilisip kiyatırǵan jas áwladtıń sanasına sińdiriw máselesine ayırıqsha kewil bólingen. Sebebi «miynetsiz ráhát joq», «miynet etpegenniń tamaǵı toymaydı, kiyimi jańarmaydı» Erinshektiń eki dosı bar, Biri uyqı, biri kúlki. Erinshek etigine súrinedi.

Miynetsiz jasaw, birewdiń moynına túsken júk. Biziń oqıwshılarımızda usınday júkke aylanıp qalıwdı boldırmaw ushın mekteplerimizde ádebiyat sabaqların kásip túri menen baylanıstırıp ótiw, naqıl-maqallar járdeminde olardıń miynetke súyispenshiligin arttırıw, kásip-ónerge baǵdarlaw jumısları jaqsı jolǵa qoyılǵan bolıwı kerek.

Jaqsı isleseń asıńdı jerseń,
Jaman isleseń basıńdı jerseń.
Shala-pula isleseń
Qısta jupını kiyinerseń
Waqtında qızıp isleseń

Qızıllap qırman úyerseń

Álbette bunday qılwalar hesh kimge de payda keltirmeydi. Sonlıqtan bular ádep-ikramlılıq qaǵıydalarına jat ádet retinde qaraladı. Naqıl-maqallarda jaqsını úlgi etip qansha kótermelese, turmısqa kereksiz nárselerdıń de zıyanın kórsetip beredi.

Jaramas ádet kóp bolar
Eń jamanı kúnshillik,
Bir zaman ráhát tabalmay,
ómiri óter jenshilip.

Sonday-aq, bilimli bolǵanlardıń barlıǵı mádeniyatlı bola bermeydi, mádeniyatlı bolǵanlardıń barlıǵı bilimli bola bermeydi. Bilim adamlardaǵı barlıq qábiletlerdiń hár tárepleme ráwajlanıwınıń kórinisi. Ol mudamı izleniwdi, úyreniwdi talap etetuǵın, úziliksiz rawajlanıwshı qubılıs. Ol tozbaydı da, tawsılmaydı da.

Júre berseń kóre bereseń,
Kóre berseń bile bereseń.

Bilimlendiriw mekemeleri aldındaǵı baslı wazıypa tárbiyalı, ádep-ikramlı, bilimli, ónerli, hár tárepleme jetik insandı jetilistirip shıǵarıw. Bilim hám óner jas tańlamaydı, hár bir jastı óner-bilimli etip tárbiyalaw xalqımızdıń dıqqat orayında bolap keledi. Sonıń ushında naqıl-maqallardıń úlken bir bólimi jas áwladlardı óner, biliw iyelewge shaqırıwǵa arnaladı.

Bilek súrindirmegendi
Bilim súrindiredi
Oqıberseń kóziń ashılar,
Jata berseń uyqı basar.
Ónerliniń ózegi talmas.
Oqıw-oy azıǵı, bilim-er azıǵı.

Naqıl-maqallardıń oqıw tárbiya islerinde, kúndelik turmısta kópshilik názerinen tısqarıda qalmaytuǵın kórkem sóz kúshi, jaslardıń boyına eń aǵla qásiEtlerdi sińdiriwdiń zárúrligi kórsetiliwi menen qatar oqıw tárbiya jumıslarınıń da zárúrligi kóp. Óytkeni hár túrli shańaraqta tárbiyalanǵan balanıń minez-qulıqı hár qıylı dárejede rawajlanadı. Sonlıqtan shańaraq penen mekteptiń birge islesiwi kerekligi jóninde de naqıl-maqallarda sóz etiledi.

Oqıw oyıńdı dúzeydi

Kópshilik boyıńdı dúzeydi.

**Watan, el-xalıqtı súyiw, awızbirshilik, doslıq haqqında naqıl-maqallar.**

Watandı, tuwǵan jerdi súyiw, ardaqlaw hár bir insannıń baslı wazıypalarınıń biri, yaǵnıy xalıq ushın janın pidá etiw, mártlik kórsetiw xalqımızǵa tán dástúrlerden esaplandı.

Watansız adam baxıtsız búlbil.

Jawǵa janıńdı berseńde,

Sırıńdı berme.

Dize búgip jaqsı jasaǵansha

Tik turıp ólgen artıq.

Qalıń jawda qalsań da, qanıńdı al.

Ózge jurtta sultan bolǵansha,

Óz elińniń ultanı bol.

Sıyaqlı janlı sózler jaslardıń Watanǵa, tuwılǵan jerge degen súyispenshiligin arttırıwda úlken xızmet atqaradı. Hár bir insan eli menen, xalqı menen, óz watanı menen adam.

Hár qasqaldaq óziniń batpaǵın maqtaydı.

Elge berseń asıńdı,

Eliń sıylar basıńdı.

İytke berseń asıńdı,

İytler tartar lashıńdı.

Mekteplerde naqıl-maqallar arqalı úyretetuǵın baslı belgilerdiń biri awızbirshilik máselesi. Ol xalıqtıń kóp ya az bolıwına emes, birlikli bolıwında

Birlik bar jerde tirilik bar.

Awzı alanıń isi shala.

Barmaq birikpese, sabaq ilinbeydi.

Altaw ala bolsa awızdaǵını aldıradı,

Tórtew túwel bolsa tóbedegini túsiredi.

San bar sapası joq, ası bar mazası joq.

Doslıq insaniyat ushın aǵla pazıylet.

Dossız ómir, qolsız dene.

Júz somıń bolǵansha, júz dostıń bolsın

Ol quwanǵanda quwanıshıńdı, muńayǵanda qapashılıǵıńdı bólisiwshi.

Dostıńnan ayrılǵanıń-bir dushpanıńnıń artqanı.

Dostıń mıń bolsa da az,

Dushpanıń bir bolsa da kóp.

Jaman menen joldas bolsań

Keyni urıs daw boladı.

Xalqımız tájiriybesinen tuwǵan danalıq sózlerdiń mazmunında is úlgi, minezi súykimli, naǵız keleshektiń adamı bolıp jetilisiwge tárbiyalaytuǵın bahalı sóz marjanlarımiz da óz qunın joǵaltpaǵan.

Altınnan zıyat ádet bar.

Hadal kásip az emes,

Iqtıyat bol haramnan.

Naqıl-maqallar arqalı jas áwladtı tárbiyalaw xalıq pedagogikasında baslı wazıypalardan bolıp kelgen. Naqıl-maqallardıń mazmunında balanı jónsiz jazalaw da, júdá asırıp maqtawda nátiyje bermeytuǵın dáliyllenedi.

Balanı maqtaw jetildirmeydi,

Tárbiyalap baqlaw jetildiredi.

Jas balanı taza saqla

Tárbiya ber urıp, soqpa.

Demek solay eken balaǵa tárbiya beretuǵın adamnıń, ózi tárbiyalanǵan bolıwı kerek. Biz xalqımız qaldırıp ketken biybaha miyraslarımızdan dáslep ózimiz úyrenip, mazmunın ańlawımız kerek.

Ásirese bal talap baslawısh klasslarda ana tilinen sabaq beriwshi muǵallimlerge kúshli qoyıladı. Sebebi, «aq qaǵazday» nárestelerge birinshi ilim-tárbiya beriwde olardıń tutatuǵın ornı ayırıqsha.

## III-BAP. BALAWISH KLASS OQIWSHILARIN ÁDEP-IKRAMLIQQA TÁRBIYALAWDA BAQSI-JIRAWLARDAN PAYDALANIW

### §3.1. Baslawısh klass oqıwshılarına baqsılar atqarǵan qosıqları arqalı ádep-ikramlıqqa tárbiyalaw

Qaraqalpaq xalqın ańlatıwshı, milliy namalarına, milliy usılına salıp atqarılatuǵın kóplegen tárbiyalıq áhmiyetke iye aqıl-násiyat qosıqlar, terme-tolǵawlar, dástanlarımız bar. Bul qosıqlar terme-tolǵawlardıń ayrim qatarları, xalqımızdıń naqıllar ornınada paydalanıp aytılıp kiyatır. Xalıqtı jaqsı turmısqa alıp

shıǵatuǵın, erlikke iskerlik penen mártlikke, doslıqqa shaqırıwshıda aqıl-násiyat qosıqlar.

Tálim tárbiyalıq áhmiyetine názer salsaq, qosıqlardıń ótmishten usı dáwirge namalari menen xalıq awzında saqlanıp kelinbekte. «Xalıqtı tárezi»-dep biykarǵa aytılmasa kerek. Tek ǵana paydalı, el iygiligine dúrıs juwap beretuǵın, insan sanasına irkinishsiz qásiyetliligi menen jetip baratuǵın paziyletli nárselerdi xalıq qabıl alıp hám udayı saqlaydı. Aqıl-násiyat qosıqlardıń jaslarımız tárbiyasına tereń tásir etedi. Bul násiyat sózlerdıń tiykarǵı orayı xalıq bolıp esaplanadı.

Bulay dewimniń sebebi naqılda-aqılda xalıq múlki desem aljaspaǵan bolarman. Xalıqtıń ótmishinen kelip shıqqan halda naqıl, aqıl sózler, násiyatlar payda boladı. Shayırlarımız xalıq danıshpanlıǵına súyengen halda qosıqlar dóretedi-dep oylayman. Násiyat qosıqlar jazıp, turmıstı súwretlegen, Elin maqtanısh etken, xalqımızdıń maqtanıshı Berdaq, Ájiniyaz, Kúnxoja, Ótesh h.t.b. kóplegen shayırları bar. Bul shayırlarımızdıń násiyat qosıqları qaraqalpaq xalıq namaları menen suwǵarılıp, xalqımız arasında baqsılar, jırawlar tárepinen aytılıp kiyatır.

Milliy muzikamızdıń qúdiretliligi sonda, shayır qosıqların nama menen xalıqtıń júregine tez eltip jetkeriwinde. eger namasız aytılsa yamasa oqılsa, onda da tıńlanıp xalıq ráhátlenedi, al nama sol shıǵarılǵan qosıqqa egizdıń sıńarınday bolıp jantasadı. Bul usılda shayırlar qosıqları uzaq saqlanıp hám tez taraladı. Tıńlawshılar ráhátlenip sózine hám namasına itibar berip tıńlaydı hám qandayda násiyat qosıqlardan úlgi aladı. Máselen Berdaq shayırdıń «Xalıq ushın» qosıǵında

Jigit bolsań, arislanday tuwılǵan,

Xizmet etkil udayına xalıq ushın,

Jigit bolsań arislanday tuwılǵan,

Hesh qashanda jumıs etpes ózi ushın

Jaqsı adamnıń ayaǵına bas urar,

Jamanlar darǵazap etip tas urar.

Márt jigitler xalıq isine taq turar,

Sonıńdaylar xızmet eter xalıq ushın -dep keltiredi. Bul jerde Berdaq shayır adamnıń maqseti haqqında sóz etedi, adam bilimli bolıp xalıqqa hadal xızmet etiw kerekligin násiyatlaydi. Bul qosıqtı házirgi dáwirimizde qaraqalpaq xalıq naması «Xoja bala» namasına salınıp baqsılarımız aytıp kiyatır.

Tiykarında Berdaq shayır bolıp ǵana qoymastan baqsı da bolǵanlıǵın tariyx ayqın aytıp bere aladı. Shayır qosıqların xalıq namalarına salıp ózi atqarǵanlıǵın hesh kimse biykarlay almaydı.

Berdaq shayırdıń násiyat qosıqlarınan «Jaqsıraq», «Balam», «Búlbıl», «Maǵan ber» hám batırlıqqa tárbiyalawshı «Amangedi», «Ernazar biy», «Aqmaq patsha» iri kólemli shıǵarmaları jaslarǵa sabaq bola aladı. Máselen «Jaqsıraq» qosıǵında

Jumıs isle tuwılǵan soń el ushın,

Janıńdı ayama elde Er ushın,

Kindikten qan tamǵan tuwǵan jer ushın,

Ólip ketkenińshe xızmet jaqsıraq-dep keltirgen.

Bul qosıǵında belgili bir kásıptı iyelep, Ana Watan, xalıq ushın xızmet etiw kerekligin násiyatlaydı, aqıl beredi. Xalıq arasında Qaraqalpaqtıń «Dárdıńnen» naması menen aytılıp kiyatır. Bul namada tıńlawshını eriksiz ózine tartadı, oylandıradı, aqıllandıradı.

Batırlıq dástanlar dep «Qoblan», « Alpamıs», «Edige», «Qırıq qız», h.t.b. dástanlardı aytamız. Bul dástannıń waqıyası, mazmunı xalıqtıń arzıw-ármanlarınan

tiklengen hám bunı xalıq tán alǵan. Bul dástanlar keleshek áwladlardı erjúrek, bilimli, ónerli, watanın súyiwshilikke tárbiyalawda úlken áhmiyetke iye.

Sebebi dástan mazmunında eldıń jawın qırıp yamasa dostıń qutqarıw jaǵdaylar sóz etiledi. Bul waqıyalardı jıraw óziniń jaǵımlı dawısı menen jırlap, xalıqtı sıltıdey tındıra alǵan hám xalıq súysine tıńlaǵan. Qaharmanlıq dástanlardıń xalıqqa tásirin bir ǵana mısaldan biliwge boladı. Máselen tuwılǵan balların dástandaǵı bas qaharmannıń atın úlken úmit penen qoyıwı.

Qaharmanlıq dástanda joqarıda aytıp ótkenimdey tiykarınan erlikke, batırlıqqa sharıqlaydı. Máselen «Edige» dástanın alıp qarayıq. Edige dástanında watan, tuwılǵan jerge súyıwshılik erlikler júrek tolǵanısları menen beriledi.

Mısalı.

Esiktıń aldı bay terek,
Ol ne bolar Xojamjan,
Esiktıń aldı shoq qamıs,
Bul ne bolar Xojamjan
Esiktıń aldı taq qamıs

Bul ne bolar Xojamjan-degen jumbaq sorawlarǵa Edigeni táriyplep juwap beriwleri.

Esiktıń aldı bay terek
Edige batır bolmasın
Esiktıń aldı shoq qamıs,
Attıń jalı bolmasın
Esiktıń aldı taq qamıs
At quyrıǵı bolmasın, dep keltirgen.

Bunda Edigeniń batırlıǵı, dushpanlarınıń sátem alıp qorqıwları sóz etilse,

Atam kúew bolǵan jer

Enem kelin bolǵan jer

Iyilıp sálem bergen jer

Sazandayın tiresip

Sap azamat ósken jer

Kindik qanım tamǵan jer

Kıtap alıp qolıma

Mektepke oynap barǵan jer

Sen ne boldıń mennen soń

Men ne boldım sennen soń degen qatarlarında joqarıda aytıp ótkenimizdey Watanǵa tuwılǵan jerge súyiwshilik júdá sheberlik penen jaǵımli namalarda súwretlengen. Bul tolǵawda adam balasi tuwılıp ósken jerinen ayrılsa jetim, al ósirgen azamatınan ayrılsa el jetim ekenligin ayqın kórsetedi.

Edige dástanında ata-ana ushın, perzent saǵınıshı, perzent ushın ata-ana qádiri adamnıń adamǵa qádir-qımbatı, jası úlken ulamalarǵa húrmet, dos qádiri jırlanadı.

Edige dástanın xalıq súyip tıńlawınıń sebebi dástanda batırlıq penen qosa xalıqtıń filosofiyası, arzıw árman oyları, úrp-ádeti, xalqımızdıń terme tolǵawları, naqıl-maqalları tolıq hám ıqshamlı paydalanılǵan xalıqlıq dástan.

Alpamıs dástanı da Edige dástanınday batırlıq yamasa qaharmanlıq dástan bolıp esaplanadı. Dástanda Alpamıstıń Qarajan menen ushırasıwı, alısıp, aytısıw hám jeńisi, kóp qıyınshılıqtı basınan keshirip maqsetine jetisiwi, tıńlawshıda sabırlılıq, batırlıq, ar-namıslı, tuwıp ósken jerin húrmetlep, elin uluǵlawǵa tereń oy

qaldıradı. Qaraqalpaq xalqınıń batırlıq haqqındaǵı qaysı dástanı bolsa da joqarıda keltirilip ótken sezimlerdi oyatıp, hám bekkemlestiredi dep tolıq isenim menen ayta alaman. Sebebi dástanlar xalıqtıń ǵáziynesi, milliy baylıǵı. Insannıń ósip-óniwi ómirdegi gá awır, gá tuńǵıyıq ushırasatuǵın qanday da táshwishke jeńilmeslikke, doslıqqa, eń baslı másele er azamatlılıq penen sabırlılıqqa sana sezimdi shaqıradı.

Hár bir xalıqtıń ruwxıy dúnyası, mádeniyatı, tili, etnografiyası, ádebiyatı, milliy muzikası bar. Qaraqalpaq awızeki profesional muzikasında baqsıshılıq tradisiyasınıń rawajlanıwı, onıń atqarıwshıları bolǵan baqsılardıń dóretiwshilik ómiriniń keńeyip olardıń  fantaziyasınıń kem-kemnen joqarı dárejege kóteriliwı nátijesinde sazlar payda bola basladi. Xalqımızdıń sazlar, qosıqlar, baqsılar tárepinen dástanlardı tıńlawshılarına tásirli Etip jetkeriw maqsetinde, dástandaǵı qaharmanlardıń obrazların, olardıń sulıwlıq kelbetin, qaharmanlıq islerin, olar mingen tulpar atlardıń júyrikligin, tábiyat kórnisiniń gózzalıqların súwretlewdegi sazlardı dóretiwdegi sheberliginıń ósiwı arqalı payda bolǵan dóretpeler bolıp Esaplanadı. Máselen: «Ilme Sultan» sazında ushırasatuǵın, hayal-qızlardıń miynet processinde  naǵısh oyıw keste tigiw, kiyiz basıw háreketleriniń súwretleniwi, sazlarındaǵı treller, forshlag, arqalı quslardıń sayraǵan dawısınıń beriliwi, «Qarajorǵa» namasındaǵı tulpardıń tuyaǵınıń taqırlılarınıń esitiliwi h.t.b. Barlıǵı sheber professional  sázendelerdıń qolında  sesleri yańlı jańlap esitiledi.

Olar hár bir atqarıwshınıń individuallıq dóretpesiniń, muzikalıq til baylıǵınıń ósiwine qolaylı jaǵday tuwdırıp otırǵan.

Baqsılardıń dástanlardı atqarıwdaǵı eń tiykarǵı muzikalıq quralı-duwtar. Sonlıqtan qaraqalpaqlar arasında duwtar sazları gúrewli orın ieleydi. Duwtar sazları bolsa, rawajlanǵan, tamamlanǵan forması, melodiyasınıń tolıqlıǵı hám kóp variantlıǵı jaǵınan qaraqalpaq awız eki professional muzikasında úlken orın ieleydi. Olardan: «Nama bası, Nar iydirgen, Mıń túmen, Ilme sultan, Suw serper,

Qara jorǵa, SHernazar, Tırnalar, El pázelendı, Jarǵanat, Ziywarxan, SHadlı, SHaǵala, Kózleriń, Boztorǵay, Aq ishik, Sayra duwtar, Muxalles, Nalish, Xoshim parwan, Dás nama, Sárbinaz, Gór qız, Muwsa sen yar, Torǵay qus hám taǵı basqa, birneshe sazları keń taralǵan. Mine usı sazlar ishinde keń taralıp, xalıq arasında massalıq harakterge iye bolǵan túri «Nama bası» baqsıshılıq kórkem-óneriniń «gimni» sıpatında júrtilip, baqsılar toy merekelerde óz konsertin, usı namadan baslaytuǵın bolǵan.

Sonlıqtan el arasında bul saz «bas nama» Maqamlar bası, sazlardıń aǵlası, dep te atalıp kelgen.

Biz xalqımızdıń ańız, ápsana, ráwiyat hám tariyxıy saz hám qosıqlarına názer taslasaq, bir qansha mádeniy miyraslarmızdıń saqlanıp qalǵanlıǵın kóremiz. Biziń maqsetimiz bul qosıq hám namalardıń tariyxin keleshek áwladtıń biliwin onı úyreniwi ushın qádem qoymaqshımız.

Bul xalıq qosıq hám namalari Respublikamızdıń joqarı hám orta arnawlı oqıw orınlarındaǵı muzika bóimleri, balalar muzika mekteplerinde oqıtıwshı, oqıwshılar hám kórkem-óner mádeniyatımız ushın ballarımızdıń hár tárepleme rawajlanıwında tálim-tárbiyalıq áhmiyetı júdá kúshli dep oylaymız.

Biz bul pitkeriw qánigelik jumısımızda da berilgen hár bir waqiya, jasladı tariyxi hám muzika arqalı esitkende, muzikalarına ıqlası artıp hár bir sazdı shertkende mazmunın túsiniwge alǵa ilgerlewdı dep oylaymiz.

## §3.2. Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlılıq jaqtan tárbiyalawda jırawlar arqalı tásir jasaw

Hár bir millettıń óziniń ruwxıy dúńyası, mádeniyatı bar, bul jatqan bir óz aldına ǵáziyne. Hár bir xalıqtıń tili, etnografiyası, arxitekturası, ádebiyatı, milliy muzikası, ayaq oyını, folklorı boladı. Ótken ásirler boyına xalqımızdıń tariyxında qáliplesken bayramlar-oraza, hayt qurbanhayt, Nawrız h.t.b, bayramlar jaramsız

din menen baylanısqan, ısırapshılıqqa aparatuǵın bayramlar dep ol waqıtlarları daǵazalandı hám insannıń ruwxiy dúńyasına erkinlik ákeletuǵın geypara ideologlar usınday túsindirdi. Biziń xalqımızdıń dástúrinde toy beriw úlken quwanısh belgisi bolıp qalmastan, adamlardıń barıs-kelisin bekkemleytuǵın haqiyqatlıq. Toy áyyem zamannan waqtı xoshlıq, oyın-kúlki, qurda jıraw-baqsılardı atqarıwı, gúres, at shabıs, ılaq oyınlar, qasharmanlar, jarıslar menen ótkeriletuǵın bolǵan hám oǵan úlken-kishi hámme qatnasqan, tamasha kórgen. Toy hámmege bir bolıw kerek, hámme toy qızıǵın birge kóriw kerek. Mádeniyat hám kórkem-ónerdıń túrlerinen jaslarmız tárbiya alıwda, sport oyınlarınan qumarlıqtı payda etetuǵın bul toydıń qur úlken áhmietke ie bolıp hámme birge tamashalaytuǵın ata-babalardıń toy dástúri házirgi kúnimizde de aktuallıǵın joytqan joq awıllarmızda dawam etip kelmekte. Bul úrp-ádet dástúrlerimiz xalıq mádeniyatınıń áyyem zamannan toylarda qurda jıraw-baqsı ayttırıw sonıń menen jırawdıń dástanǵa túsiwden aldın terme, tolǵaw, aqıl násiyatlardı tańǵa shekem atqarıw araqalı dástanlardı xalıq yadıy bilgen, jaslarmızdıń tárbiyalıq áhmiyetine úlken orın tutqan. Xalqımızdıń ruwxıy dúńyasınıń bir bólegi bul folklor dep bilemiz.

Qaraqalpaq jırawları arqalı atqarǵan namalardı baslawısh klass oqıwshılarına qosıq sabaq ótiw barısında qulaǵına sińdirlip barılsa, olardıń atqarǵan násiyatları, terme-tolǵawları, dástanlarınıń tásiri jaslarımızdı hár tárepleme tárbiya jaǵınan tásirin tiygizedi.

Qaraqalpaq jırawları arqalı atqarǵan namalardı biz toparlarǵa bólıp analiz qıldıq.

| | |
|---|---|
| **Birinshi topar** | Kirgen terme-tolǵawlar kóbinese xalıqtıń folklorlıq dóretpesine qurılıp, jırawlar dástanǵa túskende tamashagóylerdıń dıqqatın toplaw maqsetinde kirisiw retinde atqarılatuǵın namalar. Jırawlar bul terme tolǵawlardı bara-bara, dástanlardaǵı qaharmanlardıń ishki |

| | |
|---|---|
| | keshirmelerin bayanlaw, olardıń xarakterin ashıw, sulıwlıq kelbetin táripleytuǵın namalar maydanǵa keldi. Olardan Alpamıstaǵı «Gúlparshınnıń kelbeti», «Alpamıstıń Qarajan menen aytısı», «Gúlim» saqawdıń Qultay mene aytısındaǵı «Háwjar» namasında saqawdıń sóylew manerasınıń beriliwi. «Qoblandaǵı», «Ayǵa shap», «Qoblanıń Alshaǵır daw menen aytısı» t.b táriyplewshi namaları rawajlanıp bardı.<br>Jıraw namalarında hár bir atqarıwshınıń individual múmkinshiliklerine, atqarwshılıqtaǵı usıllarına qarap bir-birinen parıqlanadı. Máselen, Shamurat jırawdıń atqarǵan «Kishi ziban» naması Qıyas jırawdıń variantına pútkilley usamaydı. Shamurattıń atqarıwında ritmikalıq ózgerisler úlken rol oynap, shıǵarmanıń milliy koloritin kúsheytip otıradı. Qıyas jırawdıń variantında bolsa, dawıs diapazonınıń keńligi, jigerliligi, lapızı, menen kózge túsedi. |
| **Ekinshi topar** | Ayrım ataqlı jırawlardıń ıqlas penen kóp atqarǵanına, úles qosqanına yamasa ózleri dóretken bolǵanına baylanıslı olar jırawlardıń atı menen atalıp ketken namaları kiredi. Máselen, Aytuwar, «Shankót nama»yu «Nurabılla nama», «Paleke», «Dilim», «Dúsenbay», «Erman», «Turımbet», «Ábdir jıraw», «Bisenbay», «Ormanbet biydiń tolǵawı», «Ayımbet», «JiEn naması», «Erpolat naması», «Seypulla naması», «Irza naması», «Izimbet jolı», t.b. namalar. Bulardan Esemurat jırawdıń atqarıwındaǵı Biysenbay namasın alıp qarasaq onda instrumental bóleksheleri hár qaysısı ayrım bólek shıǵarmaday xarakterge iye bolıp, oǵan Esemurat tárepinen qosımsha usıllar qollanıp, ózinshe háwijler endirgenin kóremiz. «Biysebay naması» onıń basqa namalarına usamaydı. Onıń orginallıq milliy koloriti basım bolıp keledi. |

| | |
|---|---|
| **Úshinshi topar** | Kiretuǵın rawajlanǵan, kórkem súwretlewshiligi basım, tiykarǵı namalarǵa: «Jortıwlı», «Jeti asırım», «Sherbeyit», «Ullı ziban», «Kishi ziban», «Ziban», «Shalqayma», «Elpildek», «Tolqın», «Shınasqan», «Ayǵa shap», «Uzın bel», «Sıbay», «KemiEk», «Oqımıs», «Yaryar», «Zar-zar», «Jan-jan», «Ilǵal», «Qobızım», «Yabbar», «Jeti asırım», «El menen», t.b. namalar kiredi. Bularda xalıqtıń Otmishtegi basınan keshirgen awır turmısı, ata jurtınan ayrılıp basqa jurtqa qonıs basıwı jırlanadı. Usınday qayǵılı keyiplerge qurılǵan ayırım namalarǵa baylanıslı geypara ilimpazlar jıraw namaların pútkilley nadurıs pikir, kerisinshe ulıwma qaraqalpaq folklorlıq dóretpelerine pessimistlik qayǵılı háreketler jat bolıp, onda patriotlıq, grajdanlıq, el qorǵaw, súyispenshilik, jarqın keleshekke, baxıtlı turmısqa umtılıw keyipleri. «Kún shıǵar», «Tańatar», «Ter shıǵar», namalarında keń planda ashıp beriledi. Shamurat jırawdıń «Shalqayma», «Kelte tolǵaw», namalarında melodiyalıq ózgerisler hám regitativlik usıl úlken rol atqarıp, onda qaraqalpaq milliy muzıkasınıń originallıq qásiEti basım keledi. Ásirese, «Shınasqan» da namanıń qısqalıǵı sonshelli, ıqsham ǵana melodiyalıq aylanbalar mánili tákirarlanıp turadı. Bunan tısqarı jıraw namalarında házil-dálkek, oynaqı shadlı namalar da kóp gezlesedi. Máselen, Shamurat jırawdıń atqarǵan «Erman», «Háy yar» namaların alsaq, onda nama-vals tárizli tempada rawajlanıp, melodiyaǵa kóterińki, oynaqı tanec harakterinde keledi. Onıń instrumental bólimine shadlı nyuanslar, onaltılıq sesler qosılıp oyın xarakterin kúsheytip otıradı. |
| **Tórtinshi topar** | Jatatuǵın sazlar, ádette jeke ózi sol retinde kútá keń atqarıladı, olardıń sanı aytarlıqtay onsha kópte emes. Solardan bul toplamǵa tek |

| | |
|---|---|
| | úsh sóz-instrumentallıq piesa jiberiledi. Usıǵan baylanıslı ayta ketetuǵın nárse qobız sazları duwtar sazları siyaqlı keń kólemli, kóp bólimli, programmalı rawajlanǵan bolmay, olarda ádette tiykarǵı bir yáki eki tema alınıp, qayta-qayta tákirarlana beredi. Jumabay jırawdan jazıp alınǵan «Qobız tolǵawı», «Esemurat jırawdan jazıp alınǵan «Oqımıs», «Ilǵal», sazlarınıń rawajlanǵanlıǵı, metodikalıq temalardıń anıqlıǵı tutqan háreketsiz tempaları menen xarakterlenedi. Toplamǵa kirgizilgen usı jıraw namalarınıń ishinde Qıyas jırawdın «Jańla qobızım», «Kóz aydın», «Ayǵa shap», Shamurat jırawdıń «Ter shıǵar», «Maqtan ba», «At shabar», «Nama bası», «Shalqayma», Esemurat jırawdıń «KemiEk», «Dúysenbay», «Ilǵal», «Yar-yar», Jumabay jırawdıń «Ata dárkar jigitke», «Tolǵaw» t.b. namaları hár qaysısı jırawdıń atqarıw manerasınıń ózinshelik belgileri, milliy koloritınıń basımlıǵı, namanıń tolıqlıǵı jaǵınan ayrıqsha kózge túsedi. Bul namalarda jırawlardıń individuallıq stili, tákirarlanbaytuǵın ıqshamlılıq, muzıkanıń logikalılıǵı-bári birdey jámlesip tolıq kórkem mánilikti ańlatıp turadı. |

Tolǵawlar arqalı ballardı ádep-ikramlıqqa tárbiyalaw baslı tema bolıp esaplanadı. Jırawdıń tánhá ózine tiyisli bolǵan «Ne jaman» degen tolǵaw, onı shákirtleri arqalı ásirden ásirge ótip, biziń zamanımızǵa shekem kelip jetkenligin tanıstırıp otırıp. Bul tolǵaw házirgi waqıtta da xalqımızdıń eń súyip tıńlaytuǵın jırı ekenligin jetkerilip berilse oqıwshılardıń jırawǵa degen súyispenshiligi artıp baradı. Mısalı:

Bir degende ne jaman?
Bilimsiz ósken ul jaman,
Eki degende ne jaman?

Erkelep ósken ul jaman,
Úsh degende ne jaman?
Úshliksiz pishken ton jaman,
Tórt degende ne jaman?
Tórde otırǵan tóre biy,
Tóreligin buzsa sol jaman.
Besinshide ne jaman?
Bel mertlese sol jaman,
Altınshı ne jaman?
Atlan-atlan degende,
Atlanarǵa atı joq,
Jetilenshi ne jaman?
Jer tayanǵan sol jaman,
Segizinshi ne jaman?
Seksenge shıqqan babanıń,
Sergizdan bolǵanı jaman,
Toǵızinshi ne jaman?
Adilsiz sheshken daw jaman,
Onınshıdan ne jaman?
Nahaqtan janǵan sol jaman,
On birinshi ne jaman?
Qayta shapqan jaw jaman,
On ekinshi ne jaman?
Sergizdan bolıp shet jerde,
Elinen ayrılǵan jaman,
Kienerine zatı joq,
Eki kózi jaw tańlap,

Jollarda qalǵan sol jaman-degen jerlerin oqıwshılarǵa qoyıp berilse ballar birinen keyin birin tıńlap túsinip jetedi.

Sonıń menen birge házirgi rawajlanıw dáwirde ǵárezsizligimiz sharapatı menen el, xalıq ǵurǵınlesıp toyınıw, nátiyjesinde:

Toqshılıqlar ulǵayıp,

Birigip hámme oynadıq-

dep insanlardıń kewil keypine, tárbiyalanıp qáliplesip shıǵıwına jámietlik turmıstıń abadanshılıǵı úlken tásir etedi. Eldıń toqshılıǵı menen xalıqtıń bir-birewge múriwbeti óz-ara baylanıslı dep juwmaq jasaǵan.

Ul qızlı bolıw ushın adam ózin qudaydıń kórsetken jolı menen alıp júriwi kerek, jaman minez qulıqqa, pás peyillikke: ishi qaralıqqa túspewi lazım. Bunday jaǵdayda adam ullı bolsa da baxıtlılıqqa erise almaydı. Jaman peylinen: «ul bersede qudayım, tawıp júrmen kiyemdi» dep pushaymanǵa túsedi. Ásirese ul-qızdı qundaqlap, bólep ósiretuǵın besikti qásterlew kerek. Onı óz ómiriniń dawamshısı, balanıń jatatuǵın kiyeli uyası bolǵanlıǵı ushın húrmet etiw orınlı. Besiktıń ishinde balanıń ruwxı saqlanıp turadı. Onı ayaq astı qılıp xorlasań kesepatına ushraysań, besikke bóleytuǵın perzent kórmeyseń, kórseńde baxıtlı bolmaysań.

***Besik tewip jasımda,***

***Tawıp júrmen sazamdı***-dep ókinishke túseseń. Sol ushın balalar tárbiyalanıp ósetuǵın barlıq nárselerge izzet etip qaraw kerek. Bul ósip óniw ushın, keleshekte perzentli bolıw ushın jaqsı ırım dep esapladı. Jaqsı niyet, dástúrlerdi saqlap ul-qızlı bolıp quwanıshqa bóleniw ata-ana ushın tiykarǵı baylıq, dáwlet baxıt. Usı baxıttı qolda usılap turıw ushın olardı jaqsı tárbiyalaw kerek. Bul ushın ata-ana óz perzentin xor-zar qılmay ósiriwi tiyis dedi.

Ol shańaraq tárbiyası menen násillik máselesiniń óz-ara baylanısı bekkem ekenligin túsindi. Bala tárbiyasında semyalıq awhaldıń hám dástúrlerdıń ondaǵı

kórgen-bilgenleriniń tásiri saqlanatuǵının, semyadaǵı gedeyshilik, joqshılıq adamlardıń kórgenli, turmıslıq nárselerdi aqıl menen sheshetu□ın bolıp jetilisiwine bazıda kesent beretuǵının bayqadı.

***Ashtan toyǵan bayımas,***

***Qansha baxtı qonsa da,***

***Kátquda bolıp jarımas***-dep joqshılıqtan toyıńgan adamnıń geyde usı toyınshıwshılıqtı rawajlandırıp alıp kete almaytuǵının, sebebi izbe-iz burınnan kórip óspegenlikten geyde buǵan tájiriybesi jetpey qalatuǵınlıǵın, nátiyjede qansha ıǵbal jeńip tursada elge basshılıq etip onı biylep ketiw uqıbına erise almaytuǵının ayttı. Shańaraq tárbiyası ondaǵı kórgenlik jaslardıń qáliplesiwinde úlken qatnasıqa iE ekenligin bayanladı. Bala shańaraqta jaqsı tárbiyalanıwı ushın ol úydiń jaqsı turmısta, molshılıqta jasawı úlken áhmiyetke iye bolatuǵının inabatqa alıwdı eskertken.

Eger bala jetimlikte qalsa durıslı tárbiya alıwǵa erise almaydı hám zárúr tálim-tárbiyalıq kórip jetilispeydi .

Bala jaslayında jetim qalsa ómiri xorlıqta ótedi, jetimlik perzenttıń durıslı tárbiya alıp ósiwine kesent beretuǵın úlken baxıtsızlıq dedi hám jámiyetlik turmısta balalar táǵdirine ásirese jetim-qáwendersiz jaslarǵa járdem kórsetiw zárúrligin, olardıń sanalı tárbiyalanip shıǵıwına ayrıqsha dıqqat bóliw kerekligin mashqala etip qoydı. Jetimlik, jaslay turmıs azabın kóriw, tiyisli tárbiya almawshılıq jaslardıń ruwxıy hám jism jaǵınan durıs qáliplesiwine alıp keledi. Darday azamat bolatuǵın balalardıń qoylar baǵıp jasınan, sharǵa bolǵan boyları kórer kózge, esiter qulaqqa unamlı is emes. Ásirese, balalardıń isherge awqat tappay «Tamaǵı joq ashtan-ash úydegi ısılıq ishinde jatıwı ayanıshlı awhal ekenligin sóz etti». Eldegi urıs-qırǵın, basqınshılıq penen talap alıwlar aldı menen balalarǵa jaman tásir etetuǵının, urıs nátiyjesinde olar jetim-jesir qalatuǵının, durıslı tárbiya, oqıw-bilim ala almaytuǵının «jesir qatın, jetim uldıń wayranı

shıǵatuǵınlıǵın túsindirdi. Tınısh otırǵan eldi shawıp-tonap ketiwshilik ásirese balalardıń basına awır jaǵday túsiredi. Olardıń jas ómiri qıyınshılıqta, xorlıqta ótedi. Xan hám biyler, xalıq basshıları el táǵdirin oylamasa, olardıń awhalına ǵamxorlı kórsetpesi zaman kem-kem jamanlasadı.

***Nan taba almay adamzat,***

***Qapılǵan qara zamanda,***

***Iytten beter xor bolıp,***

Sergizdanlıqqa túsedi. Qudaydıń jaratqan bendesi, insandı xor etiw keshirilmes gúna. Bunı eldiń basshıları oylanıp kóriwi tiyis. Adamlardı tártipke, insapqa, xanlar menen biylerdi óz-ara túsinisip qońsılıqta tatıw jasawǵa shaqırıw kerek. Adamlar da bir-birine múriwbetli sıylasıqlı bolıwı lazım. Ashılıq, jawgershilik adamdı qıyın turmısqa giriptar etedi. Bunday jaǵdayda «Ne bir aqıl-danalar aqılınan sasadı». Biraq bul qıyınshılıqlarǵa qalay bolmasın aqıl-parasat, sabırlılıq penen pikir júrgiziw zárúr. Qanday is bolsa da bekkem erik, saldamlılıq kórsetiw orınlı. Qıyın –qıstaw kúnlerde «er jigit eken, márt eken» dep adamlar súyenetuǵın bolsın. Usınday azamatlar menen turmıs awırmanlıǵı jeńillesetuǵının bayanladı. Insandaǵı shıdamlılıq, sabır parasat erki bekkemlik sıyaqlı jaqsı páziyletler oǵan qáliplestirilgen tálim-tárbiyaǵa baylanıslılıǵın, tálim-tárbiya jaslardı turmıs qıyınshılıqlarına tózimli hám olardı sheshe alatuǵın etip qáliplestiriwi áhmiyetliligin kózde tuttı. Usı sebepli turmıs awırmanlıǵın aqılı, turaqlı minez-qulqı járdeminde jeńip, baxıtqa erisetuǵın jaslardı jaslıǵınan bekkem erikke, jigerli bolıwǵa tárbiyalaw kerekligin túsindirip:

***Ózińdi-óziń aldırma...***

***Jas janlarım márt bolıń***-degen qatarlar menen jaslardı eldi basqınshı dushpanlardan qorǵaytuǵın batır, patriot bolıwǵa tárbiyalaw zárúrligin ayrıqsha másele etip hám jaslardı ǵana emes, al hayal-qızlardı da bul ónerge úyretiw orınlı ekenligin túsindirdi.

Búlginshilikke ushrap atırǵanda hayallardıń hár biri elge pıdákerlik kórsetip, úsh-tórt dushpan adamdı urıp jıqqanın, eldi qorǵaw ushın háyal-qızlardı da tayar turıwǵa úyretiw lazımlıǵın bayanladı. Ásirese jaslarǵa Watandı qorǵawǵa uqıplılıqtı bala gezden qáliplestirip úyretiw paydalılıǵın, xalıq ishinde bul tárbiyalıq dástúrdıń jaqsı orın alǵanlıǵın úlgi etip:

***Qolı pátli jas ballar,***
***Iyni kelgen jerinde,***
***Ayanbay tarttı qılıshın-dedi.***

Olardıń toplaǵan dushpannan ózlerin hám xalıqtı saqlap qala alıwǵa jaqsı tárbiyalanǵanlıǵın, xalıqtıń óz perzentlerin áskeriy ónerge, eldi qorǵawǵa úyretiw dástúrlerin dawam ettirip keliwlerin ayrıqsha quwatlaǵan. Jıraw batır ul-qızlar járdeminde watandı basqınshı jawlardan qorǵap, tınıshlıqta ómir súriwdiń abzallıǵın ayta otırıp, paraxatshılıq súygish xalıqtıń tınısh jasap, abadanshılıǵın arttırıw ushın miynet etiwi kerekligin, ásirese jaslardı hadal miynet islewge tárbiyalaw lazımlıǵın másele etip qoydı. Jıraw miynettıń taza, kisi haqın aralastırmay isleniwin talap etti. Bul insannıń hadallıǵın kórsetetuǵın tiykarǵı belgi dep esapladı. Insan «kisi haqısın jemesten, birewge zorlıq etpesten mal tabıwı zárúr. Hár bir adam óz miynetiniń jemisin iyelewi tiyis hám tartınbastan «Haramnan jiyǵan joq edim, hadal edi tapqanım», dep ayta alatuǵın dárejede óziniń tazalıǵın, aybınbastan bayanlawı shárt ekenligin, xalıqtıń talabına say jaslardı usınday ruwxta tárbiyalaw zárúrligin ayttı.

Mańlay ter tógip hámme birlesip iri suw tarmaqların qazıp diyxanshılıq etiw hám mal sharwashılıǵın alıp barıw xalıqtıń turmısın gúllendiredi. Ásirese awqamlasıp islegen jumıslar óniminiń kóp bolıwına eristiredi dep tosqınshılıq jaǵdayǵa túskendegi xalıqtıń turmıs tájiriybelerin, olardıń málim bir orınǵa kóship barıp jaylasqannan sońǵı isleytuǵın xojalıq jumısların bayanlap:

Awıl boldıq xalıq boldıq,

Eshki aldıq sawınǵa,

Ketpen urdıń qawınǵa,

Usılay bolıp keshirdik-dep xalıqtıń ásirese jaslardıń ruzgershilikti jaqsartıw ushın dıqqat bóliwi áhmiyetli bolǵan tarawlarına aldı menen kirisiw kerekligin aytqan. Bul tirishilik tájiriybelerin aldaǵı waqıtta da zárúr bolıp qalıw ushın yadta tutıwın ńázerde uslaǵan.

Jıraw jámiettegi teńsizlikke, zulımlıqqa qarsı geyde ilajsızlıq, ǵáriplik minez-qulıq kórsetiw orınları da ushrasatuǵının aytqan. Bul ilajsızlıq jeke adamnıń dara is etiwiniń aqıbetinen ekenligin túsindirip:

Qolımnan meniń ne keler,

Zarım bar da zorım joq-dep bazı waqıtta ózindegi ázzilikke ókinishiligin, jábirleniwshiligin sezdirgen. Usı arqalı jalǵız háreket etip qolında kúshi bar, zulım adamnıń nahaq isin jáńe almaytuǵınlıǵın turmıstıń usınday teńsizliginen jaslardıń juwmaq shıǵarıwı, aqıbetinde awqamlasıwǵa umtılıwı kerekligin, birlesiw járdeminde ádilsizlik kúshlerge qarsı turıw, jeńiw múmkin ekenligin aytqan. Usı sebepli jıraw jaslardıń awızbirishilikke tárbiyalanıwına bárqulla dıqqat penen qaradı. Xalıqtıń óz awqamın, awız birishiligin buzbawı kerekligi, adamlardıń birlesip is etiwi turmıstaǵı iri islerdi júzege asıratuǵının, kóptıń aqılı xalıq ushın qayırlı islerdi jaratatuǵının:

***Bastı qosıp hámmemiz,***

***Beldi bekkem bayladıq,***

***Jaqsı oydı oyladıq-dedi***. Kópshilik birlesip, aqılǵa qosıp, hámmege maqul túsetuǵın durıs islerdiń jolın tabatuǵının yadında usılay otırıp, jaslardı awız-birishilikli, óz-ara dos bolıwǵa ádetlendiriw oǵada áhmiyetli dep bayanlaǵanların abaylaymız.

Jaslardı turmıstaǵı ushrasqan hár qıylı apatshılıqqa hám joqshılıqqa, posıp-kóshiwshilikke tózimli bolıwǵa úyretiwdi, ásiresi tamaq joq, ashılıqta qalǵanda

odan shıǵısıw ushın qanday iláj islewi kerekligin biliwi zárúrligin de bayanlaǵan. Bunı jaslar ómirinde paydaǵa asıp qaladı dep esaplap «Posqan el» poemada jawgershilikke ushrab posıp baratırǵan pútkil xalıqtıń, sonıń ishinde jas óspirim balalardıń turmısın bayanlaw arqalı iske asırǵan.

Qaraqalpaq xalqı erte zamanlardan baslap-aq óziniń kóp tarawlı bay muzıka iskusstvosına iye ekenligi kórsetiledi. Usı muzıka mádeniyatınıń rawajlanıwında saz áspabları úlken rol atqarıp keledi. Saz áspabları qaraqalpaq muzıka mádeniyatında Orta Aziya xalıqları iskusstvosı qatarında kóp ásirlik tariyxına iye. Oraylıq Aziya xalıqlarınıń tıǵız ekonomikalıq baylanısı, etnografiya, ádebiyat hám iskusstvosınıń, sonıń ishinde muzıkalıq saz áspabları jaqınlıǵı hám de túrkiy tilles bolıp mádeniyatınıń ulıwma bir baǵdarda rawajlanǵanlıǵı tariyxıy dereklerde ayqın kórinedi. Isskustvo menen ádebiyattıń jámiyetlik turmıstan alatuǵın ornı, onıń xalıq turmısı menen mudamı birge rawajlanıp keletuǵın, ol jámiyetlik turmıstaǵı ózgerislerge qaraǵanda kórkem-ónerde júdá anıq súwretleytuǵın shıǵarmalardıń saz áspablardıń roli úlken áhmiyetke iye.

Biz qaraqalpaq jırawshılıq kórkem-óner dóretiwshilik jolları hám atqarıwshılıq mektebiniń rawajlanıw tariyxı arqalı jaslardı tálim-tárbiya arqalı mánawiy azıqlandırıwdı áhmiyetli orın tutadı dep bilemiz, qaraqalpaqlarda jırawshılıq óneri kóp ásirlerden beri bar. Jırawlar júdá kóp bolǵan, biraq olardıń ómirleri xat júzine túspegenlikten kóbisi umıtılǵan. Olardıń birazınıń awızeki legendalarda ǵana atı ataladı, biz ótkendegi tariyxımızǵa bir názer taslasaq, házirgi ásirimizge shekem neshshe mıń jıllar burın-aq nebir-nebir ullı danıshpan, ataqlı áwliye adamlardıń ómir súrgenligin, eli-xalqı ushın, onıń azatlıǵı hám baxıtlı keleshegi ushın at salısqan márt, batır ullarınıń ótkenligin kóremiz. Olar tuwralı ádebiy, tariyxıy maǵlıwmatlar xalıq awızeki ráwayatlarında, shejirelerinde, ádebiy miyraslarda aytılıp, búgingi kúnimizge jetip kelgen.

## JUWMAQ

Elimizdegi óndiristiń barlıq tarawlarında bolıp atırǵan ózgerisler, talas–tartıslar, hár qıylı pikirler mektep turmısında, sonıń ishinde jaslardı tárbiyalaw jumısında da óz tásirin tiygizbekte.

Házirgi waqıtta mektebimizdiń aldında jaslardı hár tárepleme rawajlandırıw wazıypası tur. Bul talaptı tabıslı iske asırıwda xalıq pedagogikasınıń tutqan ornı girewli. Biziń xalqımız óz ómirinde «úlgili ul, qırmızı qız» ósirgen xalıqpız. Xalqımızdıń óz aldına tarıyxı, mádeniyatı, úrp–ádeti, salt–sanası, qaytalanbaytuǵın milliy dástúri bar. Umıtılıp ketip baratırǵan, biraq tárbiya jumıslarında teńi–tayı joq qaraqlapaq xalıq milliy dástúrlerin biziń jas áwladımızdıń sanasına jetkeriw, mektepte tálim–tárbiya jumısların shólkemlestiriwde sheshiwshi orındı iyelew lazım, yaǵnıy qaraqalpaq xalıq pedagogikasınıń eń jaqsı milliy dástúri mektep turmısınan keń orın alıwı tiyis.

Qaysı xalıq bolmasın, ol óziniń áwladlarına óz boyındaǵı barlıq eń jaqsı qásiyetlerin tárbiya protsessleri arqalı jetkiziwge umtıladı, «Óz eliniń milliyligin, kózdiń qarashıǵınday saqlawdı jaslar bilimli, ónerli, mádeniyatlı er júrek adamzat bolıp jetisse eken dep árman etedi».

Jaslardı milliy dástúrler hám úrp – ádetler tiykarında tárbiyalawda, bunda xalqımızdıń miyrim shápáátliligi, keńpeyilligi, sózge berikligi tuwralı aytılıp, usı qásiyetlerdi balalardıń boyına sińdiriw, úlkendi sıylaw, kishkenelerge ǵamxorlıq, ádep–ikramlılıqtı joqarı kóteriw, qásterlew usaǵan úrp–ádet qaǵıydaların úyreniw kerek.

Álbette, hár bir xalıqtıń óz ruwxıyatı bar, demek ol milliy hádiyse kórinisine de iye. Elimiz ǵárezsizligi jılları milliy ruwxıyat mámleket áhmiyetindegi máselege aylandı. Jańalanıw hám ruwxıyat bir-birine sheńberles baylanıslı túsinikler bolıp qaldı.

Jámiyette joqarı ruwxıy pazıyletlerdi qáliplestiriw, jaslardı bay mádeniy, ruwxıy miyrasımız, tariyxıy dástúrlerimizge, ulıwma insanıy qádriyatlarǵa húrmet, watanǵa muhabbat jańalanıw ideyalarına sadıqlıq ruwxında tárbiyalaw búgingi kúnde respublikamızda ámelge asırılıp atırǵan barlıq reformalardıń sheshiwshi quralı esaplanadı.

«Jáne bir aktual wazıypa-ósip kiyatırǵan áwladqa, onıń ruwxıy tárbiyasına úlken juwapkershilik sezimi menen jantasıw máselesi. Aqırı jaslar xalıq ruwxıyatınıń hám ónimi, hám keleshegi,» -dep atap ótedi Ózbekistan Respublikasınıń birinshi Prezident İslam Karimov.

Jaslarımız sanasına ana-Watanǵa, ullı ájdadlarımız miyrasına hám xalqımızdıń búgingi misli kórinbegen arxitekturalıq islerine joqarı húrmet tuyǵıların sińdiriw, olardı ullı dástúrlerimizge, joqarı ruwxıy qádiriyatlarımızǵa sadıqlıq hám jarqın keleshek iyeleri ekenliklerine úlken isenim ruúxında tárbiyalaw júdá áhmiyetli hám quramalı másele bolıp qalmaqta.

Qaraqalpaq xalqın ańlatıwshı, milliy namalarına, milliy usılına salıp atqarılatu□ın kóplegen tárbiyalıq áhmiyetke iye aqıl-násiyat qosıqlar, terme-tol□awlar, dástanlarımız bar. Bul qosıqlar terme-tol□awlardıń ayırım qatarları, xalqımızdıń naqıllar ornına da paydalanıp aytılıp kiyatır. Xalıqtı jaqsı turmısqa alıp shı□atu□ın, Erlikke iskerlik penen mártlikke, doslıqqa shaqırıwshı da aqıl-násiyat qosıqlar.

Tálim tárbiyalıq áhmiyetine názer salsaq, qosıqlardıń ótmishten usı dáwirge namaları menen xalıq awzında saqlanıp kelinbekte. «Xalıqtı tárezi»-dep biykar□a aytılmasa kerek. Tek □ana paydalı, el iygiligine durıs juwap beretu□ın, insan sanasına irkinishsiz qásiyetliligi menen jetip baratu□ın pazıyletli nárselerdi xalıq qabıl alıp hám udayı saqlaydı. Aqıl-násiyat qosıqlardıń jaslarımız tárbiyasina tereń tásir etedi. Bul násiyat sózlerdiń tiykar□i orayı xalıq bolıp esaplanadı.

Bulay dewimniń sebebi naqıl da, aqıl da xalıq múlki desem aljaspa□an bolarman. Xalıqtıń ótmishinen kelip shıqqan halda naqıl, aqıl sózler, násiyatlar payda boladı. Shayırlarımız xalıq danishpanli□ina súyengen halda qosıqlar dóretedi-dep oylayman. Násiyat qosıqlar jazıp, turmıstı súwretlegen, elin maqtanish etken, xalqımızdıń maqtanishi Berdaq, Ájiniyaz, Kunxoja, Ótesh h.t.b. kóplegen shayirlari bar. Bul shayirlarimizdıń násiyat qosıqları qaraqalpaq xalıq namalari menen suw□arilip, xalqımız arasinda baqsilar, jirawlar tárepinen aytilip kiyatir.

Qaraqalpaq xalqı erte zamanlardan baslap-aq óziniń kóp tarawlı bay muzıka iskusstvosına iye ekenligi kórsetiledi. Usı muzıka mádeniyatınıń rawajlanıwında saz áspabları úlken rol atqarıp keledi. Saz áspabları qaraqalpaq muzıka mádeniyatında Orta Aziya xalıqları iskusstvosı qatarında kóp ásirlik tariyxına iye. Oraylıq Aziya xalıqlarınıń tıǵız ekonomikalıq baylanısı, etnografiya, ádebiyat hám iskusstvosınıń, sonıń ishinde muzıkalıq saz áspabları jaqınlıǵı hám de túrkiy tilles bolıp mádeniyatınıń ulıwma bir baǵdarda rawajlanǵanlıǵı tariyxıy dereklerde ayqın kórinedi. İsskustvo menen ádebiyattıń jámiyetlik turmıstan alatuǵın ornı,

onıń xalıq turmısı menen mudamı birge rawajlanıp keletuǵın, ol jámiyetlik turmıstaǵı ózgerislerge qaraǵanda kórkem-ónerde júdá anıq súwretleytuǵın shıǵarmalardıń saz áspablardıń roli úlken áhmiyetke iye.

Juwmaqlap aytqanda, baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıqqa tárbiyalawda xalıq awızeki dóretpeleriniń sabaq procesinde paydalanıw házirgi kúnde aktual mashqalardıń biri bolıp esaplanadı.

## Paydalanılǵan ádebiatlar

1.Aleuov U. Qaraqalpaqstanda tálim-tárbiyalıq oylardıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı.- Nókis: Bilim, 1993. – 503 b.

2.Aleuov U. Qaraqalpaq xalqınıń etnopedagogikası. – Nókis: Bilim, 1994. – 56 b.

3.Abdimuratov P. Qaraqalpaq xalqınıń destúrleri hám onıń jaslar tárbiyasnıdaǵı áhmiEti. – Nókis: Bilim, 1996. – 91 b.

4.Abdimuratov P.S. Karakalpakskie narodnıe traditsii v nravstvennom vospitanii starsheklassnikov: Avtoref. dis. ... kand.ped.nauk. – T.: 1998. – 22 s.

5.Axloq-odobga doir hadis namunalari. Toshkent.:Xalq merosi, 1990.

6.Álewov U., Ótebaev T. Qaraqalpaqstanda pedagogika ilminiń qáliplesiwi hám rawajlanıwı.- T.: Fan va texnologiyalar, 2007. – 128 b.

7. Bozorova M.Q. Kichik yoshdagi maktab óquvchilarida dóstlik, órtoqlik hissini tarbiyalashda xalq ańanalaridan foydalanish (ózbek xalq ertaklari asosida). Pedagogika fanlari nomzodi ilmiy darajasini olish uchun yozilgan dissertatsiya. Toshkent.:1994, 172-bet.

8.Bazarbaev J., Q.Dáwletova. «Ádeptanıw». Nókis, 1992 j.

9.Bekimbetova A.A. Qoraqalpoq xalq pedagogikasida yoshlarga aqliy tarbiya berish ańanalari: Ped.fan.nom. Dis. …-T.: -2010. -154 b.

10.Saparbaev T. Nravstvennoe vospitanie mladshix shkolnikov sredstvami ustnogo narodnogo tvorchestva: Avtoref. dis. ... kand.ped.nauk. – T.: 1998. – 18 s.

11.Seytmuratov Q. Seyfulǵabit Majidovning márifiy-jadidchilik faoliyati va tálim-tarbiyaviy qarashlari: Ped.fan.nom. dis…. Avtoref. – T.: 2006. – 21 b.

12.Safo Ochil. Mustaqillik mánaviyati va tarbiya asoslari. Toshkent: O`qituvchi, 1997.

13.Nurjanova R. Boshlanǵich tálim mazmunini prognostika qilishning pedagogik omillari: Ped.fan.nom. dis. …Avtoref. – T.: 2006. – 23 b.

14.Hamroev Sh. Boshlanǵich sinflarda axloqiy tarbiyaga doir adabiy kechalar wtkazish. (Wqituvchilar uchun metodik qwllanma). Qarshi, “Nasaf” nashriyoti, 1999.

15. Hamroev Sh. Maktablarda ertaliklarni tashkil etish va wtkazish. “Xalq tálimi” jurnali, 2000, 3-son, 101-103-betlar.

16. Hasanboeva O. Tabriyaviy ishlarni tashkil qilish metodikasi. O`RIO`MM. Toshkent, 1996.

17.Mirálimov Sh. «Jaqsı dástúr–tárbiyalaw quralı». «Sovet Qaraqapaqstan» gazetası, 1989-jıl, 22-mart, №56.

18.Mahkamov U. Axloq-odob saboqlari. Toshkent.:Fan, 1994.

19. Mahmudxwja Behbudiy. Tanlangan asarlar. Toshkent.:Mánaviyat, 1997.

20. Musurmonova O. Adabiyot va axloqiy tarbiya. Metodik qóllanma. Toshkent.: O`qituvchi, 1988.

21.Karimov İ.A.. «Ózbekstannıń óziniń jańalanıw hám rawajlanıw jolı». Nókis, 1993 j.

22.Kuchkarov D.J. Vospitanie uchashixsya 4-7- klassov v duxe kommunisticheskogo gumanizma v protsesse izucheniya uzbekskoy literaturi (na materiale proizvedeniy Velikoy Otechestvennoy voyne). Dissertatsiya na soiskanie uchenoy stepeni kandidata pedagogicheskix nauk. Tashkent, 1985.

23.Kaliev.S .Xaliq pedagogikasiniń awizeki a’debiyatindag’i ko’rinisi. Almati.1987.

24.Shılmanov. «Milliy oyınlarımızdı umıtpayıq». «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetası, 1991 jıl, 10 avgust, № 53 sanı .

25.Izimbetov . Da’stu’rler, u’rp-a’detler turmisi. No’kis, 1975.

26.Obidov M. Odob-axloq-mánaviyat bulоǵi. Toshkent.: Fan, 1991.

27.«Qaraqlapaqstan folklorı». IV–tom. «Qaraqalpaqstan baspası». Nókis-1978.

28«Qaraqlapaqstan folklorı». V–tom. «Qaraqalpaqstan baspası». Nókis-1980.

29.Tilegenov A. Xalq dostonlari vositasida wsmirlarni mánaviy-axloqiy qadriyatlar ruhida tarbiyalash (“Alpomish” dostoni misolida): Ped.fan.nom. Dis. … – T.: 1997. – 140 b.

30.To’requlov.N .Naqil so’zlerdiń ta’rbielik ma’ni. Almati.1971

31.Romanova S. Qoraqalpoq milliy musiqiy ańanalari asosida bwlajak musiqa wqituvchilarini mánaviy tarbiyalashning pedagogik asoslari: Ped.fan.nom. dis…. Avtoref. – T.: 2005. – 19 b.

32.Xujaeva.L. Ta’rbiya ishida proggresiv ananalardan faydalanish.Toshkent ,1977

33.Utebaev T. Qoraqalpoǵistonda XX asr ikkinchi yarmi-XXI asr boshida tálim-tarbiyaviy fikrlarning rivojlanishi. Bilim.Nókis.-2015 168 b.

**5A111701 - «Tálim hám tárbiya teoriyası hám metodikası» (Baslawısh tálim) qánigeliginin` 2-kurs magistrantı Maksetova Aygul Quatovnanıń «Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlılıqqa tárbiyalawda xalıq awızeki dóretpeleriniń tutqan ornı» temasında magistr akademiyalıq dárejesin alıw ushın jaz□an magistrlik dissertatsiyasına ilimiy basshı p.i.d. T.Utebaevtıń bergen**

**P İ K İ R Í**

«Tálim hám tárbiya teoriyası hám metodikası» (Baslawısh tálim) qánigeliginiń magistrantı Maksetova Aygul Quatovnanıń «Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlılıqqa tárbiyalawda xalıq awızeki dóretpeleriniń tutqan ornı» temasında magistr akademiyalıq dárejesin alıw ushın jaz□an jumısı házirgi zaman talaplarına say hám tolıq juwap beredi, sebebi Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıqqa tárbiyalawda xalıq awızeki dóretpelerin úyreniwde jańa pedagogikalıq texnologiyalar arqalı úzliksiz tálim sistemasında paydalanıwdan ibarat.

XXI ásirdiń dáslepki jıllarına-aq azat hám abat watan, erkin ha`m tınısh turmıs qurıw — Ózbekstan xalqınıń milliy rawajlanıw jolında□ı bas ideyasına aylandı. Tiykar□ı maqset jurtımız tınıshlı□ı, watanımızdıń gúlleniwi hám xalqımızdıń abadanlı□ın támiyinlewge xızmet etiw, jámiyet a□zaların xalıqtıń barlıq qatlamların Ózbekstannıń jarqın keleshegin jaratıw□a ba□darlaw, milleti, tili hám dinine qaramastan mámleketimizdiń hár puqarasınıń qálbinde □árezsizlik ideyalarına sadıqlıq hám óz ara húrmet sezimin payda etiwden ibarat.

**Dissertatsiya temasınıń aktuallı□ı hám zárúrligi:** Hár qanday milliy dástúr kóp ǵana tariyxıy dáwirler tiykarında qáliplesip, belgili bir xalıqtıń salt-dástúrlerin payda etedi. Dástúr hár xalıqtıń sana-sezimleri hám mádeniyatı menen baylanıslı bolǵanı ushın da bir xalıq penen ekinshi xalıqqa ádewir uqsas, al, geyde pútkilley bir-birine usamaytuǵın ózgesheliklerdi payda etedi. Qaraqalpaqstanda qaraqalpaqlar menen bir qatarda ózbek, qazaq hám turkmenlerdiń aralas jaylasıwına baylanıslı bir-birine uqsap ketetuǵın dástúrler de kóp ushırasadı. Degen menen, xalıqtıń atı - xalıq, hár eldiń ózine tán dástúrleri boladı.

Qaraqalpaqlardıń hátte basqa tuwısqan xalıqlarda da ushıraspaytuǵın ayırım dástúrleri bar. Demek, hár qanday dástúrde de hár bir xalıqtıń milliy ózgeshelikleriniń negizin quraydı.

**Izertlewdiń ilimiy hám ámeliy áhmiyeti:** Izertlewdiń ilimiyligi baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawda xalıq awızeki dóretpelerin bilıw arqalı baslawısh klasslarda ótiletu□ın pánlerdiń mazmunın bayıtıwǵa xızmet qıladı.

Izertlewdiń ámeliy áhmiyeti sonda izertlewdiń materialları hám nátiyjeleri tiykarında baslawısh klasslarda ótiletu□ın pánlerdiń mazmunın bayıtıw menen birge jaslardı márt hám watansúyiwshilik ruwxında tárbiyalawǵa járdem beredi.

**Mashqalanı úyreniw darejesi:** Qaraqalpaqstanda eń qádimgi zamanlardan baslap Orta aziya xalıqlarınıń SHı□ıs oyanıw dáwiri mádeniyatı, milliy qádiriyatları hám danıshpanlarımızdıń ilimiy miyrasları, tárbyalıq áhmiyeti sıyaqlı máselelerin belgili alımlarımızdan: J.Bazarbaev, Ó. Álewov, P.Shılmanov, T.Saparbaev, P.Abdimuratov, S.Qazaqbaev h.t.b alımlarımız tárepinen ilimiy jumıslar alip barıl□an.

**Izertlew obiekti:** Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıqqa tárbiyalawda xalıq awızeki dóretpeleriniń úyreniwde Nókis qalalıq xalıq bilimlendiriw mekemeleri xızmetin metodikalıq támiyinlew hám shólkemlestiriw bólimine qaraslı 8-sanlı, 12-sanlı, 47-qánigelistirilgen ulıwma orta bilim beriw mektepleri.

**Izertlew maqseti:** Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıqqa tárbiyalawda xalıq awızeki dóretpelerin úyreniwde jańa pedagogikalıq texnologiyalar arqalı úzliksiz tálim sistemasında paydalanıwdan ibarat.

**Izertlew wazıypaları:**

1.Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawda xalıq awızeki dóretpelerin oqıw protsessinde paydalanıwdı shólkemlestiriwı.

2. Baslawısh klass oqıwshıların milliy dástúrler, úrp-ádetler tiykarında ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalaw□a úyretiw.

3. Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawda xalıq erteklerinen paydalanıwdı jol□a qoyıw.

4. Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıqqa tárbiyalawda baqsı-jırawlardan paydalanıwdı usınıs beriw.

**Izertlew predmeti:** .Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawda xalıq awızeki dóretpelerin paydalanıwdıń mazmunı, forması, metodları.

**Izertlew usılları:** - Baqlaw, Sáwbet, Anketa.

Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawda xalıq awızeki dóretpelerin bilıw protsessleriniń rawajlanıw dárejesin anıqlaw metodları.

**Izertlewdiń jańalı□ı:**

1.Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawdıń pedagogikalıq tiykarı anıqlandı.

2. Baslawısh klass oqıwshıların ruwxıy hám ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawda xalıq ertekleriniń hám ńaqıl-maqalalardıń tásiri anıqlandı.

3. Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıqqa tárbiyalawda baqsı-jırawlardan arqalı paydalanıw didaktik shárt-sháráyatları islep shı□ıldı.

**Magistrlik dissertatsiya jumısınıń dúzilisi:**

Dissertatsiya- kirisiw, úsh bap, juwmaqlaw, ádebiyatlar dizimi. Ilimiy izertlew mazmunı – 82 bet jazba tekstte bayan etilgen.

Solay etip, Maksetova Aygul Quatovnanıń «Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlılıqqa tárbiyalawda xalıq awızeki dóretpeleriniń tutqan ornı» temasında magistr akademiyalıq dárejesin alıw ushın jaz□an jumisı talap dárejesinde jazilgan bolip keleshekte óz kásibiniń mamani bolip jetisedi dep úmit bildiremen.

**Ilimiy basshı:** **p.i.d.,dosent T.Utebaev**

**5A111701- «Tálim hám tárbiya teoriyası hám metodikası» (Baslawısh tálim) qánigeliginiń magistri Maksetova Aygul Kyatovnanıń «Baslawish klass oqiwshilarin ádep-ikramlılıqqa tárbiyalawda xalıq awizeki dóretpeleriniń tutqan orni» magistr akademiyalıq dárejesin alıw ushın jazılǵan dissertatsiyasina pedagogika ilimleriniń kandidati, dosent Asqar Tilegenovtiń bergen**

**P I K I R I**

Ózbekstan Respublikası óz □árezsizligine erisken waqtınan baslap tálim-tárbiya máselesine ayrıqsha itibar qaratıp kiyatır. Ásirese keleshek áwladimiz bol□an balalardı hár tárepleme jetilisken, ádep-ikramlı kámil insan etip tárbiyalap shı□arıwda tárbiyanı kompleksli tu`rde alıp barıwdı ámelge asırıwdı jol□a qoymaqta. T álim-tárbiya tarawında□ı reformalar tálim protsessinde jańa oqıtıw texnologiyalardıń engiziliwi - bulardıń barlı□ı keleshegimiz bol□an balalardıń sawatlı, ádep-ikramlı bolıp jetilisiwine óz tásirin tiygizbey qoymaydi.

Balalarda ádep-ikramlılıq qásiyetlerin qáliplestiriwde ulıwma bilim beriwshi baslawısh mekteplerde balalardı ádep-ikramlılıq tárbiya barısında hár qanday teoriyaliq bilimlerin ámeliyatta qollay biliwge, óz betinshelikke hám dóretiwshilik qábiletleriniń rawajlanıwına tu`rtki boladı.

Mektepte tárbiyanıń bas maqseti jas áwladtı ruwxıy jetilisken, ádep-ikramlı, xalqımızdıń milliy dástu`rlerine, ulıwmainsanıy qádiriyatlarına tiykarlan□an halda tárbiyalaw□a qaratıl□an shólkemlestiriwshilik, pedagogikalıq forma hám qurallardı islep shı□ıw□a hám ámelge asırıw□a qaratıl□an.

Dissertatsiyanıń izertleleniw maqseti sonnan ibarat Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıqqa tárbiyalawda xalıq awızeki dóretpelerin úyreniwde zamanagoy pedagogikalıq texnologiyalar arqalı úzliksiz tálim sistemasında paydalanıwdan ibarat. Sonday-aq, wazıypalari tómendegishe aship berilgen:

1.Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawda xalıq awızeki dóretpelerin oqıw protsessinde paydalanıwdı shólkemlestiriwı.

2. Baslawısh klass oqıwshıların milliy dástúrler, úrp-ádetler tiykarında ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalaw□a úyretiw.

3. Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawda xalıq erteklerinen paydalanıwdı jol□a qoyıw.

4. Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıqqa tárbiyalawda baqsı-jırawlardan paydalanıwdı usınıs beriw.

«Tálim hám tárbiya teoriyası hám metodikası» (Baslawısh tálim) qánigeliginiń magistri Maksetova Aygul Kyatovnanıń «Baslawish klass oqiwshilarin ádep-ikramlılıqqa tárbiyalawda xalıq awizeki dóretpeleriniń tutqan orni» Magistr akademiyalıq dárejesin alıw ushın jazılǵan dissertatsiyası kirisiw, I,II,III baplar hám juwmalaw bólimi,paydalanıl□an ádebiyatlardan ibarat.

Dissertatsiyanıń kirisiw bóliminde magistirlik dissertatsiyanıń aktuallı□ı, maqseti hám waziypaları, izertleniw obekti hám o□an qoyılgan talaplar kórsetilgen.

Dissertatsiyanıń I-babinda baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawdıń pedagogikaliq tiykarlari, baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawda  xalıq awız-eki dóretpelirin oqıw processinde paydalanıw jolları, baslawısh klass oqıwshıların milliy dástúrler, úrp-ádetler tiykarında ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalaw áhamiyeti aship berilgen.

Dissertatsiyanıń II-babinda Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawdaxaliq erteklериniń hám naqil maqallarinıń tásiri hám oniń áhmiyeti ashıp berilgen.

Dissertatsiyanıń III-babinda Baslawısh klass oqıwshılarına baqsılar atqargan qosıqları arqalı ádep-ikramlıqqa tárbiyalawda baqsı jirawlar arqali tásir jasaw jollari kórsetilgen.

A.Maksetovanıń «Baslawish klass oqiwshilarin ádep-ikramlılıqqa tárbiyalawda xalıq awizeki dóretpeleriniń tutqan orni» magistr akademiyalıq dárejesin alıw ushın jazılǵan dissertatsiya jumısı mazmunlı, kólemi ja□ınan keń jazılgan, barliq talaplarga juwap beredi.

**Pikir beriwshi ÓzPII KK filialı**

**direktorı p.i.k, dosent: A.Tilegenov**

**5A111701- «Tálim hám tárbiya teoriyası hám metodikası» (Baslawısh tálim) qánigeliginiń magistri Maksetova Aygul Kyatovnanıń «Baslawish klass oqiwshilarin ádep-ikramlılıqqa tárbiyalawda xalıq awizeki dóretpeleriniń tutqan orni» magistr akademiyalıq dárejesin alıw ushın jazılǵan dissertatsiyasina pedagogika ilimleriniń kandidati, dosent Ulbosin Seytjanovaniń bergen**

**P I K I R I**

Hár bir xalıqtıń ózine tán qáliplesken ádep–ikramlılıq normaları bolıp, ol barlıq minnetlerge tuwrı kele bermeydi. Hár bir milliy dástúrler hár qıylı soqpaqlar arqalı bir arnaǵa baǵdaralanadı. Ol adamgershilik, insanıylıq haqqındaǵı baǵdar.

Biz balalardı tárbiyalawda Qaraqlapaq xalıq milliy dástúrleriniń áhmiyeti oǵada ullı ekenligin bilemiz. Balalarǵa tárbiya jumısı protsessinde xalıq awızeki dóretpelerinen, oyın–zawıq qosıqları, xalıqtıń naqıl–maqalları, Besik jırları, jańıltpashları, ayrım dástanlardan úzindiler, salt–dástúrler jańıltpashlar, jumbaqlar, ertekler, aytıslar qollınıladı. Usıllardı úyretiw nátiyjesinde balalarda awızeki xalıq shıǵarmalarına qızıǵıwshılıq payda boladı. Sonday-aq, balalarda ádep-ikramlılıq qásiyetlerin qáliplestiriwde ulıwma bilim beriwshi baslawısh mekteplerde balalardı ádep-ikramlılıq tárbiya barısında hár qanday teoriyaliq bilimlerin ámeliyatta qollay biliwge, óz betinshelikke hám dóretiwshilik qábiletleriniń rawajlanıwına tu`rtki boladı.

Mektepte tárbiyanıń bas maqseti jas áwladtı ruwxıy jetilisken, ádep-ikramlı, xalqımızdıń milliy dástu`rlerine, ulıwmainsanıy qádiriyatlarına tiykarlan□an halda tárbiyalaw□a qaratıl□an shólkemlestiriwshilik, pedagogikalıq forma hám qurallardı islep shı□ıw□a hám ámelge asırıw□a qaratıl□an.

Dissertatsiyanıń izertleleniw maqseti sonnan ibarat Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıqqa tárbiyalawda xalıq awızeki dóretpelerin

úyreniwde zamanagoy pedagogikalıq texnologiyalar arqalı úzliksiz tálim sistemasında paydalanıwdan ibarat. Sonday-aq, wazıypalari tómendegishe ashіp berilgen:

1.Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawda xalıq awızeki dóretpelerin oqıw protsessinde paydalanıwdı shólkemlestiriwı.

2. Baslawısh klass oqıwshıların milliy dástúrler, úrp-ádetler tiykarında ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalaw□a úyretiw.

3. Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawda xalıq erteklerinen paydalanıwdı jol□a qoyıw.

4. Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıqqa tárbiyalawda baqsı-jırawlardan paydalanıwdı usınıs beriw.

«Tálim hám tárbiya teoriyası hám metodikası» (Baslawısh tálim) qánigeliginiń magistri Maksetova Aygul Kyatovnanıń «Baslawish klass oqiwshilarin ádep-ikramlılıqqa tárbiyalawda xalıq awizeki dóretpeleriniń tutqan orni» Magistr akademiyalıq dárejesin alıw ushın jazılǵan dissertatsiyası kirisiw, I,II,III baplar hám juwmalaw bólimi,paydalanıl□an ádebiyatlardan ibarat.

Dissertatsiyanıń kirisiw bóliminde magistirlik dissertatsiyanıń aktuallı□ı, maqseti hám waziypaları, izertleniw obekti hám o□an qoyılgan talaplar kórsetilgen.

Dissertatsiyanıń I-babinda baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawdıń pedagogikaliq tiykarlari, baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawda xalıq awız-eki dóretpelirin oqıw processinde paydalanıw jolları, baslawısh klass oqıwshıların milliy dástúrler, úrp-ádetler tiykarında ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalaw áhamiyeti ashіp berilgen.

Dissertatsiyanıń II-babinda Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq jaqtan tárbiyalawdaxaliq erteklериniń hám naqil maqallariniń tásiri hám oniń áhmiyeti ashıp berilgen.

Dissertatsiyanıń III-babinda Baslawısh klass oqıwshılarına baqsılar atqargan qosıqları arqalı ádep-ikramlıqqa tárbiyalawda baqsı jirawlar arqali tásir jasaw jollari kórsetilgen.

A.Maksetovanıń «Baslawish klass oqiwshilarin ádep-ikramlılıqqa tárbiyalawda xalıq awizeki dóretpeleriniń tutqan orni» magistr akademiyalıq dárejesin alıw ushın jazılǵan dissertatsiya jumısı mazmunlı, kólemi ja□ınan keń jazılgan, barliq talaplarga juwap beredi.

**Pikir beriwshi:** **Pedagogika ilimleriniń kandidati,**
**dosent U.Seytjanova**